

IX 9Siy

Poukisa Ou Dwe Kwè Labib?

Greg Gilbert

"Kounye a Kretyen dwen konnen plis, kouman pou defann la verite ki nan pawòl Bondye a nan mitan yon mond ki plen ak ostilite. Nan liv sa a ki pou Kretyen ak moun ki pa Kretyen tou, Gilbert plase sèt agiman konvenkan nan sipò konfyans Bib la- ki ekipe kwayan yo ak ak zouti enpòtan pou angaje yon mond enkredil."

Josh McDowell, ekriven e pastè.

"Liv premye kategori sa a bay yon gran kantite evidans nan sipò istwa Bib la. Li byen agimante, brèf, profon, trè lizib, e fasinan. Mwen pa sèlman rekòmande li, men mwen va chèche fè anpil zanmi kado li- moun ki kwè ak moun enkredil."

*William Taylor, Rektè, Bishopgate Sent Helen, London;
ekriven, Konprann tan yo ak sosyete*

"Anpil etidyan ke mwen contre, konnen ke yo dwe kwè Bib la, men yo pa konnen poukisa- e trè souvan yo pa konnen. Liv sa a abode kesyon sa a ak klète ak fasilité. Bon rechèch ak aksè ki ekri, sa a se va youn nan nouvo rechèch serye ak nouvo moun ki kwè. "

*J.D. Greear, Pastè an chef, Legliz Summit, Durham
Kawolin di nò, ekriven, Jezi, Kontinye... Poukisa Lespri a
Jezi Pi Bon Anndan Ou Ke Deyò Ou*

“Èske nou vrèman ka kwè Bib la? Se yon kesyon enpòtan ke nou dwe konsidere, espesyalman fas a enkredilite kilti nou. Greg Gilbert trete kesyon sa a dirèkteman, pandan lap bay repons ki klè e konvenkan ki va ede lektè a kwè totalman nan Ekriti a. *Poukisa ou dwe kwè Bib la?* Se yon gran resous pou ekipe Kretyen an pou ka defann Bib la ak pasyon, e tou li defye enkredil yo pou repanse sou pouzisyon yo. Mwen te jwenn anpil benefis lè m te fin li liv sa a.”

*Christian Wegert, Pastè an chèf,
Arche Gemeinde, Hamberg, Almay*

“ Liv sa a satisfè yon gran nesesite nan yon jou kote moun yo ap poze tout kalite lejitim kesyon sou Bib la ak konfyans li, menm anvan yo ouvè li pou fè yon gade. Liv Greg Gilbert ki rele: *Poukisa ou dwe kwè labib?* Reponn kesyon sa yo pandan lap egzamine yon seri difikilte ke moun mete devan pou yo pa fè yon gade nan gran liv sa a. Nan lang moun pale chak jou li moutre poukisa nou kapab kwè Ekriti a e fè atansyon sou sa li di sou lavi. ”

Darrell L. Bock, Direktè Egzekitif Angajman Kiltirèl, Sant Howard G. Hendricks, ak Rechèch Pwofesè an Chèf Etid Nouvo Testaman an, Seminè Teologik Dallas

"Greg Gilbert prepare yon saj, konvenkan gid diran yon enpòtan chemen pou kwè Bib la. Li moutre yon mèveye senp bon sans ki koud chemen li jis pou rive sou anpil agiman konplèks ki fè Ekriti a yon dokiman istorik. Pou moun sa yo kap envestige Bib la- ak sila yo ki renmen pataje li- liv sa a klere chemen an, non sèlman pou aklèsi panse yo sou ekriti a, men tou pou rankontre ak Kris resisite a. "

*Kathleen B. Nielson, Direktris Inisyativ Fanm yo,
Koalisyon Levanjil*

IX 9Siy

Poukisa Ou Dwe Kwè Labib?

Greg Gilbert

Poukisa Ou Dwe
Kwè Labib?

POUKISA OU DWE KWÈ LABIB?

Dwa rezève 2015 pa Gregory D. Gilbert

Pibliye pa Crossway / 1300 Ri Crescent Wheaton, Illinois 60187

Published in partnership with 9Marks:

525 A St. NE

Washington D.C. 20002

Tout dwa rezève. Okenn pati nan piblikasyon sa a dwe repwodwi, anmagazen nan yon sistè reki-perasyon, oubyen transmit sou okenn fòm ak okenn sinifikasyon, elektronik, mekanik, fotokopi, enrejistre, si se pa ak pèmisyon moun ki pibliye l la, sof jan lwa dwa rezève nan Etazini an di sa a.

Desen kouvèti: Matthew WAHL

Premye enpresyon 2015

Enpreme nan Etazini Damerik

Unless otherwise indicated, Scripture quotations are from the ESV® Bible (The Holy Bible, English Standard Version®), copyright © 2001 by Crossway, a publishing ministry of Good News Publishers. Used by permission. All rights reserved.

Scripture quotations marked NASIS are from The New American Standard Bible®.

Copyright The Lockman Foundation 1960, 1962, 1963, 1968, 1971, 1972, 1973, 1975, 1977, 1995. Used by permission.

Scripture references marked NIV are taken from The Holy Bible, New International Version®, NIV®. Copyright © 1973, 1978, 1984, 2011 by Biblica, Inc. - Used by permission. All rights reserved worldwide. Scripture references marked NRSV are from The New

Revised Standard Version. Copyright © 1989 by the Division of Christian Education of the National Council of the Churches of Christ in the U.S.A. Published by Thomas Nelson, Inc. Used by permission of the National Council of the Churches of Christ in the U.S.A.

Scripture quotations marked KJV are from the King James Version of the Bible.

All emphases in Scripture quotations have been added by the author.

Amazon ISBN: 978-1981673476

Library of Congress Cataloging-in-Publication Data

Gilbert, Greg, 1977-

Why trust the Bible? / Greg Gilbert.

pages cm.—(9Marks books)

Includes bibliographical references and index.

ISBN 978-143354346-3 (hc)

I. Bible—Evidences, authority, etc. I. Title.

BS480.G55 2015

220.1—ac23

2015007181

Crossway is a publishing ministry of Good News Publishers.

*Pou Manman m ak Papa m.
Se nou menm ki te premye anseye miwen ke Labib-
Ak Sovè a ke li moutre a-
Yo konfyab.*

Tab matyè a

1 — Piga ou kwè tout sa ou li	13
2 — Erè nan tradiksyon?	31
3 — Kopi kopi yo kopi kopi yo?	45
4 — Èske reyèlman se liv sa yo ke wap chèche?.....	65
5 — Men èske m ka kwè ou?.....	85
6 — Èske sa te pase?	111
7 — Pran li sou pawòl nonm ki resisite a.....	135
8 — Apendis	153

CHAPIT EN (1)

PIGA OU KWÈ TOUT SA OU LI

Piga ou kwè tout sa ou li. Tout moun konnen sa. Espesyalman nan tan entènèt, se sèlman yon moun ki pa pran konsèy ki kwè tout bon tout bagay li li. Soti sou jounal ak magazine rive sou sèvis “nouvèl yo”, youn nan teknik enpòtan ke nou ka aprann, se fè konnen diferans ant reyalite ak fiksyon, verite ak fabrikasyon. Nou pa vle twonpe nou, e nou *gen rezon* si nou pa vle sa.

Nan pwòp fanmi mwen, madam mwen ak mwen nap eseye trè di pou anseye pitit nou yo egzakteman sa- Teknik pou li ak tandé ak prekosyon, pou yo pa asepte tout bagay ke yo li oubyen yo tandé menm kote a, men pou yo teste li pou yo wè si li kwayab. Menm ak ti fi nou ki gen senk ane, nap travay pou anseye li pou rekonèt diferans ant bagay ki reyèl ak bagay ki “se sèlman istwa.” Li ap aprann anpil sou sa tou:

- George Washington se te premye presidan Etazini. "Sa reyèl Papi."
- Tonton Matt te jwenn yon lòt travay e li te al viv nan yon vil diferan. "Sa reyèl tou Papi."
- Batman te pouswiv Joker e li te mete l nan prizon. "Non, sa a se yon fiksyon."
- Elsa te konstwi yon fo ak glas ak pouvwa espesyal li genyen pou friz van. "Non, sa a se yon fiksyon ."
- Èske Superman te vole anlè? "Fiksyon ."
- Sa fè lontan, nan yon galaksi ki lwen, trè lwen...? "Fiksyon."

Men apre sa imajine ke mwen ba li yon tès. Yon nom ki rele Jezi te fèt a travè yon fi vyèj depi anviwon de mil ane, li de deklare tèt li Bondye, li te fè mirak tankou mache sou dlo e resisite moun mouri, li te krisifye sou yon kwa Women, apre sa li te leve soti nan mitan mò yo e li te moute nan syèl, kote la renye kounye a tankou Wa inivè.

Kouman li ta sipoze reponn kesyon sa a? "mmm, èske se reyèl?"

Si ou se yon Kretyen, enben mwen sèten ke ou va reponn byen fèm "Sa se reyèl". Men annou onèt. Plis moun ki intelijan nan kilti nou panse ke sa twò etranj pou sa ta ka vre. E si yo te gen chans, pwopableman yo tap souri jantiman epi yo ta mande,

“ Ok, men èske sa pa ta genyen plis sans èske sa pa ta ka yon ti jan *mwens ridikil*- Pou chak moun ki admèt istwa fantezi sa yo de Jezi, tout se sèlman fiksyon yo ye? Èske se pa yon foli pou ta panse ke tout istwa sa yo vle di pout a pran yo serye, pou pans eke se yon bagay *reyèk*? ..”

Nan eksperyans mwen genyen tankou Kretyen e pastè, se yon ankourajman pou mwen, pou janm wè Kretyen yo samble ke yo reyèlman kwè Bib la. Yo kwè li, yo asire lavi yo ladan li, yo eseye obeyi li. Lè Bib la di kèk bagay ki defye kwayans yo oubyen konpòtman yo, yo eseye soumèt devan li. An rezime, yo pèmèt Bib la fonksyonen tankou fondasyon lavi yo ak fwa yo. Pou tout sinal sa yo ki bay espwa, panse, eksperyans mwen yo tou, tout bagay sa yo di m ke gen yon gran kantite Kretyen ki pa ka eksplike poukisa yo kwè Bib la. Yo sèlman kwè.

Yo bay anpil rezon. Pafwa yo va di ke se Sentespri a ki konvenk yo pou kwè. Gen lòt ki va bay sijesyon ke pi bon evidans sou verite ki nan Bib la, sè ke li travay nan lavi yo ou dimwens li senpleman genyen bag verite a. Gen ladan yo ki va pale sou dat yo, sou jan yo fè dekovèt sou kèk pasaj nan Bib la. Gen lòt ki va sèlman leve men pou di, “Bon, ou sèlman dwe aksepte li pa la fwa.”

Kounye a, nan sans pa yo, tout pwen sa yo reprezante yon rezon lejitim pou Kretyen kwè Bib la, men, nenpòt sa nou ka di de repons sa yo, pa gen youn ladan yo ki ka rive tèlman lwen pou konvenk yon moun ki *poko* kwè Bib la, pou ka *koumanse* kwè li.

Okontrè, lè Kretyen yo reponn konsa devan defi kont Bib la ak yon repons, tankou, "Ou sèlman dwe asepte li pa la fwa" moun kap defye li a va plis konprann sa tankou tout dout li yo, e li va ale pandan li va deklare viktwa. *Oh, li panse, men nou la, ou pa gen okenn rezon vre pou kwè Bib la. Ou sèlman fè sa pa la fwa.*

Men si ou se yon Kretyen, kite m fè l dwat pou ou: Poukisa ou kwè Bib la? Kouman ou va eksplike yon moun ki pa kwè nan Bib la, rezon ke ou kwè oumenm? Nan final liv sa a, mwen espere ke ou va kapab bay yon repons a kesyon sa a, non sèlman youn ki va fè ou santi w byen pandan lòt monu nan fè silans, epi li asire ke li pat gen rezon, men se youn tou apre tout bagay ki va konvenk li, ke li bezwen panse sou sa yon ti kras plis. Apot Pyè te ekri nan 1Pyè 3:15 ke tankou Kretyen nou dwe "toujou prepare pou defann" esperans ki nan nou an. Nan jou nou yo, defans sa a dwe ale tou dwat sou premye kesyon an, paske anvan sa nou te menm gen kesyon tankou, *kilès Jezi ye?* Oubyen *kisa levanjil la ye?* Yon lòt kesyon anfas moun ki viwonnen nou, yon kesyon ke yo vle poze (si yo onèt) gen dout sou si nou ka reponn: Poukisa ou kwè Bib la nan premye plas?

TÔTI YO YOUN ANBA LÔT

Anvan nou ale pi lwen, kite m admèt yon bagay dwat devan, yon bagay ki petèt ka ba ou sipriz an fen. Mwen se yon Kretyen, mwen vann, konvenk, tout bagay ke manman ou te di ou pou konsève

tankou Kretyen. Mwen kwè ke Bib la se verite, mwen kwè ke lamè wouj la te fann de bò, mwen kwè ke miray Jeriko a te kraze e Jezi te mache sou dlo e li te geri kèk moun e li te chase demon nan kèk lòt. Mwen kwè ke Bondye te fè yon delij sou latè e li te sove Noye, mwen kwè ke yon gwo pwason te vale Jonas, e mwen kwè ke Jezi te fêt a travè yon vyèj. E anplis tout sa, Mwen kwè ke Jezi te mouri e li te leve sòti nan lamò- se pa sou fom espityèl ni yon metafò men nan kò li ak pou istwa ak reyalite. Mwen kwè tout bagay sa yo.

Sa se vre, mwen pa pretann itilize yon lòt sajès: Rezon prensipal ke mwen kwè Labib se verite se paske mwen kwè ke Jezi te leve soti nan lamò. Kounye a, si wi ou non ou dakò ak mwen sou rezireksyon, ou kapab wè poukisa ke si kwè sa, sa ka dirije m dirèkteman pou m kwè Bib la. Si Jezi te leve soti pami mò yo, enben sèl konklyzion entèlektyèlman onèt posib ke yon moun ka rive sè ke, li se reyèlman moun ke li de li ye a. Si Jezi te leve sòti anba tè nan fason ke Bib la di ke li te fè sa, enben vrèman vre li se Ptit Bondye a, Wa tout wa yo e Senyè tout senyè yo, Chemen an, Verite a, Lavi a, ak Sajès Bondye a, jan li te di a. E si *se* verite, enben sa gen sans (*se pa vre?*) ke probableman li konnen sa lap di, e poutèt sa nou dwe koute li.

Kounye a, yon bagay ki pi lwen pase tout dout rezonab sè ke Jezi te kwè Bib la. Lè li pale sou Ansyen Testaman an, pwen an trè senp; nan ansèyman li, Jezi andose e li fè li otantik tankou Pawòl Bondye. E menm bagay la pou Nouvo Testaman an, menm si li te ekri ane apre

Kiyès Jezi Ye?

jou li yo sou latè, Nouvo Testaman an depoze tout otorite nan Jezi, e premye Kretyen yo te konnen sa. Donk, toulè de pi enpòtan kritè ke yo te pran pou rekonèt otorite liv yo se te (1) ke youn nan apot Jezi yo de dwe otorize dokiman sa yo te e (2) e yo te dwe dakò ak chak bagay an patikilye sou pwòp ansèyman jezi a. Nou va pale plis sou sa pi devan, men pwen an trè klè. Menm kote ke ou deside ke Jezi reyèlman te leve soti nan lamò, verite a, ak otorite ki nan Bib la, va parèt, rapidman, natirèlman ak tout pouvwa.

Kounye a sa se yon ka trè kout e ki enpresyone, ke mwen konnen, men gade kesyon an: Kouman ou ka koumanse egzakteman? Nan lòt pawòl, kouman ou te rive sou pwen pou kwè ke Jezi reyèlman te leve soti nan lamò anvan tout bagay? Mwen vle di, ou pa ka sèlman di ke ou kwè nan rezireksyon paske Bib la di Jezi te leve soti nan lamò, e ou kwè ke jezi te resisite paske ou kwè Bib la, e ou kwè Bib la paske.... Probableman ou rive sou pwen an, pa vre? Tout bagay sa yo va vin jis yon esperans ridikil ki gen fòm yon won. Sa fè m sonje ti gason an ke pwofesè li te te mande li poukisa latè pa tonbe anba nan espas.

E ti gason an te di: "Paske li sou do yon gwo tòti".

E pwofesè a te mande li: "E poukisa tòti a pa tonbe?"

E ti gason an te ensiste: "Paske li te sou do yon lòt tòti."

E pwofesè a te reprann: "Poukisa tòti sa a pa tonbe?"

E ti gason an tap panse, e li te di: "bon, evidàman, paske gen tòti youn sou lòt jis anba."

Kounye a anvan nou ale pi lwen, nou ta dwe konfese sa yon fason oubyen yon lòt fason, tòti youn sou lòt sa yo, pou nou tout, nenpòt sa ou pran pou otorite final ou pou konesans. Donk kesyon sa a afekte tout moun, se pa Kretyen sèlman. Si ou mande yon rasyonalis poukisa li kwè nan rezon, li va di "paske li rezonab." Si ou mande yon lojisyen poukisa li kwè nan lojik, li va di "paske sa lojik." Si ou mande yon tradisyonalis poukisa li kwè tradisyon, li va di "Paske tout moun te toujou kwè tradisyon." Nan tout ka sa yo, nou kite espas pou mande plis toujou; Poukisa pa genyen an premye plas, yon vrè rezon, lojik, oubyen tradisyon? Kèk moun ka di ke rezon pi konfyab ke yon eksplikasyon espirityèl paske ou ka wè e ou ka touche evidans la pou sipòte plizyè reklamasyon. E menmsi agiman sa yo ta apiye sou kèk presonpsyon sou ke kalite evidans ki lejitim oubyen non- sa rezonab. Èske ou wè? Nan nenpòt fason, ou fini nan tòti youn sou lòt yo, pou yo chak. Se vre, mwen panse ke se yon fason pou Bondye fè nou sonje ke nou gen limit- ekri gabay ki pwofon nan lojik kisa sa vle di pou moun, se yon bagay inakseptab ke nou ka konnen tout bagay.

Nenpòt jan, sa pa vle di ke nou dwe abandone tout esperans pou konnen tout bagay. Menm si se vre ke kèk sans filozofik ak estimolojik ke nou tout genyen dwe rete sou yon panse ki gen fòm yon won, sa pa vle di ke nou pa ka rive sou kèk konklizyon konfidan sou nati reyalite a. Sètènman kèk filozòf jalou pafwa te leve men anlè epi te di, Bon, kisa sa ye? Mwen pans eke

nou pa konnen anyen!" Men kalite panse sa yo gen tandans pou lage ou nan yon prizon epistemologik (sa vle di, nou pa ka konnen anyen oubyen pèsonn) kote sèlman kèk moun jwenn envite oswa nesesè. Men anpil nan nou koumanse ak yon sen sipozisyon- pa egzanp, rezon rezonab, lojik gen lojik, sans nou yo konfyab, mond lan ak noumenm egziste e se pa sèlman "sèvèl nan kràn"-e apre sa nou fè pwosè sou pwopozisyon sa yo, pou ka rive sou yon konklizyon konfidan ki soti sou nou menm menm, de istwa, de mond la ki alantou nou, de tout sòt de bagay.

Men kenbe la. A la verite li nesesè pou nou sipoze yon bagay ki pa vle di ke nou ka presipoze tout sa nou vle. Pa egzanp, ou pa ka sèlman presipoze ke ou se presidan Etazini epi pou koumanse travay sou sa. Nonplis ou pa ka presipoze ke ou se yon bondye e ke tout bagay ou fè pou kwè se menm ka a. Nonplis ou pa ka presipoze ke denye dekrè pwoblèm nasyonal la se Pawòl Bodye a, e sa ba ou yon imaj egzat de reyalite a. Tout sa yo ta va yon seri presipozisyon ki san garanti, e moun ta va pase ou nan rizip poutèt ou kwè babay sa yo- e petèt yo ta va fèmen ou pou sa! Gade men kote bagay la ye: Plis pase yon ti kras moun ta va di sa se egzakteman sa Kretyen yo te fè ak Bib la. Nou pa gen okenn bon rezon absoli, tou senpleman yon presipozisyon ke Bib la se Pawòl Bondye, e tout sa li di sa te gentan verite, e Jezi sètènman te leve soti nan lamò.

Men kisa ki pase si lide fou sa a pa flagran an? Kisa ki pase si genyen yon fason pou rive sou yon bon konklizyon konfidan kote Jezi reyèlman te leve soti nan lamò san senp presipozisyon ke Labib se Pawòl Bondye? Si nou ta ka fè sa, enben nou ta kabab evite chaje nou ak lide ki pa gen garanti. Nou ta kapab di sa, menm anvan ke nou konkli ke Labib se Pawòl Bondye, nou te rive sou yon konklizyon konfidan ke Jezi sètènman te leve soti nan lamò, e lè nou baze nou sou konklizyon sa a, nou te swiv li pandan nou te asepte Bib la pou Pawòl Bondye. Jan de kwayans sa a ta diferan ke youn ki sèlman baze li sou yon "pa la fwa." Li pap sèlman defann kont objeksyon enkredil yo; men li ta defye enkredil yo nan kwayans yo. Sa ta rive tankou Pyè te ekri a, yon "rezon fòmidab pou esperans ki nan nou an" 1Pyè3:15.

KRETYÈNTE A TANKOU ISTWA

Kesyon an se, byen si, si genyen reyèlman yon fason pou fè sa. Pou kote la menm nan pèsekisyón an, Mwen kwè ke genyen, e mwen panse se nan fè istwa. Nan lòt mo, ann apwoche dokiman ki fè Nouvo Testaman an, non tankou Pawòl Bondye sinon senpleman yon dokiman istorik, e sou baz sa a, ann gade si nou ka rive sou yon konklizyon konfidan kote Jezi te leve soti nan lamò. Menm yon yon moun ki pa Kretyen pa va gen objesyon sou sa. Apre tout bagay, pou apwoche Nouvo Testaman an senpleman tankou yon koleksyon dokiman istorik, pa angaje yon pozisyon

espesyal, ni verite espesyal. Ann kite yo menm menm pale pou tèt yo nan "tribinal opinyon istorik yo," jan sa te ye a.

Anplis, pou apwoche Nouvo Testaman an tankou istwa pap va leve okenn objeksyon nan mitan Kretyen yo. Apre tout bagay, se pa tankou si yo ta va trete li tankou yon lòt bagay ke li paye. Menm dokiman Nouvo Testaman yo, yo menm menm prezante tèt yo tankou istwa; otè yo te gen entansyon fè yo istorik. Pran Lik, pa egzanp. Li te koumanse levanjil li a pandan li tap bay moun ki va li a yon objetif "Yon kont byen òdone" sou lavi ak ansèyman Jezi (Lik 1:3). Nenpòt jan ou tranche sa, e nenpòt lòt bagay ke ou panse ke Lik tap fè, li te pi sèten ke li tap ekri yon istwa. Byen si, metòd ke yo te itilize nan pou ekri istwa nan tan pase a diferan ak metòd ke nou itilize konye a, men lide bazikman se te menm bagay- otè yo tap ekri yon kantite evenman ke yo te kwè ki te pase reyèlman. Enben Lik ak lòt otè yo tap fè jan de travay sa a, siman, pa gen anyen ki mal pou ta kite liv li yo, ak lòt yo, plante e pale tankou jan yo te konprann ke tout te menm bagay.

Menm nan reliyion nan mond yo, Kretyènte li menm menm prezante tèt li tankou istwa. Se pa jis yon lis ansèyman oubyen yon gwoup filozofik oubyen mistik "verite" oudimwens, menm yon gwoup mit ak fab. Nan sans li, Kretyènte se yon reklamasyon ke yon bagay ekstraòdinè te pase nan tan an- yon bagay konkrè e reyèl e istorik.

YON CHENN ENTEGRITE

Men, menm si sa ta konsa vre, gen yon lòt kesyon pou poze sou pwen sa a, e nou nou va pran plis tan nan liv sa a pou reponn li: Èske dokiman Nouvo Testaman yo- e espesyalman, pou objektif nou, kat levanjil yo- reyèlman aseptab tankou temwayaj istorik? Sa vle di, èske nou ka konfye nan yo pou ban nou bon enfòmasyon endependan sou evenman lavi Jezi yo, espesyalman sa ki konsène rezireksyon li, tèlman pou nou ka di, "Wi, mwen trè sèten ke sa te pase vre"? Pou mwen, mwen kwè ke nou ka kwè dokiman Nouvo Testaman yo, men pou rive sou konklizyon sa a, sa ap mande yon bon travay, presizeman paske, tankou anpil dokiman istorik, nou ka poze anpil kesyon sou diferan pwen de entegrite yo.

Pou ka konprann sa m vle di pa la, panse sou sa konsa. Si wap li, ann di, Levanjil Matye a sou chak bagay patikilye nan lavi Jezi, ou ka jwenn o mwen twa moun diferan ki te mete men yo nan pati ke wap li a ki te afekte li nan kèk fason. Premyeman, e se sak pi evidan, ekriti original ke otè a te ekri a. dezyèm, o mwens yon moun, e plis toujou, te kopye original sa a e apre sa transmèt li, donk pou pale, a travè anpil ane yo pou rive nan men nou. Twazyèm, kèk moun (oubyen kèk komite) te tradwi kopi sa soti nan lang original li nan lang natif natal ou, konsa pou ka li li. Nan chak pa nan pwosè sa, anpil kesyon lou poze ki fè ou rive sèten ke ou ka kwè

reyèlman istwa ke wap li a ki pou bay yon reyalite ki fyab sou sa ki te pase a. Donk, tounen nan tan ke evenman an te pase a, e ou fini ak yon chenn ki ki genyen senk gwo kesyon:

1. Èske nou ka konfye ke tradiksyon Bib la soti sou lang original li pou rive nan lang pa nou vrèman moutre efè orijinal la, oubyen èske lap di bagay ke orijinal la pat janm di?
2. Èske nou ka konfye ke kopi a te tradwi nan orijinal la pou rive jwenn nou, oubyen yo te annik ajoute lòt pati, oubyen yo te tèlman chanje bagay yo ke nou pa rive konnen kisa ki te orijinal la?
3. Èske nou ka konfye ke nap gade nan bon liv yo e nou pat fè erè oubyen pèdi lòt liv ki diferan, men ki egalman konfyab e kwayab, sou pèspektiv jezi? Sa vle di, èske nou ka konfye ke nou gen rezon pou n gade nan liv sa yo ki opoze ak sila yo?
4. Èskén nou ka konfye ke otè orijinal yo te konfyab? Sa vle di, èske yo te konprann reyèlman pou ekri nou bagay yo ak fidelite, oubyen èske yo te genyen kèk lòt objektif- pa egzanp, pou ekri fiksyon oubyen pou twonpe?
5. E finalman, si nou ka konfye ke otè yo te vrèman konprann pou ekri bagay ki vre sou sa ki te pase yo, èske nou ka konfye ke sa yo de dekri a te pase vre? Nan yon mo, èske nou ka konfye ke sa yo te ekri a se verite? Oubyen èske gen kèk pi bon rezon pou fè nou panse ke yo tap komèt

erè?

Èske ou wè? Si nou ka reponn chak nan kesyon sa yo-tradiksyon? Transmisyon? liv sa yo? Konfyab? verite?- avèk yon tyèk ki fèm enben nou va genyen yon bon chenn entegrite ki soti nan noumenm menm sou evenman ke nap trete a. Nou va kapab di, ak tout konfyans, ke

1. Nou genyen bon tradiksyon maniskri biblik yo;
2. Maniskri sa yo se kopi fidèl de jan orijinal la te ekri;
3. Liv sa yo ke nap gade a se efektivman liv ki pi dwat ak pi bon pou gade;
4. Otè dokiman sa yo te vrèman konprann pou yo di nou ak fidelite sa ki te pase; e
5. Pa gen okenn bon rezon pou ta panse ke yo te fè erè nan sa yo te wè ak anjistre.

Nenpòt jan ou gade li, afimasyon sa yo va etabli yon bon fondasyon solid pou panse ke ke nou ka asepte Bib la tankou yon reyalite istorik. E si nou ka fè sa, apre sa nou ka konsidere istwa Bib la de rezireksyon Jezi e di, " Wi, mwen kwè vrèman ke sa te pase vre. Plis mwen kwè ke chak evenman nan istwa a te pase, mwen kwè ke Jezi te leve soti vivan nan lamò. "

KÈK PANSE ENPÒTAN

Kounye a, kite m di twa bagay ankò anvan nou koumanse

eseye bati ka istorik sa a. premyeman, mete nan tèt ou ke nou pap chèche bagay ke nou ta rele, *verite matematik*. Sètidid lojik sa a se posib nan matematik e pafwa nan syans, men li pa janm posib lè wap trete ak istwa. Ak okenn evenman istorik, kèk moun kèk kote va toujou kapab kontwole yon altènatif pou istwa ke yo asepte ki finalman genyen yon chans ki klè pou vin yon ka. Yon moun ka di: "Petèt Desalin pat vrèman mouri sou pon wouj," Petèt youn nan jeneral li yo te, te *abiye* menm jan ak li pou twonpe tout moun. Wi, wi, Mwen kwè ke pa gen okenn bon rezon pou panse bagay konsa, men li toujou gen yon *ti kras* posibilité, e avan tout bagay ou ka konfye ke Desalin te mouri sou pon wouj." Ok, men pou ka rele di byen fò, a monchè! Si objeksyon konsa te sifi pou fè nou pa konstwi fêm konviksyon sou istwa, nou pa ta janm gen konfyans nan okenn konesans sou pase.

Gran mèsi, panse, la a nou pap chèche verite matematik men pito *verite istorik*. Nou vle kapab di, pa tèlman, " se yon lojik matematik, sèten ke Desalin te mouri sou pon wouj," men tou " kèk moun te repòte ke Desalin te mouri sou pon wouj." Nou panse ke yo te gen entansyon pou repòte sa ki te pase a (oubyen pou twonpe oubyen mitoloji), e pa gen okenn bon rezon pou panse ke yo te fè erè nan repòtaj yo a. Avan tou, istorikman nou ka konfye ke Desalin te mouri sou pon wouj. "Se jan de verite sa a ke nap chèche nan istwa," e si ou ap mande plis, se kòmsi ou tap mande yon bagay nan istwa ki

pat rive.

Dezyèman, mete nan tèt ou ke *istwa konfyab* bay sifi baz pou . Nan anpil okazyon mwen kontre ak moun ki di ke yo pa pral pran aksyon nan okenn bagay ke yo ke yo pat fè eksperyans anvan. Si yo pat wè li oubyen gen eksperyans ak li, yo di, gen twòp dout pout a pran aksyon sou li nenpòt ki jan. Kounye a, sou premye rega a, pozisyon sa a sanble ak yon koulè repetabilite entèlektyèl; li sanble pridan e pensatif. Men fè yon ti gade li plis toujou, e ou ka reyalize ke pèsonn pa viv konsa, non reyèlman. Sa ki vre, sè ke nou gen konfyans nan- epi aji- bagay ke noumenm menm pa gen konesans dirèk oubyen eksperyans toutan.

Panse sou sa. Mwen pat la lè konstitisyon Etazini an te ratifye, men tankou Ameriken, mwen viv ak konfyans ke sa te pase vre, e mwen aji tou selon konftyans sa a. Mwen pa dekline pou vote paske mwen pa sèten matematikman ke reyèlman nap viv anba yon konstitisyon ameriken ki ratifye. Men yon lòt egzanp, menm tou pre lakay nou: Lè wap rive la, mwen pa genyen yon konesans dirèk ke paran mwen yo se vrèman paran mwen; pèsonèlman mwen pa sonje lè m te fèt, nou pat janm fè yon tès ADN, e sa te posib pou ke yo te komèt kèk erè nan ak de nesans mwen, e falsifye li! Bon, sa prèske enposib, men nan yon lòt men, tout evidans ke mwen te moutre yo moutre ke paran mwen yo se reyèlman paran mwen, e se konsa mwen viv e mwen aji toutan ak

konfidans ke yo se paran mwen.

Se jan de konfidans sa a ke istwa ka bay, e se jan konfidans sa a ke mwen swete nou ka jwenn pandan nap panse ansanm a travè paj yo ki nan liv sa a- yon konfidans istorik ki va pèmèt nou, menm oblige nou di, "Wi, mwen panse ke rezireksyon Jezi a te pase." Mwen pa genyen yon pi bon eksplikasyon pou verite yo. E kounye a mwen pral aji selon konfidans sa a."

Twazyèman, silvouplè mete nan lespri ou ke liv sa a pat ekri ak entansyon akademik. Liv sa a pa konsidere tout varyasyon posib yo nan chak agiman, e li pa bay chak egzanz posib oubyen kontegzanp. Pou rezon sa a, mwen swete ou pa va konpare li ak anpil ekselan liv ke Kretyen yo te ekri sou pasaj sa yo diran tan yo. Si ou mete liv sa a bò kote lòt yo, ou va wè ke li pa pwofon tankou yo- oubyen fò tankou yo. Objektif li se sèlman prezante yon vizyon de agiman ak konsiderasyon yo ki te konvenk mwen-ak anpil lòt moun tou pandan anpil ane-sou verite Bib la.

Yon lòt bagay ankò. Pandan map pran agiman pou nivo vizyon sa a, ou va wè ke mwen te enfoke mwen patikilyèman nan liv sa a sou Nouvo Testaman an- e nan Nouvo Testaman an, patikilyèman sou kat Levanjil yo. Sa vle di mwen pa pral trete chak pati nan tèks yo, transmisyon yo, epi kanon (sa vle di, lis liv sakre aksepte kòm otantik) leve diskisyon a rega Ansyen Testaman, e menm rega chak liv nan Nouvo Testaman. Men, èske liv sa a se sou tou Bib la? Se a. Mete nan lespri ou toujou ke nan eksplorasyon evidans pou

Nouvo Testaman yo, espesyalman Levanjil yo, ak senk tès anwo yo, sa va ban nou yon bon sans sou edisyon ak evidans istorik ki nan diskisyon yo ki nan tout lòt liv yo tou. E li pi enpòtan pou sonje, ke objektif final nou, se pou moutre ke Jezi te leve soti nan lamò se yon konfidans istorik. Si nou ka rive sou sa, enben nou ka rann nou kont ke se yon bon rezon pou nou kwè nan entegrite Ansyen Testaman an. Enben, kouman pou nou rive sou istorik konfidans ke Jezi te resisite? Pandan nap determine ke si Levanjil yo, an patikilyè, se temwanyaj istorik entèg. Sa a se objektif nou.

Donk yon lòt fwa, pandan lòt liv yo ede diskite sou detay nan chak minit sou tout kesyon ki nan entegrite Bib la, nan chak pwen, liv sa a prezante yon vizyzon nan ka ki konvenk mwen e anpil lòt ka sou verite Bib la-yon ka ki jwenn pi gwo pwen li nan rezireksyon Jezi a. Si ka sa a ka ede, epi tou konvenk ou nan yon degre, mwen kontan pou sa. Sinon, mwen ta ankouraje ou pou kontinyen li pi gwo liv sa yo, ki pi bon (gade appendix).

YON PREMYE PA

Si wap li liv sa a e ou pa yon Kretyen, anvan tout bagay, mèsi paske ou te pran li, e rive lwen konsa. Si pa gen anyen ankò, Mwen swete ke ou jwenn kèk bagay ladan li ki va ankouraje ou panse sou Kretyen yo, kretyènte, Bib la, e pou fini, Jezi, yon fason diferan ke petèt ou pat janm panse anvan sa. Mwen swete ke ou va mache ale, pandan wa rekonèt ke noumenm, Kretyen yo, nou

Kiyès Jezi Ye?

pa kwè sa nou kwè a san rezon. Sètènman, ou ka pa achte ka sa a ke mwen prepare la a, men mwen swete ke, apre tout bagay, ou ka di ke, petèt, gen plis bagay nan fwa Kretyen an ke sa ou te panse. Petèt ou ka rive konkli ke ou ka kwè Bib la reyèlman. Si sa pase konsa, enben ou va nan sa pou yon vrè gran eksperyans, paske ou va kapab chanje ak konfyans pou panse sou tout sa Bib la ye an reyalite- Jezi Kris la, e moun li te di ke li ye a.

Nan yon lòt bò, si ou se déjà yon Kretyen, mwen swete ke liv sa a va ede ou konprann pi byen poukisa ou kwè Bib la epi tou ba ou pouvwa pou pale de li e defann li de objeksyon moun yo ki pa kwè li. Verite a sè ke, nan fen an, diskite sa mond la la toujou akize nou de, kretyènte pa bezwen pou moun fè yon "pa lafwa" irasyonèl ki fè yo kwè bagay ridikil san evidans. O kontré, "pa lafwa" nou aktyèlman se konfyé nou nan Jezi pou sove nou anba peche nou, presizeman paske li solidman e trè entèg.

E kouman nou konnen sa?

Paske Bib la di nou sa.

Pa vre?

CHAPIT DE (2)

ERÈ NAN TRADIKSyon?

Kèk ane pase, mwen te gen privilèj pou vizite Shanghai, La Chin. Anvan vwayaj mwen, kèk zanmi mwen ki viv la te avèti mwen pou m pat asime ke ekriti an Anglè ki ekri anba desen Chinwa yo nan anpil desen nan vil la ta va di mwen anyen sou sa desen an di a. A travè ane yo tradiktè Chinwa yo te vin notab nan tradwi desen chinwa an Anglè, trè souvan ak fot a bagay ki gen rezulta komik.

Mwen te gade kèk egzanp sou entènèt anvan mwen te pati, e kèk nan mal tradiksyon ke mwen te jwenn te komik. Gade desen sa a ki te kwoke nan pòt yon restoran: *Bar la ouvè kounye a paske li pa fèmen*. Oubyen meni ki ofri *Grann bon gou ki pike* pou dine antre. Ou dimwens ekriti nan yon otèl piblik ki jis rale sou chak

chenn an kè: *Zèb adorabl men mizè anba pye ou.* Onètman, kilès ki konnen ki lide oriijinal ki te dèyè chak mesaj sa yo!

Pandan m te fin wè tout sa yo, byen si, mwen tap gade devan mwen pou m ka jwenn kèk tradiksyon komik, mwen menm menm. Ak tristès mwen te rive Shanghai imedyatman apre olenpik lete a te fini, e sanble ke la Chin te gen yon pwojè masiv pou korije tradiksyon ki te gen erè yo nan tout peyi a, anvan jwèt yo te koumanse. Enben mwen pat ka jwenn *okenn* grann bon gou ki pike oubyen kèk figi zèb ki tris emab, men patetik anvan mwen te pile li!

Men kounye a, panse sou sa pou yon moman. Poukisa la Chin te korije tradiksyon lang etranje li yo? Se semp-menm jan lemond te fikse atansyon li sou nasyon yo a pou Jwèt Olenpik yo, yo te vle kominike ak presizyon. Yo te di sa yo te vle di, e yo te vle di sa yo di. Se sa a enterè finalman ki nan yon tradiksyon, si tradiksyon an se sinyal, meni, oubyen la Bib. Èske nou ka konfye ke nap li nan pwòp lang nou ak presizyon reflè ke otè a te vle di?¹

ÈSKE TRADIKSYON POSIB?

Travay sa a, pou detèmine ke si Bib la se reyèlman se istwa entèg ta va pi fasil si nou te mmoun ki pale lang natif natal ansyen

1 Pou chapit sa, Mwen te konte espesyalman sou Craig L. Blomberg, *Can We Still Believe the Bible?: An Evangelical Engagement with Contemporary Questions* (Grand Rapids, MI: Brazos, 2014); Paul D. Wegner, *The Journey from Texts to Translations: The Origin and Development of the Bible* (Grand Rapids, MI: Baker Academic, 1999).

Ebre, Ansyen Arameyen ak ansyen Grèk. Majorite nan nou, nenpòt fason, pa konsa. E sa vle di, non sèlman nou dwe mande si otè Bib yo te kwayab e si kopi yo te transmèt ekriti yo egzakteman, men tou si Bib la ke nou genyen an kreyòl yo se tradiksyon egzakt ki soti nan kopi sa yo.

Pwobableman premye kesyon ke nou dwe konfwonte se si pwosè tradiksyon an posib. Èske nou ka pran yon lang konsa,

μη θησαυριζετε υμιν θησαυρους επι της γης οπου σης και βρωσις αφανιζει και οπου κλεπται διορυσσουσιν και κλεπτουσιν

θησαυριζετε δε υμιν θησαυρους εν ουρανω οπου ουτε σης ουτε βρωσις αφανιζει και οπου κλεπται ου διορυσσουσιν ουδε κλεπτουσιν

οπου γαρ εστιν ο θησαυρος υμων εκει εσται και η καρδια υμων

EPI GENYEN KONFYANS KE SA A,

Piga nou sanble trezò sou late pou nou, kote pousyè ak lawouy ka gate, e kote vòlè pa ka vole; men fè trezò nan syèl la, kote ni pousyè ni lawouy ka gate, e kote vole paka vole. Paske kote trezò ou ye, se la kè ou va ye tou. Matye 6:19-21),

VLE DI MENM BAGAY?

Bon, repos lan se, "Wi, men se ak anpil travay." Tout pwojè tradiksyon bezwen anpil ane ak efò pou konprann anvan sinifikasiyon ak estrikti tou de lang yo e apre sa pou jwenn pawòl ak estrikti yo nan lang kap tradwi a ki kapte sinifikasyon orijinal la. Pou fè sa mwens teknik, tradiksyon se yo tèm pou konprann sinifikasyon yon pawòl oubyen fraz e apre sa travay li pou di menm bagay la nan lòt pawòl ke yon lòt moun va konprann.

Kounye a tout bagay sa yo sanble difisil pou fè, men si ou panse sou sa, menm nan lang kreyòl nou, nou fè jan de bagay sa yo toutan. Pa egzanp, mwen gen de ti gason kap rive sou laj adolesan, e mwen gen yon papa tou ki ta dwe plis kapab kominike ak pitit pitit li. Pafwa, panse, ke ou kwè l ke ou pa kwè l, sa plis difisil pase jan ou ka imajine ! Se pa tankou si yo twa a pale lang diferan nonplus; Yo tout se Anglè natif natal. Men, kòm mwen nan mitan yo, souvan mwen twouve ke map tradwi pou yo.

Pa egzanp, lè pitit gason mwen an di kèk bagay tankou, "Ey, n'ap boule frè!" papa mwen gade mwen tankou si ti gason an tap pale kèk ansyen ejipsyen oudimwens kèk bagay konsa. Sa se paske, sof pawòl *frè* papa m pa gen okenn lide sou sa lòt pawòl yo ki nan fraz la vle di. Sou pwen sa a, se travay mwen pou m koumanse *tradiksyon* an-pandan map panse sou sinifikasyon chak pawòl ke pitit gason mwen te di epi pou eseye itilize *lòt* pawòl ke papa m va konprann.

Kounye a, jeneralman mwen jis tradwi fraz la antye. "Kisa li vle di, Papi, èske tout bagay anfòm. Li kontan." Men si mwen te vle vrèman pote atansyon sou sa, mwen ta dwe eksplike chak pawòl ki la, konsa:

- *Ey* se yon abityèl enfòmèl fason jenn moun yo sasye. Fason pale sa a ta vle di sali oubyen ey.
- *Boule* nan langaj jenn moun yo pa vle di "pran difè." Sa vle di ke yon sitiyasyon oubyen yon moun nan lòd, kontan, byen. Se yon mòd ki derive de mo anfòm, tankou lè ou di" bagay anfòm; mwen anfòm; tout bagay anfòm."

Donk, pandan nap mete tout bagay ansanm, nou ka tradwi fraz kin an langaj jenn moun yo nan "Yo, it's chill, bro" nan langaj jenn moun yo tankou "Ey, n'ap boule frè!" E lè papa m te tande sa, li te ouvè je li ak konprann, li te souri bay pitit gason mwen an ak you dwèt pouz anlè, e you te pataje yon moman konsyan- sou komunikasyon panse tradwi a.

Mwen konnen, Mwen konnen, sa a se yon figi senp e ridikil sou kisa travay tradiksyon an vrèman bezwen, ak moun sa yo ki fè travay sa a- Si nou ap pale de Bib la oubyen nenpòt lòt literati, oudimwens menm tradiksyon nesesè pou fè sosyete global nou an travay chak jou- yo se ewo.

Pwen ke map eseye trete a, menm ak egzanp sipèfisyal ki pa

nan kontèks li, sa pa vle di ke tradiksyon fasil oubyen senp, men sa *posib*. Sa reyèlman posib pou komunikasyon orijinal, entèg ak kòrèk pou yon tradiksyon ki tèmine.

Sa vle di ke pèsonn fè yon "jijman fèmen" objeksyon sou entegrite istorik Bib la senpleman paske nap li tradiksyon kreyòl ki soti nan dokiman Anglè, Grèk ak Ebre. Savan yo te gentan ap etitye literati Grèk, Ebre, Arameyen, ak Anglè pandan anpil syèk, e yo kapab tradwi egzak e presiz ant kat lang sa yo.

POUKISA TOUT VÈSYON BIBLIK SA YO?

Si sa se verite, enben poukisa gen tout diferan tradiksyon Bib sa yo? Ale nan anpil libreri kretyen, e ou ka jwenn yon etant plen-pafwa yon seksyon plen- ak diferan tradiksyon Biblik. Genyen vèsyon King James (KJV), Nouvèl vèsyon King James (NKJV), ak vèsyon estanda revize (RSV). Genyen Bib estanda Kretyen Holman (HCSB) ak Vèsyon Estanda Anglè (ESV) ak Nouvèl tradiksyon vivan (NLT) ak Nouvèl Vèsyon Entènasyonal (NIV). E tou, sou tout sa, anpil nan sa yo gen lòt edisyon, tankou edisyon militè, edisyon espò, edisyon gason, fanm, adolesan, etidyan ak biznisman. Poukisa?

Se paske moun kit e travay nan ESV te pans eke moun kit e travay nan NIV te gen Bib la ak anpil fot? Oubyen paske komi-note KJV te tradwi Bib la tèlman mal ke tradiktè RSV yo te dwe

korije tout? Pou zafè sa a, èske liv Jan an chanje lè li adrese li a gason, fanm, atlèt, oubyen sòlda?

An rezime, repons la pou tout kesyon sa yo se "non." Lè sa trete sou diferan edisyon Bib la ki gen objektif etidyan oubyen gason oubyen fanm oubyen sòlda, tout bagay sa yo se sèlman pakèk machandiz kote menm tèks ki nan Bib la ye. Yo sèlman diferan nan tèm adisyonèl ki akonpaye tèks la-entwodiksyon tèm yo, nòt pou etid yo, atik devosyonèl, ak lòt materiel. Pa gen okenn rezon pou panse ke prezans toulède, etid Biblik pou gason ak etid Biblik pou fanm nan libreri ou ta mete okenn konfizyon nan sinifikasyon tèks biblik la.

Men kisa ki pase ak varyete tradiksyon yo? Èske yo pa fè Bib la tèlman diferan youn ak lòt, ke nou pa ka reyèlman sèten totalman sou sinifikasyon orijinal la? Sa a se yon bèl kesyon, men an reyalite, menmsi diferan tradiksyon yo itilize diferan mo pou ekri menm fraz Grèk oubyen Ebre, sa pa nesesè-oubyen menmsi sa te fèt trè souvan-pout e kite nou ak okenn dout sou sa orijinal la te di.

Panse ankò sou egzanp nou an sou fraz pawòl timoun yo, "Ey, n'ap boule frè" Mwen ta ka tradwi sa pou papa m yon kantite mwayen:

- . "Ey, tout bagay bon, men."
- . "Tande, tout bagay anfòm, zanmi m."
- . "Èske ou konnen? Sitiyasyon copacétique, mon chè"

Tout mo yo diferan nan tout tradiksyon yo. Men malgre sa, èske gen kèk dout sou kisa "Ey, n'ap boule frè!" te vle di? Nenpòt nan *tradiksyon sa yo* ke ou ta itilize, sa fraz la *vle di* a se ke pitit gason mwen an vle ke yon moun ke li gen relasyon amitye ak li, konsyan ke li sitiyasyon an pa pwblematik, li satisfè ak sa.

Ou ka fè menm bagaya la ak vèsè yon an Bib la. Ann pran youn pa aza pou n gade kouman plizyè tradiksyon ka fè li. Mwen jis te fè madanm mwen di youn nan kat Levanjil yo.

Li te di "Mak"

"Kounye a chwazi yon nimewo ant youn e sèz"

"Dis"

"E yon lòt nimewo ant youn e senkanntwa"

"senkant"

Enben ann gade nan Mak 10:50 epi ann gade kouman plizyè Bib kreyòl tradwi vèsè sa a. Men kouman li ye nan Grèk oriijinal la:

ό δὲ ἀποβαλὼν τὸ ῥυμάτιον αὐτοῦ ἀναστὰς ἤλθε πρὸς τὸν Ἰησοῦν.

(ESV) tradwi li konsa:

E li te jete manto li a, li te kanpe e al jwenn Jezi.

Men kijan (NASB) tradwi li:

Li te voye manto li a lòt bò, li te vole anlè e al jwenn Jezi.

Nouvèl vèsyon entènasyonal la (NIV) di:

Li te voye manto li a lòt bò, li vole kanpe sou pye li e li te al jwenn Jezi.

Nouvèl vèsyon estanda revize a (NRSV):

Donk pandan li tap jete manto li laba, li kanpe al jwenn Jezi.

E (KJV):

E li, te tire rad li jete, li te leve, e al jwenn Jezi.

Sa se foli, pa vre? Kouman nou va gen tèt nou plase sou Mak 10:50 ap di sou latè? Sètadi, sètènman, tout moun sanble dakò ke nonm sa a te al jwenn Jezi, men èske li te *jete* manto li oubyen rad li? Èske se te *manto*, oubyen yon *rad*? E pou ka rele dib yen fò, kouman nou ka sipoze pou determine si li te *kanpe*, *sote*, oubyen *leve* anvan li tal jwenn Jezi?

Pou tout diferans yo ant senk tradiksyon sa yo, sa kap pase a klè. Nonm nan wete moso rad ki te sou li a rapidman, li kanpe, e li fè chemen al jwenn Jezi. Sa m vle di la a sè ke li senp pou di ke diferan tradiksyon yo pa anpeche nou konnen kisa original la te vle di. Pou di verite, si ou li de ou twa tradiksyon kòtakòt sa ka ede anpil fwa pou genyen yon imaj sou sa kap pase.

Panse toujou, nou bezwen ale pi lwen, paske evidàman se pa tout vèsè nan Bib la ki kout tankou Mak 10:50. Sèten mo ak fraz efektivman difisil pou tradwi, e nan ka sa yo, anpil tradiktè pa

Kiyès Jezi Ye?

va dakò sou fason tradwi mo sa yo oubyen fraz sa yo. Men nan menm enstans sa yo, finalman nou dwe kenbe kèk bagay byen fèm nan tèt nou:

1. Savan yo pa dakò pou tradwi sèlman yon ti pousantaj mo oubyen fraz nan Bib la. Ka sa yo tou reprezante yon ti pòsyon de nenpòt liv (oubyen nenpòt chapit) nan Bib la.
2. Lè genyen dezakò konsa oubyen dout, pi bon tradiksyon Bib yo va fè konnen nan yon nòt nan pye paj la, pou fè lektè a konsyan sou lòt posib tradiksyon oubyen lòt nòt (tankou ESV la fè li) ke "sinifikasyon Ebre a (oubyen Grèk la) gen dout."² Sa vle di ke pèsonn pap eseye kite anyen deyò san yo pa di nou,- sou pwen sa a nan istwa tradiksyon- yo pa ta kapab fè menm bagay la tou si yo vle.
3. Nimewo absoli tradiksyon savan yo ede nou idantife- -ak evite!- ak libète tradiksyon ki gen erè yo. Pa egzanp, lè tradiksyon Nouvo mond Temwen Jeova yo tradwi Jan 1:1 konsa "e Pawòl la te yon bondye," sa ede pou konsyan ke chak lòt tradiksyon ki majè yo tradwi vèsè sa a konsa "e Pawòl la te Bondye." sa klè, Tradiksyon Nouvo mond lan te fè yon bagay la a ke lòt tradiksyon yo te rejte, e si ou etidye Grèk sifi pou konprann kijan atik yo

² Nan pye paj la gade pa egzanp, nòt ESV nan Ezayi 10:27

- (*yon, an, a, nan, la...*), ou va rive nan menm konklizyon ke lòt tradiktè yo te rive a- ke Tradiksyon Nouvo Mond lan te ajiste “tradiksyon” li a nan vèsè sa a pou pwoteje yon doktrin teolojik patikilye.
4. Depi nou idantifye e rejte ak libète, tradiksyon ki gen erè tankou sa a, nou ka di ak konfyans ke okenn majè doktrin nan otodòks kretyènte a base sou diskisyon oubyen sou dout nan tradiksyon Bib la nan lang orijinal li. Nou konnen kisa Labib di, e nou konnen kisa sa vle di.³

Men, gen yon lòt kesyon ki parèt. Premyeman, poukisa gen tout diferan tradiksyon Bib sa yo? Si pòsyon ki gen diskisyon yo nan tèks la tèlman ra e yo pa afekte okenn doktrin majè, enben poukisa moun yo te bay tèt yo tout pwoblèm sa yo pou fè tradiksyon sa yo? Sa a se yon ekselan kesyon, e ou ka jwenn repons lan pandan wap rekonèt tout diferan fason ke moun itilize Bib la nan lavi yo.

Panse sou sa. Moun yo li Bib la devosyonèlman, yo preche ladan li, yo itilize li nan etid Biblik, yo fè savan yo travay sou li, yo etidyé li, yo gen konvèzasyon sou doktrin li yo, yo defann konprann fwa yo ak li. E la verite a se ke, pou prèke tout aktivite sa yo, yon estrik tradiksyon mo pa mo nan Grèk orijinal la oubyen Ebre

3 Pou gade yon tretman pi fon nan tout pwen sa yo, rechèch Blomberg, *Can We Still Believe the Bible?* 83-118; Wegner, *Journey*, 399-404.

pa va twò itil. Vrèman vre, sa ta enkwayabman temerè. Sèlman pran mak 10:50 ankò. Si nou tradwi li estrikman mo pa mo nan Grèk la, sa ta sonnen tankou konsan:

**LA MEN LI TAP JETE MANTO -L LI VOLE KANPE
SOU PYE LI TE VIN JWEN JEZI LA.**

Sètènman, ou ka adivine li, e petèt jan de estrik tradiksyon mo pa mo sa a ka itil si wap etidye ak anpil atansyon, mo yo ki nan vèsè sa a. Men, kimoun ki vle andire sa lè l vle sèlman li Bib la ak yon tas kafe nan maten?

Sa se rezon prensipal ki koz nou gen diferan tradiksyon sa yo- pou diferan itilite Bib la. Pafwa yon estrik tradiksyon mo pa mo na lang orijinal la, se egzakteman sa ou bezwen. Men nan lòt moman, ou bezwen yon bagay ki yon ti kras pi lizib, yon ti kras pi klè pou konprann, e kèk tradiksyon ofri plis fraz-pa-fraz (oudimwens panse-pa-panse) ki apwoche, mo ki agreyab, pou prefere estrikti Anglè plis pase Grèk oubyen estrikti Ebre, e jeneralman jis transmèt panse ki nan original la nan yon fòm ke lektè ki pale Anglè (Kreyòl) va konprann pi byen. Pou mete l plis lejè tekni-kman, tout tradiksyon Bib la fêt pou genyen pou objektif, yon degré oubyen yon lòt degré, sou *fidelite* ak *lizibilite*. Kèk komite tradiksyon pran sa pou misyon yo, pou bay entegrite (fidelite) plis privilèj e (tankou nou te wè sa nan Mak 10:50) sakrifye lizibilite

nan kèk degré. Gen lòt komite tradiksyon ki deside pwodwi yon vèsyon ki lizib anpil, men desizyon sa a sinifi ke tradiktè yo va va aranje kèk mo nan lang oriijinal la ankò pou fraz yo ka gen “sans.”

Mwen swete ke ou ka wè pwen sa a nan tout sa. Pa gen youn nan de teori sou reyalite-nan-pwofon tradiksyon Bib la ki entwodwi dout sou si nou ka konnen reyèlman kisa Bib la di nan oriijinal li. Pou di verite, nou konnen sa li di, e nan plas kote savan yo pa dakò pa anpil e pa gen anpil sinifikasyon. Bib la ka tradwi, e *te tradwi kòrèkteman*, plis anplis, e anplis ankò.

Sètènman, lè yo detèmine entegrite istorik, sa sèlman mennen nou byen lwen. Nou dwe kesyone ankò, Èske nap tradwi sa otè a te ekri oriijinalman?

Nan lòt mo, èske moun ki te kopye original yo te kopye kòrèk?

CHAPIT TWA (3)

KOPI KOPI YO KOPI KOPI YO?

Lè m te nan lekòl segondè ak nan inivèsite, mwen te resevwa kèk kou lang etranje. Lè sa a, Espanyòl se te prefere mwen, panse ke sa pa tap enpresyone noumenm savan yo ki deyò a, finalman, mwen te pase *kat ane akademik* etidye lang sa a. kenz ane apre kou lang sa a, mwen pa tèlman fò nan Espanyòl ankò- pou li li, pale li, tandem li, anyen. Nan jou ke mwen te konn etidye li anpil, mwen panse ke mwen te trè bon nan tradiksyon Espanyòl, *toulede*, soti nan Anglè. Youn nan bagay ki te koz sa se paske pwofesè Espanyòl mwen an te konn ban nou devwa pou tradwi Espanyòl *chak swa*. Èske ou sonje konbyen devwa ki te pwograme nan inivèsite a pou reyini nan chak jou yo-yo toulède Lendi-Mèkredi-Vandredi oubyen Madi-Jedi? Non español. Se te chak

jou, de Lendi a Vandredi, sa vle di ke chak swa mwen te genyen yon pasaj an patikilye de nenpòt tèks Anglè oubyen Espanyòl ke mwen te dwe tradwi nan yon lòt lang, e prepare pou diskite li nan klas nan demen.

Mwen te bon nan sa. Sou dènye ane nan inivèsite a mwen te ka fè yon tradiksyon ak kèk santèn mo jis nan dezè de tan epi prepare nan menm moman an pou eksplike sinifikasyon chak fraz. Sepandan, youn ou de fwa, mwen te aprann dezagreyab lesyon ki fè mal, lè mwen te rive nan klas: Sa pa sinifi anyen si tradiksyon m yo te bon, oubyen si m te gade paj enkòrèk la e mwen te tradwi pasaj enkòrèk la!

Pafwa moun va fè yon jijman konsa sou Bib la- menm si nou kapab di ak konfyans ke nap tradwi ak entegrite, pa gen mwayen ke nou ka pwouve ke nap tradwi bagay kòrèk la, donk, tout bagay sa yo initil nenpòt ki jan. Jijman an se pa paske nou gen dokiman enkòrèk la. Se paske nou pa gen dokiman oriijinal la ke otè a te ekri ak pwòp men pa li, kopi nou genyen an ka kowonpi, e poutèt sa evidàman nou pa ka konnen sa otè a te ekri. E si se verite, agiman an fini, apre sa li prèske ensinifikan pou kenbe yon diskisyon an plis.

Yon magazin Ameriken te moutre pwen sa a trè klè:

Okenn predikatè nan televizyon te li Bib la. Menm okenn politisyen evanjelik. Menm pap la. Menm mwen menm. Menm

oumenm pat li Bib la. Sa ki bèl la, nou tout nou te li yon tradiksyon ki pa bon- yon tradiksyon ki soti nan lòt tradiksyon yo nan lòt tradiksyon yo, ki te soti nan kopi lòt kopi, kopi lòt kopi, e konsa, plizyè santèn fwa.

Kounye a, nou te gentan trete "tradiksyon ki pa bon an" ke liv sa a te jije; se pa vre, e si sa pa klè pou ou, petèt ou ta dwe tounen al li chapit 2 a ankò. Anplis de sa, sa pa vre nonplis ke nou tap trete "tradiksyon ki soti nan lòt tradikson nan lòt tradiksyon yo," tankou si orijinal Grèk la te pase an Chinwa anvan, ki te pase an Aleman, apre sa Polonè, e finalman nou te genyen li an Anglè (Kreyòl). Non, nou te kapab tradwi dirèkteman soti nan Grèk la ak Ebre a an Anglè (Kreyòl) ak lòt lang yo, donk, sak pi mal la sè ke nap trete ak yon sel *tradiksyon*. Men kisa nou ta dwe di sou dènye ide a, jijman ki di ke tout sa nou genyen disponib se "kopi kopi ki soti nan lòt kopi kopi?"¹

NOU PA GENYEN ORIJINAL YO-KOUNYE A KISA?

Ann panse sou kesyon *transmisyon* an- Se sa l ye, èske nou ka konfyé ke tèks original Bib la te transmèt ban nou ak entegrite a travè syèk yo? Jan nou konsidere kesyon sa a, an preyme, nou dwe

1 Kurt Eichenwald, "The Bible: So Misunderstood It's a Sin," Newsweek, December 23, 2014, <http://www.newsweek.com/2015/01/02/thats-not-what-bible-says-294018.html>.

admèt ke gwo elefan briyan an anndan sal la: Nou pa gen orijinal yo.²

Nenpòt moso papye ke Lik, Jan, ak Pòl te itilize pou ekri Levanjil Lik la, Levanjil Jan an, ak Epit Women yo, li te pèdi a travè istwa, e sa trè tris pou di ke nou pa va janm jwenn maniskri Biblik ke nou di, "nou san pou san sèten ke moso papye original sa se kote otè a te ekri a.³

Men anvan nou tire men nou anlè e pèdi esperans, ann panse sou pwen sa a pandan yon minit. Ki gran enpòtans sa reyèlman genyen pou nou ta gen *moso papye original la?* Sa vle di, sa ta va pwòp definitivman. Kèk ane pase, lè m te vizite London, mwen te patisipe nan egzibisyon *Trezò Libreri Britanik*, ki te moutre kèk nan plis valab kiltirèl ak istorik antefak nan mond lan, trezò ki pi sakre ke konsèvatè yo te ka fouye nan achiv sakre libreri Britanik yo. Se te yon koleksyon magazin. Dwat anvan mwen Magna Carta te la; Bib Gutenberg 1455 lan; *Le Messie* de Haendel ekri nan pwòp men li; Codex Sinaiticus, kopi ki pi konplè ki te soti anvan tout ke moun te konnen an Nouvo Testaman an; Kaye Leonardo da Vinci; e

2 Pou chapit sa, mwen te mete confyans nan Craig L. Blomberg, *Can We Still Believe the Bible? An Evangelical Engagement with Contemporary Questions* (Grand Rapids, MI: Brazos, 2014); Paul D. Wegner, *The Journey from Texts to Translations: The Origin and Development of the Bible* (Grand Rapids, MI: Baker Academic, 1999).

3 Ansyen ekriven yo pat ekri sou papye men pito sou papyrus oubyen vellum, e pita, menm sou pachemen. Men... pou liv sa a, papye va sifizan.

(silans silvouplè) orijinal lèt chan gwoup misik Beatles, "Ede!" jan John Lennon raye yo sou yon moso papye chifonnen.

Medam e mesye, mwen kontan pou m anonsé ke nou *konnen*, pi lwen lonbray dout la, lèt original yo pou "Ede!" jan gwoup mizik Beatles te ekri yo. Nou ka wè yo nan napkin nan. E nan jan sa a, mwen admèt ke sa trè komik. Mwen pa sèten ke li te rive nan nivo trezò komik libreri Britanik yo, men se yon nòt komik.

Men koze a. Èske posede moso *papye orijinal* la se sèl mwayen ke nou ka konfye ke nou *genyen reyèlman* sa otè yo menm menm te ekri? Mwen vle di, èske nou twonpe toutan pou n di ke reyèlman nou pa gen lide sou sa Homer oubyen Plato te ekri paske nou pa moso papye kote yo ekri *L'Odyssée* oubyen *La République*? Èske "Ede!" se sèl chan gwoup mizik Beatles ke nou va janm konnen lèt yo? Sètènman non! E si nou di sa, nou ta ridikilman depandan. Eben, kijan sa ye pou dokiman Bib yo? Èske senpleman nou abandone epi admèt ke nou genyen yon pakèt kopi kopi yo kopi kopi yo ki pa itil epi nou pa va janm genyen konfyans ke kopi sa yo ki rete a bay yon reflè fidèl sou sa otè yo te ekri a?

Bon, non, nou pa pral tonbe nan konklizyon sa a. Pou di verite, menm si nou pa genyen *moso papye orijinal* Bib yo, nou ka genyen yon konfyans trè solid ke nou konnen sa moso papye orijinal yo te di. Kounye a, kouman sa ka fêt?

Kle pou reponn kesyon sa a nan verite ke, menmsi nou pa gen orijinal yo, nou genyen dè milye *lòt* moso papye (sa a se papyrus,

vellum, ak pachemen) ki genyen tèks lang orijinal nan chak liv nan Bib la- anviwon 5,400 pyès diferan lè sa trete de Nouvo Testaman an. Nou pap menm pale la a de moso papye modèn ki enprime; nap pale de moso papye ansyen maniskri ki te la depi anvan ke yo te envante enpresyon, anpil ladan yo te retounen nan twazyèm, dezyèm, e petèt premye syèk. Kèk nan maniskri sa yo genyen tout liv biblik yo; gen lòt ladan yo ke yon pati ladan yo te detwi, poutèt sa, se pòsyon nan liv yo ki rete. Gen lòt ki se literalman, anpil fragman de sa ki te yon maniskri long. Ankò, okenn nan dokiman sa yo se orijinal Bib la; yo tout se kopi ki te soti nan lòt bagay pi ansyen. Men nou te jwenn yo tou chifonnen nan tout sa ki te anpi Women an, kache nan kavenn, antere nan ansyen eskonb, ou dimwens menm- ke ou kwè ke ou pa kwè- nan ansyen pil fatra nan yon vil Ejipsyen abandone! Anplis, kèk ekspè jwenn ke fragman tèks sa yo, ke nou te dekouvri a, yo te make depi sou twa ou kat premye syèk de istwa Kretyen yo.⁴

Kounye a, sa ki fè tout maniskri sa yo entèresan- oubyen pwoblematik, depann de kijan ou gade yo- sè ke nan sèten kote yo diferan youn lòt, menm lè yo ta sipoze kopi de menm pòsyon egzakt Bib la. Bon, pa egzanp, yon maniskri Levanjil Matye a di ke Pons Pilat te di "Mwen inosan de san nonm sa a," pandan ke yon fragman menm liv la ki te soti lòt kote

4 Pou plis infomasyon sou fragman tèks Novo Testeman ki toujou egziste, gade, pou egzanp, Wegner, Journey, 235-42.

yon syèk pi ta ki di de Pilat, "Mwen inosan de san dwat sa a, " pandan gen lòt toujou ki di sou Pilat, "Mwen inosan de san nonm sa a ki dwat."⁵ Ki sa sa bay? Evidàman, apre tout bagay, youn e petèt plis ke youn, kèk moun te kopye yon manyè enkòrèk mo orijinal yo ke Matye te ekri.

Kèk moun egzamine tout sa - 5,400 maniskri fragman yo ak tout varyasyon yo- e yo di, "Pa gen mwayen. Pagen mwayen ke nou ka konnen kisa ke orijinal yo te di. Kopi yo ki te rete, te soti twò lwen e twò kowonpi pou nou ta ka konfyan totalman ke nou konnen sa otè yo te ekri orijinalman." Sepandan, konklizyon sa a, twò lwen. Men poukisa. Pou yon bagay, pwoblèm ke enkredil yo site ki soti nan tout sa a-ke maniskri ke nou genyen yo twò separe ak orijinal yo e evidàman yo gen adivinans ak varyasyon-sa pa tèlman mal jan kèk moun ap di a. E pou yon lòt bagay, sa moutre ke presizeman se egzistans milye kopi sa yo, ki te soti nan tout anpi , e ak tout varyasyon yo, sa pèmèt nou rekonstwi ak yon konfyans sèten sou sa orijinal yo te di.

Kite m eseye eksplike sa, pazapa.

PANSE SOU BRÈCH LA!

Anvan tout bagay, souvan, jijman an di ke dokiman ke nou genyen yo te tèlman deplase (lwen) tan orijinal yo, ke nou dwe

5 Gade vèsyon ESV nòt tèks nan Matye 27:24.

abandone sou kesyon eseye konnen kisa oriijinal yo te di. Apre tout bagay, tout oriijinal Nouvo Testaman yo te ekri, soti nan mitan pou rive nan fen premye syèk la, e kopi ki te soti ladan yo a, ki pi vye, ke nou genyen se anviwon AD 125, 150, ak 200. Sa vle di ke genyen yon brèch de anviwon de karann senk a swasann kenz ane ki separe yo de kopi ki pi vye ke nou genyen yo de oriijinal yo. Kounye a sa sanble jisteman pwoblematik pou anpil nan nou paske, pou kèk rezon, ke nou imajine ke swasann kenz ane se anpil tan-tan sifi pou ke kopi kopi yo ta rekopye e pèdi, donk nou pa lide sou jan oriijinal yo te ye. Men sa a se pa yon ide ki jis konplètman, espesyalman lè ou reyalize ke jeneralman liv yo te genyen plis valè pou ansyen ke jan yo valab pou nou jodi a, e pou sa, evidàman, yo te konsèvè liv yo pi byen pase nou. Menm si kounye a, nou ka enprime liv chak ane pa milyon, ou ka ale nan nenpòt boutik liv dezyèm men pou jwenn liv ki gen youn oubyen de e menm twa ane. Moun yo ekri liv yo an dènye! E sa te pi notab nan ansyen tan yo, literalman, anpil semèn travay pou kopye yon liv. Savan yo te aprann sou rechèchè ansyen libreri yo ke regilyèman moun yo itilize liv yo pou 100-150 ane anvan ke yo fè yon nouvo kopi epi pou rejte vye a.

Nou wè yon egzanp fasinan de pratik sa a nan sa nou rele Codex Vaticanus, yon kopi Nouvo Testaman an ki te fèt oriijinalman nan katriyèm syèk men ke eskrib yo te re-ekri li

nan senkyèm syèk la, donk yo te ka kontinye itilize li. Èske ou wè sa sa vle di? Codex Vaticanus te toujou ka itilize *sis san ane* apre lè yo te fè l orijinalman! Men pwen an!: Lè liv yo te rete itil regilyèman pou santèn ane, yon brèch (yon entèval) de karann senk pou rive swasann kenz ane ant dokiman orijinal Nouvo Testaman yo ak ak kopi ki pi vye nou yo, se pa anpil tan. Pou di verite, sa plis ke yon ti jan pwobab, ke orijinal yo, ke menm otè yo te ekri a, ta ka prezève e itilize pou fè kopi pi pa ka konte (anpil kopi) tou nèf a travè dizèn ane e menm syèk anvan ke yo te pèdi. Pou sa, afimasyon ki di ke tout sa nou genyen se "kopi kopi yo kopi kopi yo" ki soti nan orijinal yo se yon gwo egzajerasyon. Efektivman, li trè bon nan mitan sektè posibilité ke nou genyen nan pwòp mize nou, *kopi orijinal yo*, pwen final.

Konsa tou, lè ou konsidere brèch ki egziste ant orijinal yo e kopi ki pi vye yo de lòt ansyen travay yo, ou ka wè trè rapidman kouman "brèch" Nouvo Testaman an piti. Pa egzanp, pou Thucydides's *Istwa nan Lagè a Peloponnesian*, nou genyen egzakteman wit maniskri, k esa ki pi vye nan yo a, genyen mil twasan ane ki separe l ak orijinal la! Pou lagè Gal de Julius Caesar yo, nou genyen yon total de nèf ou dis kopi lizib (sa ki lizib yo depan de jan ou konprann sa ki lizib), sa ki pi vye nan sa yo genyen nèf san ane separasyon ak orijinal la. Pou Istwa yo ak animal yo de Tacitus, ki te ekri nan premye syèk la, gen de maniskri ki sove, gen

youn ki genyen dat nevyèm syèk la e lòt la dizyèm syèk- wisan ak mil ane respektivman, ki separe yo ak orijinal la. Ou ka wè pwen an fasilman la a: Pèsonn rele di "panse sou brèch la!" lè yap pale de lòt ansyen literati. Sèlman Nouvo Testaman an resevwa jan de trètman sa a.

KATSAN MIL DIFERANS?

Nan dezyèm jijman, kote yo di ke maniskri yo ke nou genyen, tèlman plen ak diferans, oubyen varyasyon, pa gen esperans ke nou ka genyen okenn asirans sou sa orijinal yo te di. Yon savan afime ke maniskri Nouvo Testaman yo ke nou genyen, genyen, enkwayabman, plis ke katsan mil varyasyon! (rezon ki fè nou di "plis pase" byen si, se paske pèsonn te gen nimewo egzak la. Donk pandan savan patikilyè sa a di sa, "gen lòt ki di ke genyen 200,000 varyasyon koni, gen lòt ki di 300,000, gen lòt ki di 400,000 oubyen plis!")⁶ Nan chak pa, nou ta dwe note plizyè bagay de jijman sa a:

1. A la verite, maniskri yo pa plen ak varyasyon, e nimewo katsan mil la pa tèlman fè pè jan sa te sanble an premye, li menm sanble aplikab. Se paske savan sa a ki te itilize nimewo sa a, te gade, non sèlman senk mil

6 Bart D. Ehrman, *Misquoting Jesus: The Story Behind Who Changed the Bible and Why* (San Francisco: HarperSanFrancisco, 2005), 89.

maniskri oriijinal Grèk, ki te la anvan lè yo te koumanse enprime, men tou, dis mil lòt maniskri nan lòt lang, e sou tout sa, nan lòt dis mil kote moun te ekri Nouvo Testaman pandan sis san premye ane istwa legliz la! Mete tout sa yo ansanm, e wap pale de kat san mil varyasyon (petèt, se twa san mil oubyen de san mil...) sa bay plis ke vennsenk mil maniskri e sa rive yon kantite de sis san ane, ke si nou bay nimewo pi wo a, e rive sou anviwon sèz varyasyon pou chak maniskri. Si nou mete sa yon jan bèl, sa pa anpil.

2. Mete sa nan tèt ou "kat san mil varyasyon" sa pa vle di la a kat san mil lekti. Sal vle di la a, se ke si yon maniskri di, "Mwen inosan de san nonm sa a" e dis lòt di, "Mwen inosan de san ki dwat sa a" enben ou dwe konte onz yo tankou "varyasyon." Faktorize sa, ak kat san mil nimewo sa yo, sa vin prèske ensinifikan.
3. Finalman, se pa tankou si varyasyon yo nan tout ven senk mil maniskri yo jis moutre pa aza nan tout kote; men, yo gen tandans pou agwoupe yo alantou menm kote yo nan tèks la ankò ankò, sa ki vle di, ke nimewo kote yo nan tèks Nouvo Testaman an ki reyèlman nan kesyon an, li enkwayabman piti.⁷

7 Pou gade yon tretman pi fon nan tout pwen sa yo, rechêch Blomberg, *Can We Still Believe the Bible?*, 13-28.

Pwen an, sè ke lè ou panse sou sa pi lwen pase son mòdi yo, ou pa gen yon imaj de yon pil kopi ak tout varyasyon sa yo ke nou ka pran pou pout tèt li oubyen ke li. Se pa menm pwòch. O kontré, ou genyen yon imaj de yon fèm transmisyon (sa se, fè kopi) istwa de anpil majorite Nouvo Testaman ak yon ti kras kote izole nan kèk dout sou tèks original ki te bay yon kantite nimewo varyasyon.

An rezime, eskrib yo te fè yon bon remakab travay.

Se tankou rezoud yon mo kwaze lojik

Men nou bezwen diskite yon bagay ki enpòtan epi kritikap la a: Nan kote nan Nouvo Testaman an kote nou jwenn varyasyon yo, ke ou kwè, ke ou pa kwè, se varyasyon sa yo ki pèmèt nou sanble ansanm sa dokiman orijinal la te pwobableman di. Kite m moutre ou sa m vle di.

Pandan nap itilize varyasyon yo pou konprann kisa orijinal la te di, se tankou rezoud yon mo kwaze. E tout bagay yo baze sou nosyon ke lè yon varyasyon parèt nan kopi yo, jeneralman nou ka idantifye, non sèlman ke yon eskrib te entwodwi yon varyasyon nan kopi li a men tou poukisa li te fè sa. Eskrib yo te entwdwi varyasyon pou anpil rezon. Pafwa se te sèlman aksidan. Pa egzanp, 1èt yo ki sanble, chanje plas youn ak lòt; yon mo chanje pou yon lòt ki te rann sa sonnen menm jan an, lè yo li li; yo ka sote mo yo;

mo oudyen lèt ka doudlé; e yo ka menm soti yon seksyon antye lè menm mo a te itilise kèk liy apa. (Ale, li fraz sa a ankò ... gen let yo chanje ki kache la!)

Nan lòt tan yo, chanjman ke yo te entwodwi yo te trè liberal. Donk yon eskrib te ka deside ke yon mo oubyen yon non te mal ekri epi "korije li"; li te ka chanje kèk bagay nan yon pasaj ki ta dakò ak lòt pasaj oubyen menm "ranje" yon mo oubyen de pou "klarifye" sa moun kap li a ta konprann de li.

Kounye a men kote divèsyon an koumanse, paske depi ou ka idantifye poukisa yon eskrib te fè kèk chanjman pandan li tap kopye a, ou ka jwenn yon bon lide sou kisa orijinal la te di anvan li te chanje li. Men yon egzant trè senp: Imagine ou ke sèl sa ou genyen se ti moso de yon kopi maniskri ki li konsa, "woz yo wouj, vyolèt yo ble." Se pa difisil pou wè sa ki te pase sou jan orijinal la te ekri a, pa vre? Si nou ka mete dout la sou otè original la, li pat ekri fraz san sans "woz yo wouj."

Men yon egzant ki yon ti jan pi konplike. Ann di ke ou genyen de fragman, tou de kopi yo soti nan yon orijinal ki te pèdi lontan sa. Youn nan kopi sa va rele (fragman A) di:

Kounye a nou angaje nan yon gran gè civil. Nou te dedye yon pòsyon nan tè a, tankou yon plas kote pou repoze pou sila yo ki te bay lavi yo ke nasyon sa a dwe viv.

Lòt kopi a (fragman B) di:

Kounye a nou angaje nan yon gran gè sivil, nap teste si nasyon sa a, **oubyen nenpòt nasyon ki konsidere e ki dedye**, ka andire lontan. Nou kontre nan yon gran batay nan bwa nan lagè sa a. Nou te dedye yon pòsyon nan tè sa a, tankou yon plas kote pou repoze pou sila yo ki te bay lavi yo la a pou ke nasyon an ke nap pale de li a ka viv.

Byen. Ale e pran yon minit oubyen de minit pou wè varyasyon ki genyen la a. Genyen de ladan yo. Epi li yo.

Oke, èske ou te wè yo? Vizibman, fragman A a pi kout. Li kete yon segman antye deyò” teste si nasyon sa a, oubyen nenpòt nasyon ki konsidere e ki dedye, ka andire lontan. Nou kontre nan yon gran batay nan bwa nan lagè sa a.” E tou, tou de fragman yo pa dakò sou dènye fraz la. Èske orijinal la te pale de sila yo ki te bay lavi yo ”pou ke nasyon sa a ka viv” oubyen ”pou ke nasyon an ke nap pale a ka viv”?

Ann koumanse ak premye varyasyon an, fraz ke yo pa mete a ki pale sou kontre nan ”gran batay nan bwa” nan gè a. Èske gen yon bon rezon la a pou panse ke kopyè a te ajoute tout pawòl sa yo nan yon original ki tap di sa? Pa reyèlman; finalman, mwen pa ka panse de youn menm. Si se pa sa, eske gen kèk lòt bagay ki ka eksplike poukisa li te kite sa nan ekri?

Wi. Èske ou gade kouman mo gè a parèt de fwa nan fragman B a? pou di verite, tou de okirans sa yo tankou kwochè devan mo yo ke yo pat mete nan fragman A a. Si mo gè a te la de fwa nan oriijinal la tankou (espesyalman si nan de tan yo li te parèt, ki di, nan final oubyen nan koumansman yon liy), epi sa ta bay yon plas natirèl epi fasil pou je kopyè a pou "kite deyò" tankou yon aksidan de yon okirans oubyen yon lòt, e sa ta ka eksplike poukisa li te kite mo ki nan mitan yo deyò. Nan lojik sa a, nou ka di ak konfyans ke lekti ki pi long nan, nan fragman B a, gen plis reflè original la.

Sak pase ak dezyèm varyasyon an? Èske gen kèk bon rezon kit e ka fè kopyè a chanje pati sa a nan oriijinal la ki di "ke nasyon an ke nap pale a ka viv" pou "ke nasyon sa a ka viv"? Pwobableman non. Apre tout bagay, fraz "ke pou nasyon sa a" se jis yon bagay difisil. Poutèt sa sa pi sanble ke kopyè a te korije li pou fè fraz la sanble ak yon bagay mwens agreyab nan zòrèy. Pou rezon sa, pwobableman nou ka konkli ke lekti ki *pi difisil* nan fragman A a bay yon reflè oriijinal la.

Lè nou fin jwenn tout sa, nou ka rive sou yon konklizyon solid ke fragman B a pwobableman pwojte oriijinal la nan premye varyasyon an (paske je kopyè a te sote soti pawòl "gè" a pou rive sou "gè" a) epi fragman A a pwojte oriijinal la nan dezyèm varyasyon an (paske kopyè a pa tap "korije" original la pou di 'sa sa'.) Poutèt sa nou ka konstwi oriijinal la konsa:

Kounye a nou angaje nan yon gran gè sivil, nap teste si nasyon sa a, **oubyen nenpòt nasyon ki konsidere e ki dedye, ka andire lontan. Nou kontre nan yon gran batay nan bwa nan lagè sa a.** Nou te dedye yon pòsyon nan tè sa a, tankou yon plas kote pou repoze pou sila yo ki te bay lavi yo la a pou ke nasyon sa a ka viv.

Èske ou wè? Sèlman nan rezonman sou pouki rezon kopyè a ta fè kèk chanjman, nou ka rive sou yon konklizyon sèten sou kisa dokiman orijinal la te di, *menmsi vèsyon final nou an pa pwojte konplètman e menm fragman nou genyen yo tou*. Fantastic, hen?

Bon, se egzakteman jan de travay sa yo ke savan yo te fè pandan syèk nan fragman ak maniskri Nouvo Testaman yo ke nou genyen yo. Anpil nan mistè ke yo kontre, byen si, pi konplike ke senp egzant sa yo, men ou konprann lide a. Pandan yap konpare ansyen kopi ki rete yo epi panse ak atansyon poukisa kopyè yo te fè kèk chanjman oubyen erè, savan yo ka rive sou konklizyon konfidan sou sa dokiman orijinal yo te di. Se pa yon koze de adivine oubyen majik, li plis ke yon asonpsyon oubyen senplisite "fè bagay yo fonksyone" men plis byen se rezonman, dediksyon ak prekosyon.

Yon egzant aktyèl nan Nouvo Testaman an ka ede konprann sa. Maniskri ki gen egzistans diferan tankou si Matye 5:22 orijinalman di,

Men mwen di nou ke nenpòt moun ki fachea k frè li, va koupab pou jijman.

Oubyen

Men mwen di nou nenpòt moun ki fache ak frè li *san rezon* va koupab pou jijman.

Varyasyon klè, e pou sa solisyon an tou. Poukisa eskribta *efase* mo yo "san rezon" lè se mo sa yo ki fè ansèyman Jezi a plis sans? Pwobableman pa anpil. Pi lwen se tankou yon eskrib ki te choke entèlektyèlman ak lide ki dekouvri ke si yon moun ki fache ak frè li, li koupab pou jijman te deside pou "ede Jezi" pandan li tap klarifye ansèyman li a ak fraz "san rezon." Paske se lekti ki pi di a, poutèt sa, premye opsyon an plizoumwen pwojte oriijinal la. E poutèt rezon sa a, prèske tout tradiksyon majè yo kite fraz "san rezon" an deyò, senpleman yo mete li nan pye paj la tankou yon nòt.

NOU KONNEN SA YO TE EKRI

Anvan nou fini ak sijè sa a, nou ta dwe fè yon lòt pwen oubyen de. Premyeman, sa pa vo anyen ke vast majorite tèks varyasyon yo nan maniskri kopi yo ke nou genyen yo totalman desentèresan e pa dramatik. Yo dwe fè ak pwonon sengilye, anpil vèsyon, chanje lòd mo, vèsyon sibjonktif endikatif, vèsyon pase senp, e plis toujou, e plis toujou. Anniye! Plis majorite yo pa mete anyen ki afekte kouman nou konprann sa Bib la vle di.

Dezyèman, Kretyen savan yo te trè trè pridan ak dokiman-ak liv ke ou ka achte kounye a, si ou vle depanse lajan an- varyasyon ki pi sinifikan ki dakò ak yon analiz de chak *ladan* yo ke nou te fè nan chapit sa a. Byen si, ou lib pou pou pa dakò ak okenn nan konklizyon sa yo; Kretyen yo gen agiman komik sou jan de bagay sa yo toutan, ke ou kwèl ke ou pa kwèl. Men pwen an sè ke, ankò, pa gen okenn konspirasyon pou rale plim soti nan je pèsonn. Kote varyasyon yo merite konte, Kretyen yo gen eksperians sou yo, presizeman paske nou kwè ke varyasyon sa yo- ak rezon ki fè yo egziste nan premye plas- ka ede nou detèmine yon degre remakab de pwobabilite sou kisa dokiman original Nouvo Testaman an te di.

Finalman, tankou sijè tradiksyon an, li moutre ke se pa yon doktrin otodòks kretyènte ki depan sèlman sou yon kesyon de yon pòsyon tèks biblik. Menm si kesyon sa a pa genyen anyen ki vrèman entèresan, e si yo entèresan, menm doktrin yo eksprime nan kote sa yo, te panse nan lòt kote nan pòsyon ke yo *pa kesyone* nan Bib la.

Èske ou wè pwen an? Akizasyon ke yo di, ke nou pa ka konnen sa orijinal yo te di a se manti. Brèch ki genyen ant orijinal la ak kopi nou yo ki pi vye-nan gran plan bagay yo- pa tèlman long. E lontan anvan *redwi* abilite nou pou idantifye sa orijinal yo te di, tout kantite kopi ki egziste kounye a pèmèt nou dedwi rezon, e pou rive sou yon degre ki wo sou konfidans istorik, sou sa Jan, Lik, Pòl, ak lòt otè Nouvo Testaman yo te ekri.

KI KOTE NOU TE SÒTI LWEN KONSA

Donk men kote nou te soti lwen konsa nan envestigasyon nou de si dokiman Nouvo Testaman yo konfyab istorikman. Premyeman, efektivman nou ka konfye ke tradiksyon nou yo ki soti nan dokiman yo fidèl epi kòrèk. Dezyèman, nou ka gen konfyans ke nou konnen kisa otè dokiman sa yo te ekri oriijinalman.

Tradiksyon? Kòrèk.

Transmisyon? Kòrèk.

Men nou pokò fini. Menm si nou ka konfye ke tradiksyon nou yo fidèl e menm si nou ka konnen byen sètènman kisa otè yo te ekri, èske nou sèten ke nap gade nan koleksyon dokiman kòrèk yo?

Nan lòt mo, poukisa nou konvenk nou ke nou ta dwe gade nan dokiman *sa yo*, e non nan *lòt*?

CHAPIT KAT (4)

ÉSKE REYÈLMAN SE LIV SA YO KE WAP CHÈCHE?

Mwen te li *Kòd Da Vince*. Mwen te rejwi lè mwen tap li *Kòd Da Vinci*. Pandan yon paj nan woman an te an aksyon, sa se pi entèresan. Mwen te konn rete byen ta pandan mwen tap swiv ewo yo pandan yo tap trase pist apre pist, pandan yo tap reponn vye adivinans epi vwayaje anviwon Ewòp. Menm jan ak ekriti liv sa a, Google di mwen ke yo te vann plis ke wit milyon kopi *Kòd Da Vinci* depi lè yo te pibliye li a. Youn nan rezon siksè sa a, mwen imajine, se te rezulta atitud Dan Brown genyen pou rakonte istwa, men sa pa ka eksplike li nèt. Ni nou ka pwente sou gran kalite literati liv la; se p asa ki te fè li vann nonplis. Non, sa ki te fè *Kòd Da Vinci* vann konsa se sa chak otè *reve* ki ta va pase ak youn nan liv li yo- sa te limen yon kontwovès nan lemond antye.

Anpil nan istwa sansasyonèl ke Brown ekri, moun pat janm pran sa o serye. Apre tout bagay, *Kòd Da Vinci* di nan premye paj li, "Tout karaktè ak evenman nan liv sa a se fiktis, e nenpòt resanblans ak moun aktyèl, sa ki vivan oubyen ki mouri, se yon koensidans." Men masif popilarite liv la te kondwi kèk nan prezantasyon li yo byen fon nan antannman kolektiv nou an, menm nan nou ki se Kretyen tou. Youn nan prezantasyon sa yo di ke Bib la jan nou konnen an se yon koleksyon atifisyèl sèlman de liv yo, petèt menm youn ladan yo tache ak konspirasyon ak pouvwa ak plan malen. Men kouman youn nan pasaj *Kòd Da Vinci* a revele konspirasyon an:

"Sophie te mande: Kilès ki chwazi ki levanjil ki pou antre?"

"Anhan!" pandan Teabing tap antre sibitman ak antouzyas.

"ironi fondamantal Kretyènte a! Bib la, jan nou konnen Jodi a, payen ampere Women an, Gran Konstanten te konpare ak atasyon."¹

Sa a se yon fason maladwa pou eksplike li, men istwa ke Brown ap vann la a genyen yon istwa ki long nan mitan savan yo ki enkredil fas a Bib la. Imaj ki parèt la a sè ken an twa premye syèk oubyen plis nan egzistans Legliz la, yon pakèt matris

1 Dan Brown, *Kòd Da Vinci: Yon Roman* (New York: Doubleday, 2003),231.

dokiman te nan konpetans pou atansyon ak otorite nan tout anpi Women an. Chak kominate kwayan yo, istwa a ap rakonte, te genyen pwòp dokiman yo ke yo te pran pou vrè ansèyman Jezi yo, epi tou Kretyènte a se te yon chodyè kap bouyi ak kim ki te genyen bèle divèsite ak gwo konfli lide! Apre sa, yon jou nwa nan mitan katriyèm syèk la, yon gwoup bichòp figi di ki te gen pouvwa, te reyini nan yon ti otèl nan plaj, nan yon vil ki rele Nikaea (tipik, no?), epi ak sipò ke yo te genyen de payen yo ki rich, payen ampere Konstanten, te mete fen rapid nan tout sa. Pandan li te pibliye yon lis dokiman ke yo te pi renmen, bichòp sa yo te anpeche itilizasyon nenpòt lòt epi tou yo te koumanse yon pwogram sistematikman ki tap netwaye tout sa ki pat dakò ak yo epi tou detwi nenpòt dokiman ki te bay yon pèspektiv sou Jezi ki diferan ak pa yo a. Se konsa "kanon" Nouvo Testaman an te fèmen-tankou yon pòt prison- e lemond te antre anba fènwa.

Petèt mwen mete youn oubyen de bagay pou bèle pou ka fè dram nan, men mwen pans eke se yon bon deskripsyon "fim" sa a kap jwe nan tèt anpil moun lè ou pale sou kesyon kanon biblik la e kisa ki apatyen a li reyèlman. Nenpòt kijan, pifò kretyen ke mwen rekonèt ta va genyen difikilte pou reponn yon kesyon sa a, "èske ou sèten ke wap gade nan liv kòrèk yo?"

Sa a se yon kesyon enpòtan tou, paske si objektif nou se pou rive a yon konklyzon ki konfidan ke Bib la istorikman konfyab, natirèlman nou dwe konfye ke nap gade nan dokiman kòrèk yo. Si

kèk moun te reyèlman toufe, kraze, detwi, boule oubyen okontré reprime *lòt* liv ki rakonte yon istwa diferan *men ki inspire menm konfyans la* de Jezi, enben konfidans ke nou genyen de ke Bib la bannou yon istwa konfyab ki nesesèman e konsiderabman mine.

Donk sa a se kesyon ke nou bezwen adrese nan chapit sa a: Èske sa yo se dokiman kòrèk yo ke nou dwe gade, nan premye plas? Nan lòt mo, èske genyen (oubyen petèt èske te genyen) lòt "Levanjil" deyò a ke nou dwe gade tou- oubyen menm nan lòt plas? Kouman nou ka gen konfyans ke dokiman sa yo ke nap gade yo se dokiman kòrèk yo e lòt yo pa kòrèk?

KISA KI YON KANON

Lè nap pale de *kanon* biblik la, sa nou vle di, se lis liv yo ke kretyen yo asepte tankou sous otoritatif de enfòmasyon sou Jezi. Mo *kanon*² an soti nan langaj Grèk la, kote li fè referans sou yon *règ* (prensip) oubyen *estanda*. Ou ka wè poukisa kretyen yo itilize mo sa a lè yo vle fè referans sou koleksyon liv otoritatif yo; sa yo se dokiman ki ansanm ak esklisivman reprezante *estanda* ki mezire, file, evalye, epi, si li nesesè, korije lavi ak doktrin Kretyen yo.

2 Pou chapit sa a, mwen te apiye espesyalman sou Graig L. Blomberg. Èske nou ka toujou kwè nan Bib la? Yon angajman Evanjelik ak kesyon tempòrè (Grand Rapids, MI: Brazos, 2014); F.F. Bruce, *Kanon Ekriti a* (Downers Grove, IL: IVP Akademik, 1988); C.E. Hill, *Kimoun ki te chwazi Levanjil yo?* Prèv konspirasyon gran Levanjil la (Oxford: Univèsite Près Oxford, 2010); Paul D. Wegner *Vwayaj ki soti nan tradiksyon tèks yo: Orijin ak developman Bib la* (Grand Rapids, MI: Baker Academic, 1999).

ÉSKE REYÈLMAN SE LIV SA YO KE WAP CHÈCHE?

Kesyon an se, byen si, se kouman kanon an-lis otoritatif liv yo- te rive fêt. Èske pwosè sa a bannou konfidans pou konfye nan liv sa yo pou bannou enfòmasyon fidèl sou sa ki te passe reyèlmnan?

Paske objektif nou depi nan koumansman se pou rive sou yon konfidans istorik sou rezireksyon Jezi, nou pa bezwen passe plis tan pou dekri ak defann kanon Ansyen Testaman an.³ Nou va tounen sou kesyon sa a nan chapit 7 la. Pou kounye a, li sifi pou rete nan tan Jezi , kanon Ansyen Testaman an prèske jwi yon akò inivèsèl, e Jizi ak disip ki te la ak li yo te asepte kanon sa a san objeksyon.

Nan sa ki konsène objektif nou, reyèl tèm nan se kouman kanon Nouvo Testaman an te rive fêt. Plis nan pwen paske evenman say o te apiye solidman sou kouman konfidans istorik ke nou ka genyen nan dokiman sa yo. Men poukisa. Si kanon Nouvo Testaman an te soti nan yon konspirasyon dezagreyab moun ki gen pouvwa ki te reprime lòt liv ki te genyen menm objektif fidelite, enben li ta vrèman difisil pou konkli ke jan Nouvo Testaman an kanpe a, konfyab istorikman. Epi tou, si yo rekonèt liv patikilyè sa yo sou motif abitrè - sa a, se si yo pa genyen okenn bon rezon pou sa- enben li ta difisil tou pou di ke liv sa yo bannou yon imaj fidèl e konfyab de Jezi. Finalman, yo ka di

³ Pou yon trètman detaye de kanon Ansyen Testaman an patikilyèman debat sou Apokrif yo, gade Wegner, *vwayaj*, 101-30; F.F. Bruce, "Ansyen Testaman," *dézyèm pati nan kanon Ekriti a*.

menm bagay la si si pwosè a te esansyèlman mistik. Sa a, se si pa genyen rezon istorik asesib pou bay liv sa yo privilèj, e non lòt, sof, yon santiman pèsonèl sou verasite, epi, nou pa ta ka genyen plis konfidans istorik nan yo. Pou fè sa pi senp, si nou pral gen konfidans istorik sou sa dokiman Nouvo Testaman yo di nou, enben nou dwe poze kesyon sa a, "Èske rezon ke nou genyen pou gade liv sa yo, jan yo opoze a lòt yo, gen sans?"

Pou koupe sa nan plas li, wi, yo gen sans. Pou rive sou konklizyon sa a, sepandan, sa va pran yon tan. Nou vrèman bezwen fè de bagay. Premyeman, nou koumanse ak lide ke anpil moun adopte nan kòd Da Vinci an-ki di ke kanon Nouvo Testaman an se yon konspirasyon bichòp ki gen pouvwa ki te aji de fason dezagreyab epi enjisman pou siphime yon pakèt dokiman ki te gen menm nòt yo. E dezyèman, nou dwe wpoze kesyon pou konnen si Kretyen ki te la anvan yo te gen yon bon rezon pou previleye dokiman yo, jan yo te fè l la. Si pat gen okenn konspirasyon pou siphime lòt dokiman epi tou si Kretyen ki te la anvan yo te genyen bon rezon pou pou previleye dokiman ke yo te previleye yo, enben nou va kapab di ak yon bon konfidan ke vrèman vre, nap gade nan liv kòrèk yo.

YON LAMÈ LEVANJIL?

Ann koumanse konsidere si te genyen yon konspirasyon pou siphime lòt dokiman. Ou mèt koupe l jan ou vle, lide sa a se

ÉSKE REYÈLMAN SE LIV SA YO KE WAP CHÈCHE?

sèlman bagay san sans, e finalman pa genyen menm de rezon pou panse konsa.

Anvan tout bagay, se pa vre ke premye ligliz la te inonde nan yon lamè liv ki tap moutre yon lakansyèl divèsite de kwayans kote yo te deside netwaye yon forè ki plen ak bon liv pou ka chwazi sèlman sa yo te prefere yo. Kretyen ki te la anvan yo pat genyen yon vast divèsite kwayans. Pou di verite, sèl ekriti Kretyen ke yo te konfye, te gen dat premye syèk la, e se sèl limenm ki finalman te bay nesans a Nouvo Testaman an. Se pa sa sèlman, tèks ki nan liv yo ki pi ansyen-make nan dat premye mitan dezyèm syèkke yon gwoup pwofesè te ekri ke nou te vin rele papa apostolik yo, e tout moun sa yo te trè fò nan akò doktrinal avèk liv yo ki aktyèlman konfòme Nouvo Testaman an. Sèlman nan pi ta dezyèm syèk la – plizyè santèn ane apre anpil liv yo ki te konfòme Nouvo Testaman yo te ekri-dokiman yo te koumanse ap moutre separasyon yo de ansèyman ki te soti nan liv sa yo ki te la anvan an. Epi, malgre sa, liv sa yo ki te vini apre a, moutre yon vijilans sou liv ki te la anvan yo, bagay ki te chanje yo de desafyan fèb a yon desafyan fò, ki te asepte tradisyon.

Donk ki sa sa vle di la a? Lide ki fè kwè ke te genyen yon lamè ki tap bouyi "ak anpil levanjil" e lòt dokiman pou yo te chwazi nan de premye syèk istwa Kretyen yo pa fyab. Te genyen liv Nouvo Testaman yo, epi tou-yon syèk pi ta- te genyen liv yo ki te emèje ki tap eseye defye yo.

Dezyèman, tout teori konspirasyon yo depann bouyon lamè a pandan kèk syèk anvan katriyèm syèk bichòp la te fèmen li, men ligliz la te toujou rekonèt liv Nouvo Testaman nou an tankou otoritativ pi anvan pase nenpòt teori konspirasyon. Jeneralman, enkredil yo di ke pa gen okenn kanon ki te eziste toutotan kèk konsil oubyen bichòp te kodifike li nan katriyèm syèk la. Men aktyèlman, evidans la moutre ke, menm si legliz te debat otorite yon men plen de liv Nouvo Testaman yo nan katriyèm syèk la, Kretyen yo te rekonèt konplètman gran majorite de sa nou konnen tankou Nouvo Testaman nou an tankou otoritativ, non pa pi ta ke lafen dezyèm syèk la. Pou di verite, yo te rekonèt konplètman anpil nan liv sa yo (anpil nan ekriti apot Pòl yo tou) tankou ki te genyen otorite sou final *premye* syèk la.

Lè yap pale de kat Levanjil yo menm-Matye, Mak, Lik, ak Jan- nou genyen bon rezon pou panse ke legliz te idantifye yo tankou sèl otoritativ trè bonè, pi bonè pase katriyèm syèk la. Yon trè entèresan temwanyaj pou diskisyon sa a, se bichòp Irenaeus de Lyons, ki te ekri anviwon nan ane 180 anvan Kris ke li ta bon pou Bondye ta bay legliz la kat Levanjil paske genyen kat kwen nan latè ak kat van. Kounye a, apre anpil ane, kèk moun pat ka sispann moke Irenaeus sou pwen sa a; yo di: ki kalite enbesil sa a, ki deklare, "genyen kat van, donk, sètènman dwe genyen kat Levanjil"? Kouman li sipoze sa pou konvenk moun? Gade non. Irenaeus pap eseye fè yon agiman *lojik* la a. Li pap menm eseye

konvenk enkredil yo ak rezonman sa a. Non, Sa lap fè a se yon pwen *estetik* sou kijan sa ta bèl e konvenab e dwat si Kretyen yo ta genyen *kat* Levanjil, yon pwen ki ta dwe resonen premyeman ak moun ki te *gentan konvenk* e ki te bezwen konfime nan konviksyon sa a. E anndan manti sa yo pwen istorik la. Ke Irenaeus ta fè jan de agiman sa a- pa plis pou eseye pès Wade enkredil tankou yo rejwisans ak li epi déjà afime vrè kwayan yo- pou moutre yon gran entelijans, tout nan chemen tounen ale nan ane 180 anvan Kris, ke te genyen finalman *kat Levanjil e sèlman kat Levanjil*.

Men fil la pat fini la. Si nou tounen pi lwen, apolojis Justin Martyr (ki te ekri anviwon 150 ane anvan Kris) sanble te asepte *kat Levanjil* otoritativ, tankou yon disip ki te rele Papias te ekri bonè tankou 110 ane anvan Kris. E pou fini ak sa, genyen kèk evidans fasinan ke Papias te site ke *Apot Jan li menm* menm tankou li tap asepte lòt Levanjil menm jan li tap ekri pa li a.⁴

Men kote pwen an ye. Imaj komen akò ke Kretyen ki te la anvan yo te asepte a tankou yon kabann cho ki plen kim divès moun ki tap ekri levanjil ak epit, yo te sanble menm bagay jiskaske yon gwooup bichòp nan katriyèm syèk la ak enperè payen yo fèmen yo tout e wete yo nan men moun, se jis yon lavant liv san sans. Reyalite istorik la sè ke majorite dokiman Nouvo Testaman yo, espesyalman *kat Levanjil* yo, te gentan idantifye e òganize tankou

4 Pou agiman sa a, gade Hill, *Who Chose the Gospels?*, 207-25.

otoritativ trè bonè, e ekriti ki tap *defye* yo ke komen akò general la te koumanse leve yon syèk apre. Kounye a, si sa se verite, enben nou te fè yon pa enpòtan nan direksyon pou etabli konfidans istorik nan kanon Nouvo Testaman an: Senpleman pat genyen konspirasyon pou privilejye liv sa yo epi sprime lòt yo "ki te egal men anbarase."

YO PAT CHWAZI-YO TE RESEVWA

Malgre sa, gen yon lòt kesyon ki la. Menm si dokiman Nouvo Testaman yo pat kanonize anba fo oubyen mal pretansyon, nou dwe mande si Kretyen ki te la anvan yo te gen rezon istorik ki te merite pou yo chwazi dokiman ke te chwazi pou kanonizasyon an.

Men kenbe la. Mwen jis te pale mal nan paragraf anlè a. Kretyen ki te la anvan yo *pa ta janm* pal de yo menm "pou chwazi" ki liv ki ta va fè pati kanon an. Nan jan sa a, ou ta dwe mande yo, "Poukisa nou te chwazi paran sa yo ke nou te chwazi a?" tankou "Poukisa nou te chwazi liv sa yo ke nou te chwazi a?"

La verite a se, Kretyen sa yo ki te la anvan an senpleman pat panse sou sa konsa. Lè yo te ekri sou ki liv ki ta dwe fè pati kanon an e ki liv ki pa ta dwe fè pati kanon an, yon fwa e yon lòt fwa ankò, yo te itilize langaj tankou "nou te *resevwa*" e "liv sa yo te *transmèt*." Konprann yo te genyen sou wòl yo nan pwosè a se pat pou jije, pwente, *chwazi* ak yon dwèt men pito yon men ouvè pou *resevwa*, epi retounen.

Gade, sa a se pa yon pwen semantik nonplis, nonplis se pa yon pwen espirityèl (poko). Se yon pwen istorik, e li sipòte trè di nan imaj espirityèl ke nou genyen sou kouman pwosè kanonizasyon an te fêt. Lide ki genyen sou legliz ki te la anvan an "de chwazi" ki liv pou kanonize moutre ke yo te koumanse ak yon paj Blanch ak anpil diferan liv e yo te koumanse yon pwosè pou evalye liv sa yo epi pou deside kilès ladan yo yo va privileje. Men sa pat janm pase konsa, menm pou youn menm nan Kretyen ki te la anvan yo. Pou di verite, yo chak-efektivman, chak jenerasyon- te koumanse, non ak yon paj Blanch, men pito ak yon gwoup liv otoritativ ke yo te eritye de jenerasyon pase a ke jenerasyon sa a te eritye de jenerasyon ki te vini anvan yo, e se konsa sa te fêt diran tout jik rive tounen sou apòt yo menm menm. Vrèman, okazyonèlman kèk moun ta defye eritaj sa a ki gen pou wè ak liv yo, nenpòt fason, E Kretyen yo va aranje yo sou sa. Men verite a fè nou sonje ke senpleman yo pat pale de *chwazi* oubyen *deside* men sèlman yo te pale de *resevwa sa ki te la*. Pozisyon yo se te fondamantalman modèst. Yo te resevwa; yo pat chwazi.

YO TE GENYEN BON REZON

Nou ka toujou mande, kouman Kretyen sa yo ki te la anvan an te ka sonje pou konfyé ke ekriti ke yo te òganize yo tankou otoritativ yo te koumanse sou sila yo ki kòrèk la. Lè defi leve kont tradisyon eritaj yo- kèk ladan yo ap di, liv sa a, oubyen liv sa a pat

fè pati, gen lòt yo ki ensisteke liv sa a, oubyen liv sa a pat fè pati-kouman yo te reponn? Èske Kretyen ki te la anvan yo te genyen yon kritè solid pou di, "Wi, nou trè konfyan ke liv sa yo ke nou te resevwa a, fè pati, e men poukisa," oubyen, "Non, nou sèten ke liv sa a pa fè pati, e men poukisa li pa fyab"? Nan lòt sans, èske yo te jis resevwa avègman sila yo ke yo te pase yo, oubyen èske yo te gen bon rezon pou asepte liv sa yo?

Repons la se ke, yo te gen bon rezon pou asepte yo, pou di verite, rezon tankou-kritè tankou- e kat ladan yo te vin tounen tès primè yo: apostolisite, antikite, otodòksite, ak inivèsélite.

Si nou te genyen tan ak espas, senpleman nou tap pwopajé tout sous ki te la anvan yo kote Kretyen yo te diskite sou poukisa legliz ta dwe resewwa ou non sèten liv tankou ototritativ, e a travè etid sa a nou va wè kat kritè sa yo (ak lòt) ki te parèt. Nenpòt kijan, nou pa gen tan oubyen espas-sa a se yon liv ki kout aprè tou! Chans pou nou, yon dokiman ki te a la anvan moutre o mwen twa nan kritè sa yo ki itilize nan yon kote. Dokiman sa a te rele, Muratorian Canon (oubyen Fragman Muratorian) se yon tradiksyon an Laten nan setyèm ou wityèm syèk de yon dokiman ki te ekri orijinalman an Grèk pwobableman nan final dezyèm syèk la. Ou ka wè tèks la konplè nan nenpòt liv konpreyansiv nan kanon an (gade apendis la), men la a, lap sifi pou sanble kèk fraz ki ilistre li sèvi ak kritè nou yo. Ann koumanse ak sak pi enpòtan an: apostolisite.

REZON 1: APOSTOLISITE

Apostolisite se yon mo konplike ki genyen yon senp sinifikasyon. Senpleman, li pwente sou yon dokiman ke yon apòt Jezi te ekri oubyen ke yon konpanyon yon apòt Jezi te ekri. Yon fwa apre lòt fwa, otè Muratorian Canon an reyalize nan tès sa a an patikilye pou defann liv kanonik. Enben li di, pa egzanp, "katriyèm nan Levanjil yo, se Jan ki te ekri li, youn nan disip yo." Pou Levanjil Lik la, li di ke se Lik ki te ekri li, "anba otorite Pòl," e menm jan an li di de lèt Pòl yo ke ""apòt Pòl ki beni an li menm menm... ekri... ak non voye bay sèt legliz."⁵

Apostolisite se te kritè ki pi enpòtan ke legliz ki ta anvan an te konn idantifye e defann kononisite. Lide a te pwofon senp e te gen pouvwa: Se pa jis ke nenpòt moun te ka ekri yon liv sou Jezi epi oblige legliz pou asepte li tankou sèl ekriti. Non, otorite sa a te rezève sèlman pou moun ke Jezi limenm menm espesifikman te chwazi pou apòt ak yon ti gwoup konpanyon apòt yo.

Youn nan bagay entèresan pou n di la a se kouman anpil otè ak Ekriti yo nan mitan sisyèm syèk la tap eseye fè legliz fou pandan *yo tap antre non apòt yo ak lòt disip nan premye syèk la nan dokiman yo yo!* Poukisa yo te fè sa? Se senp: Yo te konnen ke yo pat gen

⁵ Referans nan Wegner, *Journey*, 147, ak J. Stevenson, de.' *A New Eusebius: Documents Illustrating the History of the Church to AD 337*, 3zm de., rev. W.H.C. Frend (Grand Rids, MI: Baker Academic, 2013), 137-38.

okenn chans nan mond lan pou yo te rekonèt yo tankou otoritativ o mwen yo ta ka pase liv yo tankou inisyal ak yon apòt oubyen yon konpanyon apòt.

REZON 2: ANTIKITE

Kritè antikite a te gen relasyon tou pre ak apostolisite, e, pou di verite, pwobableman yo te konn itilize li pou ede detèmine si yon liv finalman te apostolik. Pou fe sa pi senp, pou yon liv te genyen otorite apòt, li te dwe vye, pou te gen dat premye syèk la. Liv yo ki te ekri pi resan ke dat sa a senpleman pat kalifye paske tout apòt yo te mouri nan rive dezyèm syèk la. Antikite, pata sire kanonisite non plis, men si li pat gennyen antikite, sa te anpeche li.

Se egzakteman sa nou wè nan Muratorian Canon an, ki rejte yon liv ki te rele *Pastè a de Hemas* paske "Hemas te ekri li ta nan tan nou yo nan la Vil Wòm... e byen si...yo pa ta ka li nan fen tan an, piblikman li nan legliz devan moun yo, non plis pami pwofèt yo, ki konplèt nan nimewo yo, oubyen pami apòt yo."⁶ Kretyen ki te la anvan yo te di, "Debitan yo pa bezwen aplike!"

REZON 3: OTODÒKSITE

Twazyèm kritè kanonizasyon an se te ke yon liv te dwe an akò ak estanda verite ki reflete nan tradiksyon doktrinal ke Jezi

6 Referans nan Wegner, *Journey*, 148; Stevenson, *New Eusebius*, 138

limenm menm te kite. An premye, anpil nan tradiksyon sa yo se te oral, yo te pase yo a travè ane yo nan pawòl nan bouch. Men pandan tan an te pase e plizyè Levanjil ak epit te ekri e pa konsekans yo te resevwa yo tankou otoritativ, kanon li menm menm te vin estanda kont liv sa yo ki te mezire. Se poutèt sa, si yon liv te anseye kèk bagay kontrè ak liv otoritativ yo ke yo te gentan rekonèt, yo te rejte li. Enben otè Muratorian Canon nan di sou kat Levanjil yo, "Sepandan yo gen anpil ide nan anpil liv Levanjil yo, sa pa fè okenn diferans nan lafwa kwayan yo, gen lontan sa Lespri souveren an te deklare tout bagay nan yo tout sou sa ki konsèn Nesans, Pasyon, Rezireksyon, konvèsasyon ak disip li yo, (ak) de vinil i yo."⁷ Se pa sèlman kat Levanjil yo te apostolik e ansyen; yo te konsistan tou ak estanda verite a, e byen si, prepare pou yo resevwa yo tankou otoritativ san ezitasyon.

REZON 4: INIVÈSÈLITE

Yon lòt kritè ankò ki te pwouve nan defans legliz la pou resevwa kanon li a: Inivèsèlite. Lide sa a soutni ke sèl liv yo ki rekonèt tankou otoritativ se te sila yo ke Kretyen yo nan tout kote nan lemond te itilize epi bay valè. Si yon liv te parèt sèlman nan yon sèkt espesifik ou dimwens yo te itilize li nan yo kote patikilye nan lemond, yo te rejte liv sa a. Pou yon lòt bò, yon liv ke yo te

⁷ Referans nan Wegner, *Journey*, 147; Stevenson, *New Eusebius*, 137

kesyone pou kèk rezon te ka jwenn ka li gran e fò si Kretyen yo te gentan ap itilize li nan tout lemond. Efektivman, itilizasyon pwopagasyon de Ebre yo ak Revelasyon an te kontribye nan tou de liv sa yo ki finalman yo te rekonèt tankou kanonikal.

DONK... ÈSKE NOU GENYEN LIV KÒRÈK YO?

Okey, ki kote tout bagay sa yo mete nou? Bon, anvan tout bagay li bannou yon konklyzon fèm ke kanon Nouvo Testaman an, se pat rezulta kèk enfam konspirasyon ki te parèt byen ta pou privileje yon sèl liv epi sprime tout lòt yo ki ta va bannou yon "pèspektiv diferan" de Jezi. Verite a se ke, pat genyen okenn "lòt liv" jis rive byen ta, e jis lè sa a sèlman, tankou yon reaktiv defi pou yon fèm tradiksyon ki etabli e grandi. Sa te kite nou tou ak yon bon konfidans ke Kretyen ki te la anvan yo pat entèrese nan mit oubyen aza oubyen santiman vag de *verasite*, tankou nou di Jodi a, lè yo tap defann kanon yo a. O kontrè, yo te genyen bon rezon, sinifikans istorik pou eksplike poukisa liv sa yo, malgre yo te diferan ak lòt yo, te meyè liv pou prezèvè lavi ak ansèyman Jezi: yo te apostolic, e (byen si, ansyen tou), yo te kanpe sou akò ak verite a jan yo te resevwa li a pandan anpil jenerasyon, e Kretyen yo nan lemond antye te rekonèt yo e ba yo valè tankou otoritativ.

Donk lè yo poze kesyon, "Èske nou genyen liv kòrèk yo?" panse sou sa konsa: Pa menm youn nan dokiman yo ki fòme Nouvo Testaman nou an te fayi nan tout tès rezonab sa yo. Sètènman,

yon bon ponyen nan liv nou te pran yon bon tan pou satisfè tès yo, youn plis ke lòt, men finalman, legliz la te rekonèt ke yo chak te satisfè konplètman kritè pou otoritativite a. Sa vle di, okenn liv nan kanon Nouvo Testaman nou an pa ta dwe la, selon kritè rezonab la. Yo tout ansyen, yo tout apostolik, Yo tout dakò ak eritaj estanda verite, e yo tout te lajman rekonèt. Nan yon mo, yo se temwanyaj fidèl de lavi ak ansèyman Jezi.

Anplis-e petèt plis enpòtan-okenn dokiman te egziste nan tout istwa lemond ki te fè pati kanon an, men li pa ladan li. Sètènman, kèk liv te leve sousi yo nan premye syèk legliz la, men finalman, yo chak te jije, non paske yo te ansyen, apostolik, otodòks, oubyen lajman rekonèt-oubyen kèk konbinasyon nan sa yo. Nou te wè tou, pa egzanp, *Pastè a de Hemas* te fayi nan pwen antikite a epi tou nan apostolisite. Paske se Hemas te ekri li, e non yon apòt oubyen yon konpanyon pre apòt, Kretyen ki te la anvan yo te di, Li pat ka fè pati kanon an kanon otoritatif. *Levanjil Pyè a*, asanm ak kèk lòt liv, te fayi nan de pwen: (1) sa te sinifi revele bagay ke Jezi te anseye "an sekrè"- bagay ki gen kontradisyon ak sa tout moun konnen sou sa ke Jezi te anseye piblikman-se poutèt sal i te fayi nan tès otodòks la; e (2) yo te itilize li sèlman nan pati izole ak ecate nan legliz la, se poutèt sa li te fayi nan tès inivèsèlite a. E petèt *Levanjil Toma* a te pi fame, ki yo te rejte tankou otoritatif, non sèlman paske li pat fin ekri sou fòm final li, jis nan dezyèm syèk la (sa vle di se pa apòt Toma ki te ekri li, ki sètènman te

Kiyès Jezi Ye?

gentan mouri nan dat sa a) men tou poutèt li te gen ansèyman ke tout moun te konnen ke se te etranj, e menm kontré, ak ansèyman piblik Jezi yo.

Kite m mete pwen an konsa: Kisa ou wè, si ou ta gen yon paj Blanch, yon opòtinite pou konstwi pwòp kanon Nouvo Testaman ou? Kouman ou ta va defini lis ansyen dokiman ki ta dwe kwayab, jan yo diferan a lòt yo ki pa kwayab? Ou vrèman panse ke ou ta ka vini ak kritè ki pi bon ke yon bagay konsa, "pou yo kwè yon liv,

Fòk sila yo ki te pwòch Jezi te ekri li oubyen otorize li (antikite ak apostolisite);

Li pa ka koumanse de bagay ke nou te deja konnen sou ansèyman Jezi (otodòksite); e

Li pa ka yon sektè oubyen yon pwovens, men pito li dwe itilize lajman pami Kretyen yo (inivèsélite)"?

Franchman, mwen panse, ke pou ta vini ak kèk bagay ki pi bon pase sa, ta va trè difisil.

Pou presyone pwen an, ki liv egzakteman nan Nouvo Testaman nou an ou ta va wete nan nouvo kanon ou a "nan liv kwayab yo," e ki gran diferans sa ta ka fè nan kò doktrin Kretyen yo? E plis toujou, ki lòt liv ou ta va ensiste pou mete ladan l? Èske ou ta mete *Pastè a liv Hemes* la, menm si preske tout Kretyen ki te la anvan yo te konnen ke se gwooup nèg plis yon syèk apre lamò Jezi

ki te ekri li? Èske ou ta ensiste pou mete Levanjil Pyè a, ke Pyè pat ekri a epi ki te yon atanta pou tonbe nan ansèyman "sekrè" Jezi ke pèsonn pat janm tandem anvan sa (fe je dou, ou mèt kwè mwen, li pat di sa vre)? Oubyen, sa ou di de *Levanjil Toma a*, ke Toma pat ekri e ou ta dwe kanonize pasaj tankou sa a:

Simon Pyè te di yo, "Kite Mari ale kite nou, paske fanm pa merite lavi."

Jezi te di, "Mwen menm menm va gide li pou fè li tounen gason, konsa tou li va vin tounen yonn lespri vivan ki sanble ak noumenm gason yo. Pou tout fanm ki ta fè yo tounen gason va antre nan wayòm syèl la."⁸

(Wi, li di sa vre.) Èske ou wè pwen an? Si nou onèt nan limyè tout sa, mwen doute ke youn nan nou ta ka finalman vini ak yon pi bon koleksyon dokiman pi kwayab ke sila yo ke legliz ki te la anvan an te chwazi yo.

Pou di verite, lè ou panse sou sa, Kretyen ki te la anvan yo te te sanble fè yon bon travay pandan yo tap idantifye ki dokiman yo ki konsidere yon gid konfyab sou sa ke Jezi te di e te fe. Nan yon bò, sa pa sanble ke yo antre nan yon jwèt ak pouvwa pou konspire pou oprime lòt bon dokiman. Nan yon lòt bò, dokiman yo ke yo te defann tankou otoritativ te sanble genyen rezon solid ki te pale an favè yo.

8 *The Gospel of Thomas*, dikton 114; tradiksyon Angle te site nan Blomberg, *Can We Still Believe the Bible?*, 73.

Kiyès Jezi Ye?

Si tout sa a se ka a, enben nou pa bezwen krent ke nan kèk fason ke nou te genyen dokiman ki pa kòrèk yo- sa a se, ke genyen lòt deyò a ki ta va bannou yon imaj ki pi bon pase Nouvo Testaman an de kimoun Jezi ye ak sa li te te fè. Pou di verite, nou ka genyen yon gran konfidans ke liv yo ke nou genyen, finalman se pi bon liv-pi ansyen, pi konfyab, pi plis, nan yon mo, fyab.

Byen si, sa ki gen enpòtans pou nou pou objektif nou yo si otè dokiman sa yo te vrèman tap eseye transmèt enfòmasyon kòrèk.

Men, kisa si yo pat fè sa?

CHAPIT SENK (5)

MEN ÈSKE M KA KWÈ OU?

“Tout lari yo bloke. Gen bri nan foul yo tankou nouvèl ane nan vil la. Tann yon minit... Enemi parèt sou palisad la. Senk-senk gwo machin. Premye a ap traverse rivyè a. Mwen ka wè li depi la a... Mwen te resevwa yon bilten... silend Marsyen ap tonbe sou tout peyi a. Youn deyò Buffalo, youn nan Chicago, St. Louis... sanble tan ak espas... Kounye a premye machin nan rive nan plaj la. Li kanpe la ap gade sou tout lavil la... Li tann lòt yo. Yo leve tankou yon fil tou vijilans sou bò lwès lavil la... Kounye a yo ap leve men an fè yo. *Kounye a sa a se lafen.* Lafimen ap moute... lafimen nwa, ap fè pil sou lavil la. Moun nan lari yo ap gade yo kounye a! Yap kouri ale nan direksyon lès rivyè a... milye nan yo, ap vole nan dlo a tankou rat! Kounye a lafimen an ap pwopaje pi vit. Li te rive Times Square.

Moun yo ap eseye kouri pou li, men se initil. Yap tonbe tankou mouch! Kounye a lafimen an ap traverse Sizyèm aveni... Senkyèm Aveni... san yad pi lwen... Li nan senkant pye..."

[son chòk yo, yon batay, e apre sa yon silans. E apre sa, yon bri tankou bagay kap kraze transmisyon radyo] "2X2L ap rele CQ... 2X2L ap rele CQ... New York? Èske gen kèk moun anlè a? Èske gen kèk moun anlè a? Èske gen kèk moun..."¹

Samdi 30 Oktòb, 1938, anviwon 8:15 nan aswè, sa a se transmisyon nouvèl ke moun nan tout peyi a te tandé lè yo te vire sou Sistèm Transmisyon Columbia (CBS). Nan kèk minit, Estasyon baz kap pwodwi New York la te nan telefòn ak yon Majò nan mitan lwès ki te fache ki tap mande pou estasyon an sispann transmisyon li a paske anpil moun te koumanse ap sanble nan lari yo nan lavil li a. Apre sa, repòtè nan lòt nouvèl ap mande repons nan katye CBS la. Men kouman pwodwizè a te dekri sèn nan.

Lè swivan yo se te yon kochma. Menm kote a bilding nan te plen ak moun ki te gen inifòm ble fonse sou yo.... Finalman la près te lage sou nou, saf pou fè moun pè. Konbyen moun mouri nou te tandé? (pandan yo tap di ke yo te tandé milye.) Kisa nou te tandé sou bri kouri fatal nan Jersey a? (pandan yo tap di ke se te youn nan anpil.) Ki trafik ki mouri? (sang yo dwe plen ak kadav.)

1 "The War of the Worlds," Internet Sacred Text Archive, accessed May 26, 2015, <http://www.sacred-texts.com/ufo/mars-wow.htm>.

Swisid yo? (Èske nou te tandé pale sou sila a nan River-side Drive la?) Tout bagay kyèt nan memwa mwen e terib.²

Li tyeke sa, mèsi Bondye, pat genyen yon moun mouri nan tout nwit la- e menm nan bri kouri a, oubyen trafik, oubyen swisid. Pat genyen okenn nan men marsyen yo non plis. Se paske "transmisyon nouvèl la" ki te repòte sa te mete anpil moun sou panik, e jou sa a se te yon cho nan radyo, yon pwodiksyon dramatik de woman H.G. Wells ki rele *Lagè Lemond yo*.

Moun te toujou sezi pou wè kisa ki bay moun panik nan yon espektak radyo. Sa vle di, yo te konn tandé dram fiksyon anvan sa; efektivman, "Lagè Lemond yo" te fè pati yon seri ki te rele *Teyat Mèki anlè*. Men nan ka sa a, plizyè faktè-krentif de yon lagè ak Almay, anons piblik pat telman souvan nan pwogram radio sa-a, plizyè moun ki tap koute te pèdi koumansman an paske yon pwogram popilè sou yon lòt chèn te moute sou li-ki te kreye yon bon tanpèt ki te fè bon kantite moun *te kwè reyèlman ke marsyen te anvayi lavil New York!*

Li fasinan pou konpare epizòd sa a ak istwa lavi Jezi nan Labib. Kisa, si, anpil moun ki te tandé transmisyon CBS la sou "Lagè Lemond yo," senpleman tap mal konprann objektif otè biblik yo? Kisa, si yo pa tap eseye di nou kisa ki te pase vrèman, men pito yo tap fè yon lòt bagay-petèt ekri fiksyon, kreye lejand, e menm

2 John Houseman, *Run Through: A Memoir* (New York: Simon & Schuster, 1972), 404.

eseye twonpe? Nan lòt mo, yo te fè nou ka trè konfidan kounye a

1. Ke tradiksyon maniskri biblik nou yo konfyab,
2. Ke maniskri biblik nou yo reflete fidèlman sa ke original yo te di, e
3. Ke sètènman nap gade nan pi bon dokiman kòrèk yo pou jwenn enfòmasyon,

Pwochen kesyon an se, èske nou ka konfidan ke moun ki te ekri dokiman biblik yo, yo te konfyab? Èske yo te gen entansyon pou di nou fidèlman sa yo te kwè ki te pase?³

RECHÈCH POU ENDIKASYON

Sa ki enteresan sou "Lagè Lemond yo" se ke yo te repete youn apre lòt nan pwogram nan, transmetè a te bay endikasyon ke sa ou tap tandem a pou sa ki pat yon nouvèl reyèl, men ki te yon dram fiksyon. Yo pat mete soutit endikasyon nonplis. Pa egzanp, premye mo yo ki te parèt nan transmisyon an se te, "Sistèm transmisyon Columbia ak estasyon afilye yo prezante Orson Wells ak Teat Mèki nan lè nan lagè lemond yo de H.G. Wells."⁴ Mo ki te vini aprè misye te pale sou gaz marsyen an, se te " Wap tandem prezantasyon CBS de Orson Wells ak Teyat Mèki a nan transmisyon radyal dramatizasyon original de lagè lemond yo ekri

3 Pou chapit sa a, mwén te apiye espesyalman sou Craig L. Blomberg, *The Historical Reliability of the Gospels*, Dzm de. (Downers Grove, IL: IVP Academic, 2007).

4 "Lagè Lemond yo."

pa H. G. Wells. Pèfòmans la va kontinye apre yon poz.⁵ Pwogram nan te antre nan komèsyal pandan yon tan nan transmisyon an. Malgre sa, CBS te oblige fè anons *twa fwa ankò* maten sa a *anplis travay nasyonal* sou rezò yo pou di ke Mas pat ataque vre!

Pou espektatè yo ki te vire sou transmisyon “*Teat Mèki a*” de Orson Wells de 8 a 9 è p.m. estanda lès aswè a e ki pat reyalize ke senpleman se te yon adaptasyon pwogram modènize de yon Woman koni de H.G. Wells ki rele *Lagè Lemond yo*, nap repete verite ki te fè kat tan nan pwogram nan byen klè, ke pandan yo te itilize kèk non lavil Amerikèn, tankou nan tout woman ak dramatizasyon, tout istwa a ak tout ensidan yo se te fiksyon.⁶

Pou ka rele di sa byen fò-e sa a se te pwen CBS an nan denye anons lan-moun yo ta dwe tande endikasyon an! Yo ta dwe konprann endikasyon yo nan pwogram nan menm, ke se pat yon repòtaj ne yon evenman reyèl. Tout bagay te la a devan je yo a.

Okey, donk pou tounen sou kesyon nou an, nou bezwen mande kounye a si Bib la bay kèk endikasyon konsa. Èske li bannou kèk endikasyon ke nou ta li tout bagay yo non tankou yon istwa tantativ men pito tankou fiksyon oubyen lejand oubyen mit oubyen kèk bagay konsa? Bon, Bib la efektivman pa bay kèk endikasyon, men yo pwente sou lòt direksyon. Yo tout pwente

5 Ibid.

6 Hadley Cantril, Hazel Gaudet, and Herta Herzog, *The Invasion from Mars: A Study in the Psychology of Panic, with the Complete Script of the Famous Orson Welles Broadcast* (Princeton, NJ): Princeton University Press, 1940), 43-44.

sou konklizyon ke ekriven biblik yo te gen entansyon vrèman pou repòte evenman fidèl jan yo te wè yo a.

KISA YO TAP FÈ?

Men bagay la. Si ou vle asire ke ekriven biblik yo te genyen yon entansyon diferan a repòtaj fidèl, onètete entèlektyèl pa mande ke pou jis asire tankou yon objektif men pou ou pwopoze yon altènative. Si yo pa tap eseye repòte evenman fidèl, eben ki sa yo tap fè egzakteman?

Ann panse sou sa:

1. Otè biblik yo gen dwa te genyen yon *objektif non istorik* nan ekriti. Petèt, jis tankou H. G. Wells, yo tap yon jan de woman konsa, ke yo te konnen ki pat verite nonplis. Se menm jan an, petèt yo tap konstwi yon lejand-sa a, se pran yon jan de de evenman jis ki pa remakab, epi pentire yo ak detay ekstraòdinè. Moun reyèl yo ki devlope lejand yo, trè souvan yo panse ke istwa yo a ka di kèk bagay- nenpòt jan misteryezman- de reyalite yo oubyen orijin yo, e menm si yo konnen tou ke detay estravagan yo se bagay ki envante. Byen si, pwoblèm nan se ke pa konsekan moun kap tande yo ak moun ak lektè yo pa toujou fè distensyon an epi yo jis panse ke tout istwa a se verite. Donk petèt sa nou genyen nan Bib la se *fiksyon*

MEN ÈSKE M KA KWÈ OU?

oubyen *lejand*, se pa yon repòtaj, e Kretyen yo te sèlman pat genyen blag la.

2. Otè biblik yo te gen dwa genyen yon *objektif pou twonpe*. Petèt, tankou anpil moun ki ke vin anvan yo ak apre yo, yo te gen entansyon pou eseye wete pay nan je tout moun epi fè yo kwè yon bagay ki pat janm pase vre. Petèt se te yon gwo ilizyon, yon jwèt, oubyen karyè anbisye amok.
3. Otè biblik te gen dwa *twonpe tèt yo*, yo menm menm. Ou pa va panse ke kèk moun delibereman te twonpe tèt yo pou di sa. Petèt pwòp lespri yo te twonpe yo, petèt tradisyon ke yo te tandem de lòt kretyen yo te kowonpi. Nenpòt jan sa te ye, petèt enkonsyàman te pase desespyon an ban nou.
4. Finalman, se pa ta dwe sa otè biblik yo te pwopoze pou fè, paske menm si yo tap eseye bannou deskripsyon fidèl sou sa ki te pase, istwa yo a tèlman konfiz, ak kontradiksyon, ak erè, ke finalman nou pa ka kwè anyen ladan yo.

Petèt youn nan sèn sa yo kapte reyalite a. Men, kisa, si nou ta ka konfyan ke okenn ladan yo kapte reyalite a? Si li vin pwobab ke otè yo pat gen entansyon pou ekri fiksyon oubyen lejand, ke yo pa tap eseye twonpe, ke yo pat desespyone yo menm menm, e ke sa yo te ekri a se pa erè tankou gen kèk moun ki te di, epi no uta ka konkli ak yon degre ki wo nan konfyans ke otè yo efektivman te

gen entasyon pou bannou enfomasyon fidèl, de tèl pwen ke nou ka di, "dokiman sa yo konfyab istorikman." Kounye a, nou pokò ka di ke nou konfidan, epi finalman yo konprann li; sa a se yon kesyon pou pwoche chapit la. Men sa kontinye pran tan pou, paske se pa ti bagay ki ka di ak konfidans, "otè biblik yo pa tap ekri fiksyon, yo pa tap pèpetre yon ilizyon, yo pat gen ilizyon, e yo pat konfonn san esperans. Yo te reyèlman kwè ke tout sa te pase vre."

EKRIVEN FIKSYON?

Ann panse a travè tèm sa a pandan nap konsidere premye posibilité a, ke otè yo te gen dwa genyen objektif non istorik e yo pat gen entansyon pou fè nou kwè nan sa ke yo tap di a. Premye kesypon ke nou dwe poze la a se si otè yo te di nou dirèkteman kèk kote ke yo tap ekri fiksyon, menm jan ke CBS tap di moun ki tap koute yo, ke se yon dram ke yo tap koute. Repons la se non. Pa gen anyen kin an Bib la ki tankou sa. Pou di verite, otè biblik yo, anpil fwa repete, le kontrè. Yo di nou, menm jan klè koumna pawòl yo ka pèmèt, ke yo reyèlman kwè sa yap di a, e yo vle nou kwè li tou.

Men, pa egzanp, se kouman Lik koumanse istwa pal la de lavi Jezi a:

Kòm anpil mounte gentan eseye òdone istwa bagay yo ki te trè sèten pamí nou, jan yo te moutre nou sila yo ki te wè li ak je yo depi nan kòmansman, e yo te mimis pawòl la, mwen menm

MEN ÈSKE M KA KWÈ OU?

tou, apre mwen te fin envestige ak dilijans tout bagay yo depi sou orijin li, mwen wè li bon pou ekri yo pou ou an lòd, oh trè ekselan Teofil, pou ou ka konnen verite a byen de bagay yo ke ou te panse yo.

(Lik 1:1-4)

Kouman li ta ka pi klè sou entansyon li? Lik te "swiv tout bagay yo trè pwoch pou yon tan," e kounye a lap ekri "yon istwa òdone" de bagay pou Teofil "ka konsyan sètènman de bagay yo" " ke li tap panse de Jezi. Nenpòt sa Lik ap fè, li pa sèlman ap ekri yon istwa pou divèsyon nou; li vle pou nou kwè istwa li a sètènman.

Jan te di nou entansyon li lè li te ekri istwa lavi Jezi a tou:

Anplis de sa Jezi te fè anpil lòt sinal nan prezans disip li yo, ki pa ekri nan liv sa a; men sila yo te ekri pou nou ka kwè ke Jezi se Kris la, Pitit Bondye a, e pou ke nou ka gen lavi nan non li pandan nap kwè. (Jan 20:30-31)

Ou wè? Ankò, li pap ekri yon fiksyon; li reyèlman vle moun kwè ke Jezi se Kris la, sa ki vle di ke li vle nou kwè ke bagay ke li te ekri yo nan liv li a reyèlman te pase vre.

Nan lòt kote tou, Jan di nou entansyon li te genyen pou ekri:

Kiyès Jezi Ye?

Sa ki te la depi nan kòmansman, sa ke nou te tandé, sa ke nou te wè ak pwòp je nou, sa nou te kontanple e nou te touche ak pwòp men nou... sa ke nou te wè e tandé nou anonse nou yo.
(1 Jan 1:1, 3)

Èske ou wè? Dènye bagay ke Jan pretann pou chak moun di nan repons liv li a se, "oh, Jan, kèl bon rakontè istwa. Li vrèman ta genyen yon kontra liv!" Non, li vle nou konnen ke li te vrèman e reyèlman wè kèk bagay, li te tandé yo, e li te menm touche yo e eksperimante yo, e kounye a lap anonse nou yo. An fen, osi lwen entansyon li te ye, Jan pap ekri fiksyon oubyen lejand; li reyèlman vle nou kwè sa lap di a.

Pi lwen pozisyon entansyon sa a, otè biblik yo bay lòt endikasyon ke yo vle nou kwè sa yo ap ekri a. Pa egzant, panse de kouman otè yo souvàman fè referans sou evenman ak sikonstans veridik, istorik e fyab. Yon alizyon konsa fè Nouvo Testaman an pike, men yon egzant pou ka fè pwen an. Gade pasaj kout sa a nan Levanjil Lik la:

Sou kenyèm ane wayòm Tibè Seza, Pons Pilat, gouvènè Jide, e Ewòd te tetrak Galile, e frè li Filip te tetrak Litire ak teritwa Trakonita la, e Lizanyas te tetrak Labilèn nan, pandan ke Àn ak Kayifas te gran chef sakrifikatè, pawòl Bondye a te vini sou Jan, pitit Zakari a nan dezè a. (3:1-2)

Yon otè te fè wè ke nan espas de sèlman twa vèsè la a, Lik mete ansanm non mwens ke venteyen referans pèsonaj istorik, plas, ak sikontans, e yo chak ladan yo (e menm jan ke Lik te ekri yo a) ka pwouve e verifye-oubyen falsifye si Lik te mal kopye yo!¹⁷ Nou jwenn menm entansyon Lik la, nan detay li nan dezyèm liv li a, Ak yo, e lòt otè Nouvo Testaman yo, menm jan an tou ki enkil kontanporèman, referans ki ka verifye nan ekri yo a. Men pwen an ankò: Lik ak lòt otè biblik yo pa tap ekri fiksyon oubyen lejand; men pito, yo te fè anpil atansyon pou konstwi istwa yo a, pou ka verifye, detay sou yon tapi reyèl, de yon lavi istorik. Yo te vle nou kwè sa yo te ekri a.

Men kisa, si yo te sèlman vle ke nou kwè manti ke yo tap di yo?

AK YON ENTANSYON DE TWONPRI?

Sa a mennen nou sou dezyèm posibilité, ke otè biblik yo te gen dwa genyen yon objektif pou twonpe. Èske yo pa ta ka ap pèpetre yon ilizyon nan lemond, pandan yo tap eseye fè nou kwè bagay ki pat pase vre? Èske li pa posib pou ke, pandan yo tap repeète e ensiste ke yo tap de verite-menm pandan yo tap mete verite istorik pou yon bon mezi-yo tap jis vire nou nan twonpri epi pou fè nou kwè nan yon pakèt manti?

7 Nathan Busenitz, *Reasons We Believe: 50 Lines of Evidence That Confirm the Christian Faith* (Wheaton, IL: Crossway, 2008), 127.

Bon, sètènman. Tout bagay posib. Men objektif nou la a se pa pou idantifye yon bagay ki posib devan tout moun. E verite a se ke lè ou panse sou sitiyasyon ak anpil atansyon, pwobabilite ke otè biblik yo tap eseye twonpe nou tonbe, jis rive tou pre zewo jan nou ka wè l la. Ann panse sou kèk pwen.

Anvan tout bagay, pou ta soti ak yon gran ilizyon konsa, ta vrèman difisil, si li pa enposib. Sa vle di ke jan liv sa yo te koumanse sikile, literalman santèn -e pwobableman menm milye -nan moun ki te wè Jezi ak pwòp je yo ak sa li te fè yo, te vivan toujou. Donk si Lik, pa egzanp, jis tap envante bagay, oubyen fè yo pi bèl, anpil moun alantou ta ka di, "kanpe la. Sa pat pase vre. Wap fabrike istwa ou a, Lik." Nou pa konnen pèsonn ki te janm di sa. Pwen sa a vin pi fò toujou lè ou reyalize ke menm moun ki te gen pi gwo enterè pou mete fen nan Kretyènte a pat demanti ke Jezi te reyèlman fè epi di bagay yo ke otè biblik yo deklare ke li te fè. Yo sèlman te akize li tankou mantè oubyen yon moun kin an erè. Si te genyen kèk rezon pou pans eke li pat di sa yo-ke otè biblik yo te sèlman envante sa- ou ka parye ke opozan Kretyènte yo pa tap pèdi okenn tan pou pale de sa.

Dezyèman, non sèlman sat a yon gwo desespyon nan prezans tout temwen okilè sa yo, ta va trè difisil, men si kèk moun tap eseye fè sa, moun sa yo ke finalman yo mete tankou premye moun kap pale yo, pa reprezante yon bon chwa. Panse sou sa. Èske ou te konnen ke de nan kat otè Levanjil yo-Lik ak Mak- pat apòt

Jezi, e youn ladan yo pat menm gade li? Lik se te yon zanmi e konpanyon trè pwòch Pòl, men li te lwen de yon lidè pwominan nan ligliz la e li pat genyen okenn aspirasyon espesyal tankou otorite. Jan Mak se te yon zanmi e konpanyon de Pòl ak Pyè, men yo rekonèt plis tankou sila a ki te abandone Pòl nan Panfili e apre sa Pòl pat vle asepte li nan yon "diskisyon trè cho" lè li te vle tounen nan travay la ankò (Ak 13:13; 15:37-41)! Menm Matye, sepandan definitivman li te youn nan apòt yo, se te yon kolektè enpo pou Women yo. Men kounye a si ou tap eseye twonpe lemond ak yon ilizyon, li difisil pou imagine ke premye manm ou chwazi a se ta yon enkoni, yon divizè dezète, ak yon kolektè enpo. Sa a pa tap ba ou siksè egzakteman.

Sa a mennen nou sou yon twazyèm pwen. Si ekriven Nouvo Testaman yo tap eseye twonpe lemond oubyen kreye yon ilizyon, ki motif enpòtan yo ta dwe genyen pou sa? Pou kreye yon non pou yo menm menm? Pou yo ka vin rich? Pou vin lidè pisan nan yon gran legliz? Si se te plan yo sa, enben nou ka di ke yo te pèdi yon fason espektakilè. Pi fò nan apòt yo te blese epi yo te touye yo, yo te koupe tèt yo, yo te krisifye yo, oubyen andire lòt kalite terib egzekisyon.

Malgre tout sa, si motif yo, nan kèk fason se te pou parèt bon moun-oubyen manti yon jan egzajere pou Kretyènte a te parèt bon- enben yo te sabote tèt yo menm menm lè yo te mete fason ki mennen yo nan anpil detay anbarasan, e menm bagay yo ki fe

Kiyès Jezi Ye?

ewo nan istwa a, bon, mwens ke ewoyik. Si wap eseye kreye yon ilizyon pou fè reliyion ou plis atraktiv, poukisa ou ta dwe kontinye moutre kouman fiti lidè ou yo te solid tankou wòch lè li te trete de konprann sa Jezi tap di? Poukisa ou ta mete istwa Pyè ki te tèlman pat konprann Jezi ke li te coupe zòrèy yon gason, sèlman pou resevwa blam tankou yon timoun? Pou rezon sa a, poukisa ou ta rakonte istwa etranj de Jezi (Bondye-moun ki omnisan ke wap eseye envante a), li pat konnen moun sa a ki te touche manto li oubyen ki tap kriye ak kèk fanm devan yon tonn oubyen modi yon pye bwa tou fache poutèt li pat jwenn anyen pou manje?

Wi, Mwen konnen ke Kretyen yo di ke tout istwa sa yo genyen yon sinifikasyon pwofon dèyè yo (E se sa), men nenpòt predikatè Kretyen va admèt ke sa pran yon tan pou rive la-sinifikasyon sa a pa dwat nan sifas la. E la a anndan manti yo pwen an: Si ou tap fabrike yon ilizyon ak motif pou konstwi nouvèl reliyion ou, fondatè li, ak lidè li yo, ta byen kanpe, sa yo se pa jan de istwa sa yo ke ou ta envante. E sètènman ou pa tap mete rad sal yo deyò pou rakonte istwa kouman Mak te abandone Pòl, Pòl pa asepte Mak lè li te tounen, e tout bagay sa yo te lakòz yon gwo frakas. Sèl rezon ki fè ou konte istwa sa yo epi mete rad sal sa yo deyò se pa pou fè tout bagay soti bèl men se pou ka di sa jan sa te pase a.

Byen si, ou ka toujou ale paranoya sou nou pou di ke tout detay anbarasan sa yo te mete pou twonpe tet nou, pou fè nou

MEN ÈSKE M KA KWÈ OU?

pans eke yo tap di li jan sa te ye a, kote yo tap bannou manti. Men sou pwen sa a ou ta yon mantè sevè nan konspirasyon yon teori, e li ta jis pou konnen si objektif ou se te pou rive sou verite a oudimwens ou tap jis defann presipozisyon ou yo.

Nenpòt fason, kitem fè yon lòt pwen la a, youn ki aplike ak tout bagay nou te di byen lwen nan chapit sa a. Pèsonn pa mouri pou yon fiksyon, e pèsonn pa mouri pou yon ilizyon. Si objektif ou lè ou tap ekri yon gabay se te sèlman pou ekri yon woman oubyen pou pèpetre yon desepsyon, ou pa mete nan istwa a, lè si a anlè yo preske koupe tèt ou. Nan sèl fason ke ou mete nan istwa a sikonstans sa yo se si ou *vrèman kwè ke sa ke ou te ekri a te rive vre*. E se egzakteman sa nou jwenn nan moun ki te ekri Nouvo Testaman an. Menm jan ke yo te ekri e panse, yo te konnen ke yo te ka touye yo pou sa yo tap di a. E ankò nan mitan tout entimidasyon ak tout pwomès yo, menm nan moman pwòp lanmò yo, *yo te kontinye di sa*. Ou ka di sa ou vle di. Moun sa yo pa tap ekri fiksyon, e yo pa tap fè manti. Yo te kwè sa yo te ekri a, e yo te vle pou nou kwè sa tou.

TWONPE SENPLEMAN?

Men genyen yon lòt posibilite, pa vre? Kisa si otè biblik yo pat tèlman twonpè tankou jan yo menm menm te twonpe? Teori sa a te plante nan plizyè diferan fòm a travè syèk yo, men li pat janm fini ak anpil enpòtans. Gen yon vèsyon popilè ladan l, pa egzanp, akize tout disip yo, ke yo te genyen yon mas alisinasyon de yon

Jezi ki te leve epi yo te tounen epi ekri lejand yo pou mete nan yon istwa pase. Men sa pa pran anpil refleksyon pou reyalize jan sa mal. "Mas alisinasyon" se yon lide san sans pou koumanse, definisyon alisinasyon an, se yon bagay anndan, pèsonèl e endividyèl. Bagay konsa pase nan lespri endividyèl yon moun, a mwens ke ou vle mete kèk jan de ESP oubyen yon koneksyon gwoup paranòmal nan mitan moun yo, anvan sa tou, bagay konsa pa kontaje. A kote de sa, pou konsidere kouman anpil diferan gwoup moun te repòte ke yo te wè Jezi, konbye tan diferan, e sou sa, konbyen semèn, nosyon ki soutni mas alisinasyon an vin ridikil.

Yon lòt vèsyon ki pi sofistike nan teori sa a di ke disip Jezi yo te soufri yon jan de desi panse patologik. Yo pat kapab asepte reyalite de lamò Jezi a, yo te pèdi sans, epi yo tap viv nan yon mond fantezi kote yap kwè e pwoklame ke li vivan epi yo te ekri lejand yo pou kreye yon istwa pase. Malgre li se yon pakèt ki pi sofistike, lide ke disip yo te soufri yon jan de desi panse patologik, pi pasab ke mas alisinasyon an. Se paske san panse okenn lòt bagay, pa gen okenn fason pou disip yo ta swete rezireksyon Jezi. Menm si yo pat kontinye ankò, yo pat kapab panse sou tèm lamò li, e aji de yon fason pou kontinye panse ke li te toujou vivan, yo pa tap ka janm ka vini ak lide rezireksyon an pou konfòte tèt yo. Poukisa non? Paske nan premye syèk Jwif yo, rezireksyon se te yon konsèp teologik ki te genyen yon sinifikasyon trè espesifik: se te yon evenman ki sèlman ta pral pase nan lafen tan yo lè tout

mò yo ta va leve ansasnm, kèk ladan yo Bondye ta va kondane yo e kèk ladan yo ta va glorifye. Anyen nan tout istwa panse ak relijyon ta va plante nan lespri disip yo yon lide kote yon nonm ta dwe eksperimente rezireksyon e glorifikasyon bonè. Se tout bon, akizman sa a "dezi panse patologik" ta va gen plis sans si disip yo de di ke Jezi te vivan espirityèlman sèlman oubyen li pat mouri vre oubyen li te menm resisite nan lamò (tankou Laza). Men kisa yo te di vre-ke Jezi te ale a travè lamò e li te sòti lòtbò tou vivan-se te yon bagay nouvo e san presedan. Jan de lide sa a- ki mande pou rekilibre tout pwen de vi ou-pa jis antre nan lespri ou tankou rezilta yon dezi; li grandi dousman epi pran rasin lè bagay yo ke ou te wè ak eksperimente te rann tout lòt eksplikasyon vin totalman pa pwobab.

An plis de sa, yon kwayans nayif pou kwè ke Jezi te vivan pi egzateman kontré a kouman ekriven biblik yo dekri disip yo. Matye repòte ke "kèk te doute" (Mat. 28:17), e Lik di ke lè fanm yo te al di yo ke Jezi te vivan, "pawòl sa yo te sanble pou yo yon istwa initil, e yo pat kwè yo" (Lik 24:11). Menm lè Jezi te parèt devan disip yo, Lik di, "yo te sezi e yo te pè anpil, yo te panse ke yo te wè yon fantom" (Lik 24:37). E apre sa, te gen Toma, ki te refize kwè toutotan li pat mete dwèt li nan mak klou yo e men li nan bò kòt Jezi (Jan 20:24-25).

Pa gen youn nan enkredilite sa yo (pou antisipe yon kont agiman) pa konsidere nan Bib la tankou yon vèti, jan otè a tap di

a, "Gade lom yo ki te gen opinyon vanyan ak lide fo. Sètènman yo menm nan tout moun yo pa ta va kwè ke Jezi te vivan a mwens ke sa te pase vre!" O kontrè bib la moutre disip yo tankou moun ki pa kwè tankou yon bagay ki jennen. Jezi te avèti yo plis ke yon fwa pou sa, e li te menm di Toma, "Ou te kwè paske ou te wè mwen. Men benediksyon pou moun ki kwè yo san yo pa wè!" Èske ou wè pwen an? Pandan yap fokis sou feblès disip yo pou ka kwè, Bib la pa pran yo pou yon egzant tankou yon evidans pou kondwi a enkredilite. Li ap di nou kisa ki te pase, menm si sa anbarasan, e sa ki te pase a se pa yon ka panse dezi patologik.

Youn nan dènye vèsyon nan agiman twonpri sa a, se ke tradiksyon oral ke otè biblik yo te konn fè pou ekri liv yo pafwa te gen dwa kowonpi a travè ane yo. Apre tout bagay, Jezi te mouri nan ane 33 AD e Levanjil Nouvo Testaman ki pi vye a pat ekri sinon anviwon ane 60 AD. Èske nou ka sipoze reyèlman ke ansèyman yo ak istwa sou Jezi yo ta ka rete entak, san koripsyon, e san mete sou li ni wete ladan li, a travè vennsèt ane pandan yo tap transmèt yo sèlman ak pawòl nan bouch? Nou dwe mansyone kèk bagay la a ankò. Anvan tout bagay, menm si tout ekriven Nouvo Testaman an yo sanble ke yo te itilize tradiksyon oral nan yon degre, ou dwe sonje ke pifò ladan yo-Matye, Jan, Pyè, Jak ak Jid-se te temwen okilè de tout bagay yo. Si tradiksyon oral la te kowonpi, yo tap konn sa. Se pa sa sèlman, men lè ou konbine deklarasyon Jezi ke ansèyman li yo te genyen menm otorite ak pwofesi Ansyen Testaman an ak gwo verite ke yon gran

pati nan ansèyman li yo te prezève an akò ak yo, se yon fòm ki fasil pou sonje, se pa yon sipriz ke tout kretyen ki te la anvan yo ta kapab detèmine e sonje e resite li mo pa mo pou yon tan long.

Sou tout bagay sa yo, lè ou pale de transmisyon oral, ou dwe jis reyalize ke vennsèt ane pa yon long tan ke sa pou yon tradiksyon pou konsève entak. Ann fè yon esèy. Resite rim infantil "Jak ak Jil." Se serye. Ale; fè sa. Ou pa bezwen fè li fò, men omwen nan lespri ou, ale a travè tout pawòl "Jak ak Jil." Kounye a, mwen sipoze ke pwobableman ou te di konsa:

Jak ak Jil
Te ale sou mòn nan
Pou chèche yon bokit dlo;
Jak te tonbe anba
E li te kase kouwòn li
E Jil te tonbe apre.

Èske ou konnen kilè "Jak ak Jil" te ekri? Non, ou pa konnen. Pèsonn pa konnen, sepandan genyen yon deba konsiderab sou kesyon sa a toujou! Pou pi lontan nou konnen, piblikasyon ki pi ansyen ki te sove nan rim sa a te soti nan yon liv ki te rele *Melodi Manman Gous: oubyen, Sonnet pou Bèso*, ki te enprime London nan ane 1791, plis

ke desan ane pase.⁸ Kounye a men bagay la: Èske ou te janm wè liv sa a? Èske ou te aprann "Jak ak Jil" pandan ou tap li edisyon Melodi Manman Gous 1791 lan? Mwen parye ke ou pat fè sa; pou di verite, mwen fè pari ke ou pat wè li nan okenn liv. Mwen sipoze ke kèk moun te moutre ou pou resite li. Anplis de sa, mwen parye ke moun ki te moutre ou "Jak ak Jil" la pat wè li nan Liv ane 1791 lan ni nan okenn lòt liv. Yon moun te moutre li, ke lòt moun te moutre, ke lòt moun te moutre, ke yon lòt moun te moutre, pandan yon tan long. Sa a se yon tradisyon oral. Donk, konbyen ou imajine ou ke desan ane pase yo de yon long transmisyon te aji pou kowonpi e chanje "Jak ak Jil"? Konbyen ou ta adivine vèsyon modèn nou an diferan de sila a ki te pibliye nan ane 1791? Fè yon dat de:

Jak ak Jil
Te ale sou mòn nan
Pou chèche yon bokit dlo;
Jak te tonbe anba
E li te kase kouwòn li
E jil te tonbe apre.⁹

8 Nou ka jwen Yon facsimile de *Melodi Manman Gous* edysyon 1791 nan Colonel W. E Prideaux, ed., *Mother Goose's Melody: A Facsimile Reproduction of the Earliest Known Edition, with an Introduction and Notes* (London: A. H. Bullen, 1904), disponib sou achiv entènèt, aksè May 26, 2015, [https://archive.org/stream/mothergoosesmelo00pridiala#page/n27\(mode/2up](https://archive.org/stream/mothergoosesmelo00pridiala#page/n27(mode/2up).

9 Prideaux, *Melodi Manman Gous*, 37, [https://archive.org/stream/mothergoosesmelo00pridiala#page/n27\(mode/2up](https://archive.org/stream/mothergoosesmelo00pridiala#page/n27(mode/2up).

Se sal ye. Se tout sa ke yo te enprime, konplete ak italik yo, nan 1791! Ak eksepsyon nan kouman li eple "Gill" ak yon J kounye a, nan fason nou resite poèm "Jak ak Jil" se menm nan Jodi a jan sa te ye pandan *plis pase desan ane*. Donk, kite m di sa ankò: Kenbe bagay entak a travè vennsèt ane sèlman de transmisyon oral, pa ta tèlman difisil.

Gade, pwen an la a se pa ke "Jak ak Jil" paralèl ak tradiksyon oral Nouvo Testaman an; li pa sa, e ou kapab idantifye anpil diferans ant yo de a. Pwen an senpleman ke pou kenbe yon tradiksyon oral menm pou anpil tan, pa difisil jan sa parèt difisil pou nou, pi mwens enposib.

Donk men ki kote nou ye: okenn nan plizyè vèsyon "otè ki twonpe yo" teori yo ranmase anpil dlo finalman. Akizasyon ki di ke disip yo te eksperimente yon mas alisinasyon an pa pwobab e li pa gen okenn sans nenpòt ki fason. Disip yo pat soufri okenn ka de dezi panse patologik nonplis. E finalman, tankou temwen okilè de evenman an, sètènman yo pat viktim de okenn tradiksyon oral kowonpi ki te genye sèlman vennsèt ane.

TOTALMAN KONFONN?

Otè dokiman Nouvo Testaman yo pa tap ekri fiksyon, yo pa tap eseye twonpe, e yo pat ilizyone ni twonpe. Rete yon posibilité final toujou, e sa a se si objektif ekriven an enpòtan. E rezon ki fè lipa enpòtan se paske, menm si yo tap eseye ban nou deskripsyon

fidèl sou sa ki te pase a, liv yo tèlman konfonn, kontradiksyon, ak anpil erè ke finalman nou pa ka kwè anyen de yo.

Petèt bagay ki pi enpòtan ki dwe di kòm repons a jijman sa a se ke se yon konsepsyon erone de sila yo ki pat gade evidans la, e de prèske okenn ki te gade li. Sa a se paske, menm si Bib la se te sijè ki cho e atak detaye moun ki pa kwè yo pandan plis ke desan ane, li rezonab pou di ke chak kontradiksyon, enkonsistans, ak erè te kontre ak yon lis solisyon pwobab e plis toujou. Mwen reyalize ke sa se yon asèsyon aplastan e ki gwo. E pi meyè fason pou pwouve sa se ta pou pase santèn paj ki ta kreye yon rezime de sipozisyon "pwen pwoblèm" epi analize yo pou wè si genyen solisyon pwobab. Aktyèlman nou pa pral fè travay pwofon, malgre, paske lòt liv yo te fè sa plizyè fwa. Anvan tout bagay, si kèk plas an patikilye nan Bib la nou te konfonn, mwen ta ankouraje ou pou chèche youn nan liv sa yo, gade pwoblèm nan, e fè lekti sou li (gade apendis). Ak etid nan pasyans ak antandman ak prekosyon, men si pi fò pwoblèm san solisyon yo va rete gratis.

Nan yon lòt bò, si ou se yon moun kap fè akizman kont Bib la, bon Mwen va mete li devan ou fason ki pi dwat ke mwen kapab: Mwen panse ke ou genyen yon responsabilite entèlektyèl pou sispann fè jijman sa a, oudimwens pou li bon efò lafwa Savan Kretyen yo pou pote-jeneralman menm pwobab- solisyon pwobab a enkonsistans ak erè ke enkredil yo te remake. Tout travay sa yo petèt pat konvenk ou finalman konplètman, mwen konnen. Ou

ka ale pandan wap souke tèt ou oubyen menm vante tet ou de kèk pasaj, sa se okey. Mwen ka asire ou, sepandan, si ou fè travay sa a, ou va ale ak plis repons konvenkan ke youn ki pa konvenkan. Sa ou ka fè senpleman- non pa avèk yon entegrite entèlektyèl, o mwens- se jis kontinye ensiste ke Bib la gen kontradiksyon ak erè men nan menm tan an refize fè travay nesesè a pou teste asèsyon sa a. Donk cheke sa. Wa jwenn sipriz nan sa ou ka jwenn.

La verite a se ke, yon pakèt enkonsistans ke enkredil yo di, se pa pou pwoblèm nan tout sans si ou li yo ak pasyans. Sepandan, de syèk de kritik, savan yo te pwopoze solisyon pwobab pou chak enkonsistans sa yo. Ou sèlman bezwen sifi entegrite entèlektyèl pou pran tan pou gade yo nan yon liv.

Men ann di ke okenn nan eksplikasyon sa yo pa konvenk ou, menm aprè ke ou te etidyé yo ak atansyon. Ou dwe mande tèt ou ankò, "Èske dezakò yo ki nan istwa a pwouve sifizàman ke anyen pat pase oubyen nou pa ka konnen anyen sou sa ki te pase a?" Sa vle di, konbyen sans sa ta pran, reyèlman, pou di, "waw, Matye di ke te genyen de fanm nan tonm vid Jezi a, pandan ke Lik di ke te genyen omwens twa fanm nan tonm vid sa a. Klèman, nou pa konnen anyen sou sa ki te pase nan Dimanch maten sa a." Sètènman ou ta va di sa! Pandan wap moutre yon ti kras dezakò aparan nan detay istwa ke temwen okilè yo ta gen dwa vle yon pakèt bagaymen sètènman sa pa vle di ke anyen pat pase-sa pa vle di nonplis ke nou pa ka konnen anyen sou sa ki te pase.

Pandan nou nan sa, kesyon sa a-sou konbyen fanm ki te genyen nan tonm nan-bannou yon bon egzanz sou koumna nou ka amonize fasilamn enkonsistans aparan. Matye pa di ke se sèlman de fanm ki te ale; li senpleman mansyone sèlman de fanm nan non yo (Mat.28:1). E Lik pa di anyen sou konbyen fanm ki te ale nan tonm nan men li di pito ke twa fanm ke li rele yo, menm jan ak "lòt fanm," apòt yo te di de sa ki te pase nan tonm nan (Lik 24:10). Donk kisa kap pase la a? Èske Matye ak Lik gen kontradiksyon ant yo? Non, si ou sèlman panse sou li yon ti kras, gen yon kantite solisyon posib. Petèt Lik ofri senpleman yon imaj ki pi konpreyansif pase Matye sou kantite fanm ki te ale nan tonm nan, pandan ke Matye sèlman nonmen de fanm patikilye nan gran gwoup la. Oubyen li posib tou efektivman ke sèlman de fanm te ale nan tonm nan, men lè yo te retounen yo te di lòt fanm, epi tout gwoup la te repòte istwa a bay disip yo. Nenpòt ladan yo, ou konprann pwen an: nou ka repase anpil solisyon pwobab ak enkonsistans aparan yo, epi nou pa ta prese pou rele di, "kontradiksyon!"

Menm pi lwen ke sa, istorikman palan, verite a se ke narasyon yo pat genyen tout dezakò aparan yo kòrèk e mete nan yon lin ki pale byen sou reyabilite yo.

Nan final, li pafètman rezonab pou konkli ke dokiman biblik yo pa gen kontradiksyon, konfizyon, ak erè tankou jan moun ki pa enfòme yo di a. E menm si kote detay yo de istwa patikilye pa alinye, evidans sa a pa oblige nou pou leve men nou epi di ke anyen pat

pase. Pou di verite, li bay istwa lavi Jezi a egzakteman karaktè ke nou ta dwe espere de yo si plizyè temwen nan fòmasyon yon evenman ekstraòdinè, se pa pou pale fiksyon, se pa pou twonpe, se pa pou pèpetre yon ilizyon, men senpleman pou di sa yo kwè ki te pase.

YON GWO MOMAN

Okey, sa a se yon moman enpòtan. Donk, pran yon souf pwofon e re angaje ou! Nan pwen sa a nan agiman an, nou ka konstwi yon gran konklizyon sinifikan. Nou ka di ak yon degré trè wo de konfidans ke... tann li...

Bib la fyab istorikman.

Ou sonje kijan nou rive la a? Tankou lektè ki tap deplase tèt nou a travè tan an nan evenman yo, nou te determine ke nou ka byen konfyyan ke

1. Tradiksyon maniskri biblik nou yo fidèl;
2. Maniskri biblik nou yo reflete ak fidelite sa original yo te di;
3. Se vre, ke nou ap gade pi bon e kòrèk dokiman yo pou jwenn enfomasyon; e
4. Otè dokiman biblik yo pa tap ekri fiksyon, yo pa tap twonpe, e yo pat twonpe yo menm menm, men yo tap ekri pou di nou sa yo te kwè ki te pase.

Kiyès Jezi Ye?

Si kat afimasyon sa yo reyèlman se konklizyon rezonab, enben nou ka kwè Bib la pou di nou sa ekriven yo te kwè ki te pase.

Sètènman, sa kite nou ak yon sèl kesyon final: Éske nou ka gen konfyans ke sa ekriven yo te kwè ki te pase a... reyèlman te pase?

CHAPIT SIS (6)

ÉSKE SA TE PASE?

Pwobableman mwen pa bezwen konvenk ou de ke moun, pafwa konn sèten de yon bagay, e nan menm tan an tou, nan erè obsoli. Mwen pa ga di ou konbyen fwa nan lavi mwen, ke mwen te sèten ke mwen te wè yon bagay ki pase, apre sa pou m rann kont ke sa mwen te panse mwen te wè a pat janm pase vre.

Sa a se kesyon final ke nou bezwen konfwonte pandan nap konsidere entegrite Bib la. Éske li posib pou ke otè biblik yo te gen entansyon pou di nou sa ki te pase reyèlman, ke yo menm menm te kwè ke bagay ke yo ekri yo te pase vre, e yo te jis nan erè sou sa? Sa pa vle di ke yo te pèdi tèt yo oubyen yo tap eseye kreye yon ilizyon oubyen yo tap ekri fiksyon men-tankou nou tout te eksperimante de tanzantan- yo te jis nan erè? Pou fè kesyon an pi

file, èske nou ka konnen nan tout fason sètènman ke otè biblik yo a la verite te gen rezon sou sa yo te ekri a- sa ve di, ke sa yo te panse ki te pase ak sa yo te di ki te pase reyèlman te pase?¹

Bon, non, pa gen okenn fason pou asire ke sa wap pale de matematik la se sèten. Men nou dwe sonje ke nou pat janm kapab rive genyen matematik sèten de evènman istorik. Ant oumenm e chak evènman nan istwa ke ou pat eksperimente nan premye men genyen yon brèch ke okenn kantite lojik, rezònman, ekwasyon, oubyen yon gwoup evidans ta janm kapab fèmen konplètman. Li va toujou posib-apèn posib, men posib non- ke nou tout nou nan erè konsènan tout bagay. Yon fwa yon moun te fè referans ak brèch sèten sa a tankou yon "sang ki laj epi sal."² E kèk moun, pandan yo yap gade nan zang nan, yo sèlman te leve men yo anlè epi deklare ke nou pa ta janm dwe kwè reyèlman nan okenn afimasyon istorik. Men pozisyon extremis sa a ta va voye noun an yon enkredilite nwa, e sètènman okenn nan nou vle viv konsa- oubyen menm gen abilité pou pou fè sa konsistàman. Non, nou tout konnen sa menm si nou pa ka rive sou asirans matematik sou evènman istorik yo, nou ka rive sou konfidans istorik de yo-yon degré wo e sifizan de konfidans pou

1 Pou chapit sa, mwen te mete confyans nan Craig L. Blomberg, *Can We Still Believe the Bible? An Evangelical Engagement with Contemporary Questions* (Grand Rapids, MI: Brazos, 2014); N. T. Wright, *The Resurrection of the Son of God*, vol. 3 of *Christian Origins and the Question of God* (Minneapolis: Fortress, 2003).

2 Gotthold Ephraim Lessing, "On the Proof of the Spirit and of Power," in *Philosophical and Theological Writings*, ed. H. B. Nisbet, Cambridge Texts in the History of Philosophy (Cambridge: Cambridge University Press, 2005), 87.

di, "Wi, mwen trè si ke sa te pase," epi pou viv daprè sa, konfye nan sa, epi aji daprè evènman sa yo.

Enben, istwa, pa negosye ak asirans matematik. Pou di verite, li pa menm chèche asirans. O kontrè, li chèche pwobabilite yo, ki tradwi dènyèman nan yon konfidans kote yon bagay te pase. Donk pou nenpòt evènman, istwa mande premyeman si sous ki te repòte li a sanble konfyab, pandan li tap itilize egzakteman jan de kesyon nou tap poze sou Bib la. Epi, lè li fin detèmine ke sous la pa konfyab, li mande, "Okey, èske li pwobab pou panse ke sa ke sous konfyab sa a te repòte a te pase vre tankou yon evènman nan istwa?" Jeneralman, kesyon sa a ka jwenn repons trè rapidman ak yon, "Wi, byen si li pwobab." Si yon sous konfyab di ke tèl e tèl lame te travèse tèl e tèl rivyè, si pa gen anyen esansyèl non pwobab de atravesi sa a, e si okenn lòt evidans ki ka fè nou panse ke petèt lame a pat travèse rivyè a, eben jeneralman nou di, "Wi, tèl e tèl lame efektivman pat travèse rivyè." Sa a se pa asirans matematik, men se konfidans istorik ki solid.

PWOBLÈM MIRAK YO

Men pwoblèm nan, malgre, lè ou vini sou Bib la. Sètènman, li konte istwa de lame kap travèse rivyè-men sèlman apre ke Bondye te divize rivyè a an de epi lame a te ka mache nan tè sèk! Li te di nou tou de yon nonm ki te chanje dlo an diven e ki te mache sou sifas lamè a e ki geri moun ak yon pawòl e

menm leve moun mouri apre twa jou ke li te mouri. Donk kisa li bannou ak tout sa? Bon, ann onèt. Lè yon sous istorik-menm youn ke nou te determine ki konfyab-koumanse repòte bagay konsa, nou pa resevwa repòtaj sa yo ak menm konpòtman an epi "o wi, o wi" ke nou ta dwe bay yon repòtaj ke yon lame te travèse yon rivyè. Nou gen tandans pou resevwa yo ak yon, "Ah monchè. Ou pa pale serye!"

Poukisa nou reponn konsa? Bon, pwobableman kèk bagay ki nan faktè enkredilite nou de mirak yo ki nan istwa, men sila a ki pi evidan tou, Mwen panse, sila a ki pi enpòtan. Moun ki natirèlman enkredil fas a mirak yo se moun ki pat eksperimente yo. Pa gen okenn sipriz de sa; nou tout natirèlman jwenn li difisil pou kwè bagay ki konplètman deyò eksperyans nou.

Men kèk egzanp ke yo itilize souvan: Imagine yon nonm ki te viv tout lavi li-sa fè lontan sa, anvan elektrisite oubyen okenn teknoloji modèn-nan yon lil twopikal tou pre ekwatè. Yon jou, yon bato te parèt, e navigatè yo di li ke yo soti nan yon peyi byen lwen nan nò. Epi yo koumanse pale li sou sibstans fantastik sa a ki rele glas, ki se dlo ki tounen tankou yon wòch lè li vin frèt anpil. Kounye a zanmi nou an ki nan lil ekwatoryal la pa gen absoliman okenn eksperyans ak glas, nonplis (tankou) jan de fredi ki ta bezwen pou fè li. Donk, pwobableman, li va difisil pou li pou kwè ke "dlo sa tounen yon wòch ki frèt anpil" sa te janm pase vre. Li ka menm deklare ke sa enposib e ke navigatè yo twonpe

oubyen mantè. Glas antyèman e konplètman deyò eksperyans li, e li pa kwè nan sa.

E glas egziste vre.

Lè sa vini sou mirak yo, Mwen panse ke anpil nan nou se tankou nonm twopikal sa a ak glas la. Nou pat janm wè pèsonn ki mache sou dlo oubyen ki fè dlo tounen diven oubyen leve moun mouri, enben nou koumanse ak yon asonpsyon ke bagay sa yo-definitivman pa ka –pase. Men paske nou jis pat eksperimente yo sa pa vle di ke yo pa egziste, menm jan sa ta ridikil pou di ke glas pa egziste paske nonm nan ki nan lil la pat janm wè sa. Pou di verite, pou kèk moun ki te eksperimente mirak yo-e milyon moun nan lemond di ke yo eksperimente sa-tout kesyon sa yo si mirak yo pwobab (plis mwens posib) sanble byen ridikil. "Byen si ke yo pwobab," moun sa yo di; "Mwen te wè yo." Sètènman ou ka tankou nonm nan lil la e ensiste ke tout moun sa yo twonpe e yap bay manti, men yo kis sekwe tèt yo, souri, e di, "Yon jou, zanmi mwen, Mwen swete ou ka gen plezi pou eksperimente krèm."

Èske ou wè? Tout sa yo se jis pou ou ka deklare mirak yo-epi anvan tout bagay Bib la- pa pwobab senpleman nan fòs pwòp eksperyans ou oudimwens yon mank de sa. Lòt moun te genyen eksperyans diferan de pa ou yo, e pou ta di ke chak eksperyans kontré ak pwòp pa ou nesesèman enpafè, se ta pi gwo awogans. Anvan tout bagay, si pral deklare ke mirak pa pwobab, ou va bezwen yon rezon pou fè sa.

AGIMAN YO KONT MIRAK YO-OBJEKSYON SYANTIFIK LA

A travè syèk yo, moun yo te ofri de agiman prensipal pou deklare mirak yo-sila yo ki otè biblik yo te repòte a ladan yo tou-pou ka pa pwobab nenpòt fason e menm enposib. Ann pran yon moman pou panse sou chak sa yo.

Premyeman, kèk ladan yo te ofri yon objeksyon syantifik pou nenpòt jan de mirak. Objeksyon sa a di ke esansyèlman ke avansman nan la syans patikilyèman nan de syèk pase yo te pwouve ke mirak yo enposib. Yo di ke moun yo te kwè nan mirak, premyèman, paske yo pat konprann kijan mond la fonksyone e kote anvan tout bagay koumanse enkline pou kwè nan sipènatirèl. Yo te genyen brèch nan antandman yo sou byoloji ak astwonomi ak chimi ak ekoloji, e yo te plen tèt yo nan fè apèl a mirak yo. Jodi a, sepandan, paske syans te plen nan yon pakèt brèch ke mirak te konn eklere, nou ka konkli ak sekirite ke mirak yo pa nesesè e anvan tout bagay ke yo pat pase vre.

Èske sa, sepandan, reyèlman senp? Mwen vle di, menm primis la-ke moun yo te kwè nan mirak paske yo pat konprann kijan mond lan fonksyone jan nou konprann li a-pat vrèman aplikab trè byen pou pifo nan mirak yo ki nan Bib la. Apre tout bagay, menm moun ki pi ansyen yo te konnen trè byen ke se de moun ki ka mete ansanm pou fè yon bebe, ke si ou eseye mache sou dlo wap koule, e ke moun mouri pa leve ankò! E otè biblik yo te di

ankò, "Bagay sa yo te pase. Nou te wè yo pase." An plis de sa, pou tout nouvo konesans nou yo, nou poko ka eksplike toujou bagay yo ke yo temwaye pi byen pase yo. Mwen vle di, se pa si nou ka di otè biblik yo kounye a, "Ey, nou se moun san konprann, èske nou pa reyalize ke sa se pat mirak ke yon nonm te mache sou dlo? Èske nou te konnen menm jan nou konnen jodi a, prensip fizik ak teori relativite, nou ta dwe konprann ke mache sou dlo se yon fenomèn ki konplètman natirèl e pa gen anyen pou fè moun sezi? Epi non plis, pa blyie, yon ti bebe ke yon vyèj fè, yon nonm ki kalme yon tanpèt, oubyen geri malady ak yon mo, oubyen yon nonm ki leve soti nan lamò. La syans ka ekliplike sa yo tou." Non, verite a se ke, la syans pat fè bagay sa yo pi sipriz pou nou ke jan yo te ye pou yo.

Èske ou wè pwen mwen an? Pwoblèm kap di ke syans te avanse tèlman ke nou ka eksplike mirak natirèlman kounye a-e sila a yo ki nan Bib la-se ke syans pat eksplike mirak yo ki rejistre nan Bib la. Epi tou li pa kapab. Donk poukisa nou ta dwe kwè sou latè nan tout pwoklamasyon ki di ke la syans te pwove ke tèl bagay pat janm ka pase, pa ken fason, pa gen manyè?

Repons la se ke nou pa ta dwe. Pou nou fè sa pi senp, objeksyon sa a eksede pwòp chòt li. Sèlman se pa ka sa a kote la syans te pwouve ke sipènatirèl jis pa pase e pa ka pase. Anpil bagay ki pase nan inivè a-e nan eksperyans moun- ke la syans pa ka eksplike. Piga mal konprann mwen. Mwen pap di ke tout bagay

ke la syans pa ka eksplike se sipènatirèl. Non, la syans va avanse, e li va reponn a anpil kesyon nan tan kap vini ke li pa ka reponn kounye a. Men okenn syantifik vrèman afine ak pwomès ak limit la syans-espésyalman ak dènye avans yon an kan fizik, astwonomi, e menm byoloji- ta ka janm di kèk bagay plis ke, "Ou konnen, plis nou dekouvre, plis nou reyalize jan nou pa konprann e efektivman konbyen petèt finalman pi lwen konprann. "

Bò kote sa, tout kesyon de si mirak yo posib dènyèman tonbe sou si genyen yon Bonbye, se pa vre? Si genyen, enben mirak yo posib, pwen final. Men tout moun dakò ke la syans manke abilité pou teste si Bondye egziste. Li pa va janm pwouve ke pa genyen Bondye, e anvan tout bagay li pa va janm pwouve ke mirak yo enposib.

Nan limyè sa a, deklarasyon komplezan e san respè mwen te tande anpil jenn syantifik di "la syans te pwouve bagay sipèntirèl obsoliman, pozitivman pa ka pase" vin koumanse jis lejè e anbarasan.

AGIMAN KONT MIRAK YO-OBJEKSYON FILOZOFIK LA

Yon dezyèm objeksyon ki la kont pwobabilite mirak yo se pa filozofik la. Li di ke menmsi ke la syans pa ka pwouve enposibilite mirak yo (yon konsesyon sinifikan, ann di!), nou ta dwe di ankò ke pwobabilite pou ke yon evènman mirakile ta fêt trè piti, e

anvan tout bagay nou pa ta dwe janm kwè li. Pa egzanp, nou pa ta dwe janm kwè ke Jezi te mache sou dlo paske si X etabli pou tout moun ki te eseye mache sou dlo e yo te koule (pou n ka sèten, ann mete kantite a nan dis bilyon estimasyon brit de chak moun ki viv sou planèt la), enben pwobabilite ke Jezi te mache sou dlo se anviwon youn nan dis bilyon. Li pa trè wo.

Men gade. Objeksyon sa a fini pa pwouve twòp fason. Ou pa ka jis sèvi ak pwobabilite pou tout bagay konsa pou ou ka determine si ou va kwè oubyen non. Si ou te fel konsa, ou ta dwe doute de tout bagay ki pa komen, plizoumwen inik. Jodi a genyen anviwon sèt bilyon moun sou tè a, men selon tout sa nou rive konnen, sèlman youn te kouri 100 mèt la nan 9.58 segonn. Menm si sa, li ta awogan pou mwen pou di, "Èske ou reyalize pwobabilite Usain Bolt pou kouri 100-mèt nan 9.58 segonn se youn nan sèt bilyon? Pou mwen se ta yon estipidite pou kwè sa." Nan menm kondisyon an, jis poutèt li ekstraòdinè pou panse ke Jezi mache sou dlo sa pa vle di ke sa pat pase. Apre tout bagay, menm disip yo te trè sezi wè sa tou, ki pou rezon sa ke yo te ekri sa.

Donk men ki kote nou ye. Natirèlman, enkredil yo fòmile anpil differan varyasyon sou de agiman sa yo, men okenn ladan yo pa fini fè anyen ki pi bon ke de sa yo san konte mirak yo oubyen sipènatirèl la ki soti nan sektè reyalite moun. La syans pat bay yon eksplikasyon sou bagay ke otè biblik yo di nou ke yo te wè, e sètènman li pat pwouve ke bagay sa yo enposib. Anplis

de sa, li senpleman pa fè sans pou deside kisa ki pwobab pandan wap baze ou sou pwobabilite. Pou di verite, si ou pral asète ke bagay sipènatirèl pat pase vre (menm youn menm), ou va jis fè sa-asète li san evidans, pou nan rezon. Nan lòt mo, ou va kwè li nan kondisyon ki pi mal de yon la fwa avèg.

ÈSKE MIRAK BIBLIK YO PWOBAB?

Donk ekriven biblik yo te di yo te wè bagay ekstraòdinè ki te pase, e nou pa gen okenn rezon lojik pou di bagay sa yo esansyèman enposib oubyen menm enpwobab. Men gen yon kesyon ankò pou rive la. Yon pakèt moun te konte yon pakèt istwa sou bagay "mirakile" kap pase. Babilonyen yo te fè sa. Grèk yo te fè sa. Women yo tou. E pèsonn pa di ke nou pa dwe kwè istwa mirak yo yo. Donk poukisa Bib la diferan? Kisa ki fè istwa li yo pi pwobab ke pa yo? Bon, repons la se ke karaktè ekriti biblik yo konplètman diferan de karaktè ansyen ekriti sa yo nan fason yo ki fè yo pi pwobab.

Kite m eksplike sa m vle di. Nan lòt istwa ansyen mirak, evidàman nou pap kontre ak istwa temwen okilè nan evènman istorik yo; yo pa menm vle sa. Nonplis, nou pap kontre ak (1) lejand yo oubyen mit yo ki te parèt e ke agiman an te repeste travè plizyè syèk, oubyen, (2) oriijinalman non remakab istwa ke yo te anbeli ak bagay sipènatirèl, ke pandan mèvèy ki vre, plizoumwen toujou gratis. Ak sa, mwen vle di ke evènman sipènatirèl yon an istwa sa yo, nenpòt jan pa sanble esansyèl pou istwa a menm;

istwa a ta gen yon sans pafè san pati sipènatirèl yo, sa ki vle di ke yo te ajoute moso sa yo apre pou plis efè. Pwen an se ken an tou de ka yo, istoryen ka gade ansyen istwa sa yo e konkli ak anpil konfyans ke detay mirakile yo pa istorik. Te genyen lejand ak mit tou ke yo te fè pandan tan sa yo, oubyen yo te anbeli epi ajoute pou plis efè. Men yo pat evènman istwa ke temwen okilè te rakonte ke san sa tout istwa a pa genyen sans.

Sa a, nenpòt kijan, se presizeman karaktè istwa mirak kin an Bib la. Yo pa mit ni yo pa lejand. Yo pat kreye yo pandan syèk yo. Yo se rezulta de sa kèk moun kap di, "Mwen te wè sa, e sa pa fè lontan ke mwen te wè sa." Se pa sèlman sa men mirak yo ke yo rakonte nan Bib la esansyè alantou yo. Mirak Jezi yo, pou yon enstan, se pa sèlman bagay mèveye ki te pase. Lè ou etidye yo, ou reyalize ke nan pwofon yo, yo konekte ak mesaj ke tap pwokalme a. Se poutèt sa Jezi geri moun angiz pou ta jis fè yon lapen soti anba yon chapo; lap ilistre ke li ka geri moun anba maladi peche. Se poutèt sa li leve moun mouri angiz pou ta fè yon pyès lajan disparèt nan manch rad li; lap moutre kouman travay li a poute lavi espirityèl sou lamò espirityèl. Menm maché li sou dlo a se pat yon senp trik; disip li yo te rekonèt ke li te konfime pwoklamasyon li pou yon gwo "MWEN SE," moun ki mete lamè a-ansyen sektè dezas ak malefik-anba soumisyon, moun ki, tankou sòm nan di a, ki se "pi gran ke lanm lamè yo" (Sòm 93:4). Istwa mirak yo de lòt reliyon yo ak lòt kilti yo pa sanble ak sa.

Èske ou wè pwen an? Mirak yo kin an Bib la pa sipèfli oubyen deyò istwa yo kote nou jwenn yo a; o kontré, yo esansyèl pou yo, trese tankou ADN nan antandman yo. Anplis de sa, pandan ke lejand ak mit te kreye a travè tan yo, mirak nan Bib yo se istwa temwen okilè ke moun reyèl te di ke yo te wè ak pwòp je yo. Nenpòt jan ou mete l, mirak ki nan istwa biblik yo diferan konplètman a mit Grèk yo oubyen Babilonyen yo, e pou sa yo mande yon kalkil konplètman diferan.

Tout bagay sa yo mete nou nan yon gran konklizyon sinifikan de mirak yo ki ekri nan Bib la: Yo pa ka jete yo deyò konsa tankou si lojjkman yo te enposib, e yo plis pwobab ke lòt "mirak" istwa yo. Mwen ankò sezi, si nou ka ale pi lwen toujou. Èske nou ka rive nan yon nivo konfidans ki ta ka pèmèt nou di non sèlman sa ke otè biblik yo ap di a pwobab, men tou istoryèlman pwobab ke sa sa te pase?

Mwen panse ke nou kapab.

TOUT BAGAY REPOZE SOU REZIREKSYON AN

Kounye a sou pwen sa a, nou genyen kèk chwa sou kouman nou ka pwosede. Nou ta ka koumanse ak yon etid pwofon de douzèn mirak yo ke Jezi te fè pandan ministè lie pi tou gade sa nou ka di de chak ladan yo. Anpil liv, pou di verite, te sèlman fè sa, e konklizyon yo jeneralman soti trè pèspikas e konvenkan (wè appendis). Oubyen nou ka ale dirèk sou yon mirak ki soulinye e

efektivman anbake tout lafwa Kretyen an, sila aki sipòte tout sipè estrikti istwa Kretyen an, kwayans li, ak pratik li yo-efektivman, sila a ki genyen kwayans Kretyen ke Bib la se Pawòl Bondye.

Sa a se rezireksyon Jezi a.

Men sa ou pa ka reyèlman konprann: Si rezireksyon an te rive vre, enben rès sipèestrikti fondamantal Kretyènte a vin ansanm tankou fonksyonman yon revèy-otorite Bib la ladan l tou, Nouvo ak Ansyen Testaman. Si sa pat pase vre, enben pa panse sou youn ladan yo, paske si fidèl ekriven biblik nou yo te nan erè sou sa ki konsène rezireksyon-bagay ki pi enpòtan an-enben li pa posib pou yo ta gen rezon nan okenn bagay. E akote sa, sa pa ta gen enpòtans si yo ta gen rezon ou non sou rès yo, paske pwen santral tout bagay-mirak yo, ansèyman yo, pwoklamasyon yo-te la pou demonstre edantite Jezi tankou Kris la, e si li mouri toujou, enben li pa Kris la, e anvan tout bagay, tout rès yo pa gen enpòtans, pwen final. Tout kretyènte a leve oubyen tonbe nan kesyon si Jezi istorikman-non relijyezman oubyen espirityèlman men istorikman-te resisite nan lamò.

Ekriven biblik yo panse ke li te resisite. Yo pat pèdi tèt yo, yo pa tap eseye konstwi yon ilizyon, e yo pa tap ekri lejand. Yo tap di sa jan yo te wè li a, tandem li, touche li, e eksperimente li, e yo te vle lektè yo kwè li tou. Tout bagay byen e bon. Men èske nou ka gen konfyans ke yo te gen rezon sou sa?

Wi, nou kapab. Men kouman?

POUKISA YO KWÈ KE JEZI TE RESISITE

Ann koumanse pandan nap poze kesyon evidans lan. Nan pwòp sa yo di, premyeman kisa ki fè otè biblik yo-ak Kretyen ki te la anvan yo pi lajman- te kwè ke Jezi te rsisite? Selon pwòp temwanyaj yo, kwayans sa a soti nan de bagay: (1) dekouvèt yo a nan dimanch maten ke tonm kote kò Jezi te tann nan apre lamò li a te vid, e (2) eksperyans yo de aparisyon Jezi sou yo apre lamò li pandan plizyè fwa nan fòm fizik.

Kounye a li enpòtan pou reyalize kèk bagay de eksperyans sa yo. Pou youn ladan yo, otè yo mouri, sa ka denye ke sa yo te wè lè Jezi te parèt sou yo se te yon bagay ki pat gen kò (sa vle di, san yon kò fizik), tankou yon fantom oubyen yon lespri oubyen yon bagay konsa. Donk Lik trè pridan pou te moutre ke premyèman ke Jezi te parèt sou disip yo, yo te panse ke se te yon fantom, jis lè Jezi te envite yo pou touche li-li te di: "yon lespri pa gen chè ak zo tankou jan nou wè ke mwen genyen"-epi li te manje yon moso pwason boukannen jis pou pwouve yo sa (Lik 24:42-43). (Li entèresan pou wè ke istwa a di ke pwason an te boukannen, se pa sa? Kisa sa ta gen pou wè ak pwason boukannen, oubyen fri, oubyen griye oubyen chofe? Anyen menm. Se jis youn nan detay yo ke lejand pwobableman pa tap mansyone e poutèt sa se vrèman yon temwanyaj yon temwen okilè de yon moun ki te la.)

Se pa sa sèlman, men disip yo tou te pran lapenn pou fè wè ke moun sa a ki te parèt sou yo a se te menm Jezi a ki te mouri sou

ÉSKE SA TE PASE?

kwa a, e se pat yon lòt moun. "Jezi te di Toma: Mete dwèt ou la, e gade men mwen yo; e mete men ou bò kòt mwen," (Jan 20:27). Li pat yon fantom; se pat yon lòt moun. Apòt yo te ensiste ke Jezi ke yo te wè a se te menm nan ki te krisifye a.

Li enpòtan tou pou konprann ke ni tonm vid la ni aparisyon an poukонт yo pa ta kreye jan de asirans sa a de rezireksyon ke apòt yo te dekri a. si tout sa yo te genyen se te yon tonm vid, yo ta va ale pandan yo tap souke tèt yo, men li doute ke yo ta va konkli ke Jezi te tounen vivan. Gen twòp altènativ ki ta eksplike sa: vòlè nan tonm yo, kèk imilyasyon espefifik Women yo, yon erè pou lokalize tonm nan, kèk bagay!

Nan menm tan an, wè Jezi sèlman pa ta ka fè sa nonplis. La a ankò, te genyen twòp eksplikasyon: yon fantom, yon aparisyon, yon enpostè, anpil bagay! Osi lontan k eta genyen kò ki dekonpoze nan tonm nan, sètènman pèsonn pa ta k arele tout bagay sa yo rezireksyon.

Men mete yo ansanm-tonm vid ak aparisyon Jezi- e sa te sifi pou kreye yon nwayo eksplozyon nan reyalite disip yo. Tonm nan te vid paske Jezi te vivan. Lanj lan te di: "Li pa la a," "li te leve" (Mat. 28:6). Sa a se temwanyaj yo. Sa a se rezon ke yo te kwè, e se pou rezon sa a ke yo te mouri pou kwè ke Jezi reyèlman te leve soti nan tonm nan. Kounye a ou ka di ke ou pa kwè yo; ou ka di sa ou vle ki te pase nan dimanch maten sa a, se pat sa. Men si ou para l fè sa, enben ou va oufri kèk altènativ. Si se pa rezireksyon, enben kisa ki te pase?

ANYEN ANKÒ EKSPLIKE LI

Gade, sèl bagay ke ou paka fè (se pa ak okenn onètete entèlektyèl, nenpòt fason) se pretann ke anyen pat pase. Se klè ke kèk gabay te pase, paske sa te kreye ond ekspansif a travè lemonde e a travè listwa pou de mil ane. Menm nan lavi disip sa yo sèlman, nenpòt sak te pase a te koz ke yo te re ranje estrikti pwen de vi yo. Yo te koumanse kwè ke Jezi krisifye sa a se te Mesi esperans Jwif yo ke yo tap tan lontan sa, ke li te Pitit Bondye a, Premye fwi nan nouvèl kreyasyon an ki va koumanse nan pwòp moun ke li re achte yo, Wa tout wa yo ki va sove pèp li a finalman yon jou e ki va remake mond la pou toutan nan yon nouvèl nesans reflektiv nan yon sous kap soti de pwòp rezireksyon pa li a. Paske yo te kwè bagay sa yo, yo te reòganize lavi yo pou yo te ka pwoklame kwayans yo-abandone karyè, kite kay, e dènyèman refize retounen nan kwayans sa yo menm si (selon tradisyon) yo te, youn pa youn, dekapite, krisifye, pèse ak lans, tòtire, lapide.

Kèk bagay te pase ki te lakoz tout sa.

E nenpòt fason ke Jezi vrèman te resiste soti nan lamò, oubyen se te kèk lòt bagay, sa te gen pouvwa sifi pou lakoz disip yo-yo tout tankou yon sèl-pou anbrase kwayans e reòganize lavi yo pou pwoklame yo, menm lè yo te an fas tèrib matirizasyon. Son sa a se vrèman dènye kesyon an: Èske gen kèk moun ki te sijere kèk lòt altènativ ki gen pouvwa pou eksplike tout sa? Sètènman, anpil moun te anpil tantativ.

Petèt fanm yo te ale nan yon lòt tonm, e yo te fè tout moun eksite de yon erè. Petèt. Men apre sa, lè kwayans ke Jezi sa a te resisite te gaye nan lavil la tankou dife sovaj, poukisa otorite yo pat jis te pran vrè kò a nan vrè tonm nan? Sètènman yo te konnen kote li te ye, lè yo te sele tonm nan e mete sòlda Women fè pòs. E anplis de sa, tankou jan nou te di a, senp repòtaj ke tonm nan vid la pa ta kreye yon kwayans ke Jezi te resisite. Jezi te parèt tou sou disip yo, tou vivan! Se poutèt sa yo te di nou sa sensèman. Si ou pral di ke yo te nan erè, byen.

Men kisa-si sa-pat pase?

Oke, petèt Jezi pat mouri reyèlman men li te prèske mouri, e li te sove soti nan tonm nan, e li mache ale kote disip li yo te kache a. Petèt. Men apre sa poukisa...non, non petèt. Sa pa gen sans! Èske nap panse vre ke Jezi-nan kèk fason te sove anba krisifiksyon li-blese, krisifye, ponyade ak lans, dezidrate e grangou nan prezans disip yo epi konvenk yo, tou pè, tou enkredil jan yo te ye a, ke li te Senyè lavi a e konkeran lamò? Sa pat pase konsa, Mwen te ka di. Yo pa tap soti pou al preche nan kondisyon sa a; yo ta ka soti al dèyè yon doktè pou li!

Byen, bon, petèt disip yo te vòlè kò a e pwoklame ke Jezi te leve soti nan lamò; petèt se te ilizyon ki te plis siksè nan istwa lemond. Men non, tankou nou te di anvan an, anyen nan bagay sa a gen karaktè yon ilizyon, e anplis tout sa, pèsonn pa mouri pou yon ilizyon. Si wap eseye rale youn soti nan lemond, lè kouto a

anlè nan giyotin nan preske desann- oubyen klou yo prèske pèse ponyèt ou, oubyen yo prèske lage ou nan yon chodyè lwil kap bouyi oubyen voye ou atè depi sou tèt tanp la-ou pa kontinye di, "Mwen di nou, nonm nan vivan!" Sèl fason ou ka rete anba sikonsans sa yo nan istwa a se si ou reyèlman kwè ke se verite.

Bon, petèt disip yo te viktim yon mas alisinasyon. Non, nou te gentan diskite sijesyon sa a. Pandan nou te bay konbyen moun ki te repòte ke yo te wè Jezi, nan konbyen tan diferan, e anplis nan konbyen semèn, nosyon ki soutni, kontaje mas alisinasyon an pa fè okenn sans. E byen si, lide "mas alisinasyon an" pa gen sans.

Petèt, apre sa, yo te inonde nan yon somèy, yon vizyon, yon eksperyans mistik, ou dimwens yon pwofon e selès sansasyon de padon ak nouvèl lavi espirityèl. Petèt se sa yo te vle di lè yo te pale de rezireksyon an e non pa lide ke Jezi te leve soti nan tonm nan. Nan lòt mo, petèt tout istwa yo nan Nouvo Testaman an se jis yon gwo metafò de verite espirityèl yo, e se pat pou konprann literalman e fizikman.

Non, pou di verite, anvan tout bagay, istwa yo ki rakonte rezireksyon an pa gen okenn karaktè metafò espirityèl. Yo gen karaktè temwanyaj de temwen okilè de evènman ki fizikman te pase nan istwa, e sa ta bay anpil travay pou bouche je yo pou fè sa pase. Anplis tou, premye syèk Jwif yo nan lemond te familye ak rèv oubyen vizyon oubyen eksperyans estatik reliyon, e sa te tou familye ak yon mesi ke otorite yo te touye. Lè ou bay ranfò sa

a, li jis yon bagay ou pa ka panse ke yon senp rèv, vizyon, oubyen eksperyans mistik, mwens toujou yon sansasyon-menm sis a te konekte ak yon "mesi" ki te egzekite- te ka bay jan de vizyon nan mond lan ki altere kwayans rezireksyon Jezi a ki dire e make premye Kretyen yo e bagay ki te pote malthirazyon yo. Pifò nan tout sa, sepandan, okenn Jwif nan premye syèk la ta va itilize mo rezireksyon pou dekri yon rèv, vizyon, oubyen eksperyans mistik, mwens toujou yon "sansasyon" de nenpòt fòs li te ye. Se poutèt sa rezireksyon te genyen yon sinifikasyon espesifik. Li te vle di literalman e fizikamn yon kò ki tounen gen lavi ankò, e li pa ta enfatize nan okenn lòt bagay ki ta vle di yon lòt bagay. E se egzakteman mo sa a ke premye Kretyen te toujou itilize pou dekri sa ki te pase Jezi a.

Oke, petèt yo tout te viktим yon sevè ka de dezi panse. Petèt yo pat tèlman vle Jezi mouri e yo fè tèt yo fou nan yon kwayans kote ke li te resiste. Ankò, non. Menmsi disip yo tap chèche rekonfòte yo nan reveye lamò Jezi, yo pa ta opte pou lide rezireksyon an. Lwen de sa pou yo ta rekonfòte tèt yo pandan yap pwoklame ke li vivan "espirityèlman" oubyen kèk bagay konsa. Men se jis enpwobab nan ekstrèm pou ta panse ke yo ta eklere vizyon mond lan sou lide ke Jezi te resiste e glorifye anvan lafen tan yo. Sèl fason pou yo ta rive sou konklizyon sa a se si bagay yo ke yo te wè ak eksperimente te kite san okenn lòt chwa. Éske ou wè pwen an? Kretyen ki te la anvan yo pwoklame ke Jezi te resiste poutèt

yo te gen dezi a. yo te fè pwoklamasyon sa a paske pat genyen lòt eksplikasyon pou sa yo te wè a. se pat yon dezi panse ki te fè yo rive sou konklizyon sa a; se te pwòp je yo.

Anplis de tout sa, istwa yo kote nou pa prezante disip yo okenn fason tankou moun ki te prepare entèlektyèlman pou kwè ke Jezi te leve soti nan lamò. O kontrè, lontan anvan yo te kwè, yo pat kwè, tèlman ke Jezi resisite a te bezwen reprann yo pou sa. Non, disip yo nan okenn fason pat prepare sikolojikman, relijyezman oubyen kiltirèlman pou rezireksyon yon nonm anvan lafen tan yo. Sa a se bagay ki ta dwe pase ki te vrèman eksplode nan konsyans yo e kite yo byen fotifye pou eksplike sa tout bagay yo te vle di.

Donk jan Mwen te di a, kèk bagay te pase nan dimanch maten sa a.

Senpleman yo pa ka nye sa.

E kounye a map mande ou, kisa sa te ye? Se pat yon erè, se pat yon twaka lamò, se pat yon ilizyon de yon desepsyon, se pat yon mas alisinasyon, se pat yon rèv oubyen yon vizyon oubyen yon sansasyon mistik de padon, se pat yon dezi panse-okenn nan bagay sa yo. Donk si se pat sa yo, enben kisa sa te ye?

Gade, lè ou rive dirèk sou li, evidans la devan nou-konfidans Kretyen yo ki te la anvan an ki di ke tonm nan te vid e yo te wè Jezi resisite a, lavi ki altere, kwayans ki te soti nan eksperyans sa yo, yo fini pa anbrase la fwa yo menm si yo te fè fas a lamò-evidans sa a eksplike ak yon sèl posibilité:

Jezi te vrèman, reyèlman, kòporèlman, istorikman *resiste soti nan lamò*.

ENPLIKASYON YO DE YON JEZI RESISITE

Li koute anpil efò pou di li, men tout sa se pa kèk bagay ke nou ka senpleman pase tou prese, se p asa? Li gen gwo enpòtans, e menm enpòtans etènèl. Donk pandan nap fèman chapit sa a, kite m sede paj sa bay yon trè rekoni patikilye saj, N.T. Wright, ki mete konklizyon nan tèm ki ede anpil la. Li li Dousman, li li ak atansyon, e panse sou li ankò:

[Ke Jezi te resiste] toujou kontinye, byen si, enpwouuvab nan tèm lojik oubyen matematik. Istoryen an pa janm nan pozisyon pou fè sa Pitagò te fè... Ak istwa se pa konsa. Prèske anyen pa janm eliminate absoliman; istwa, aprè tou, se plis yon etid de bagay iregilye e ki pa repete. Sa nou ye aprè gran pwobabilite li; e se pou tout posibilité yo ta rive egzamine li, tout sijesyon yo, epi tou mande ki tèlman byen yo eksplike fenomèn nan. Li toujou posib ke nan diskisyon sou rezireksyon an kèk moun ka vini ak rèv kritik enkredil: Yon entèpretasyon ki bay ase kondisyon pou leve fwa premye Kretyen yo, ki, pandan lap ranje l nan yon aklarasyon de kategori yo ki se epistemolojik e filozofik, oubyen senpleman prensipal payen an, ki pa lakoz ond nan kritik ka sa a. li merite pou note sa, yon diskisyon sou kisa dezespere se tantativ anpil saj pandan dènye desan ane yo (se pa pou mansyone kritik yo depi

sou Celsus), yo pat jwenn okenn eksplikasyon konsa. Kretyen ki te la anvan yo pat envante tonm vid la ak "reyinyon" oubyen "lè yo wè" Jezi ki te leve a pou yo te ka eksplike yon fwa ke yo te toujou genyen. Yo te devlope la fwa sa a pou okirans ak konvèjans de fenomèn sa yo. Pèsonn pat tap tan jan de bagay sa a; okenn eksperyans nan konvèsyon ta ka jenere jan de lide sa yo; okenn moun ta va envante li, pe enpòt jan yo te santi yo koupab, oubyen padone, pe enpòt ki kantite tan yo te pase ap fouye ekriti yo. Pou pwopoze okontrè se kanpe sou fè listwa epi antre nan yon mond fantezi de pwòp tèt nou, yon nouvèl panse dezakòde ke modènis enplakab, ki panike pou akclarasyon vizyon mond la ki sanble nan danje pou kraze, envante estrateji pou fè rive nan pò malgre tou. Nan tèm yo de jan de prèv ke istoryen yo nòmalman aksepte, ka ke nou te prezante a, tonm nan-plis-aparisyon yo konbinasyon se sa ki te jenere la fwa Kretyen ki te la anvan yo, li se osi irefitab ke bon pou jwenn.³

Nou tap vini sou yon wout ki long nan konsiderasyon nou sou si nou ka reyèlman kwè Bib la, se pa sa? Diskite verite a ke nou konfwonte kesyon yo nan chak kwen, nou te ka vin rive sou yon degre ki wo sou konfidans istorik ke Bib la reyèlman konfyab. Men sa nou te wè: tradiksyon nou yo kòrèk; kopi yo ke nou genyen se repwodiksyon fidèl de oriijinal yo (oubyen, finalman, yo pèmèt

3 Wright, The Resurrection of the Son of God, 706-7.

nou konstwi orijinal yo); dokiman yo ke nap gade yo se pi bon e ki pi kòrèk ki genyen; ekriven yo pat twonpe oubyen desespsyone, oubyen ekriven fiksyon (yo tap di nou sa yo reyèlman kwè ki te pase); e finalman, nou genye trè bon rezon pou kwè sa yo te panse ki te pase ak sa yo te di ki te pase, reyèlman te pase vre. Mirak yo ke yo rakonte yo pa ka jije ak prensip, e pwobabilite yo sipase tout lòt istwa de bagay sipènatirèl ki te pase. Sou tout sa, lè nou rive sou mirak ki pi enpòtan an-rezireksyon Jezi-okenn eksplikasyon reyèlman gen sans de tout lòt evidans plis ke sa te pase vre.

Men sa a se dènye pa nan agiman nou an. Si rezireksyon an te pase vre, enben kwayans noun an Bib la aktyèlman pran fos pou rive nan yon gran nivo konfidans tou nèf, pi lwen ke jan istorik yo.

Si Jezi te reyèlman resisite soti nan lamò, enben Bib la se Pawòl Bondye.

CHAPIT SET (7)

PRAN LI SOU PAWÒL NONM KI RESISITE A

Nan yon fason, Mwen vrèman swete ke liv sa a te ka tèmine nan chapit ki fenk fini an.

Mwen swete ke petèt tout bagay te ka jis depoze sou sa nou te diskite yo, paske Mwen kwè ke verite ki pi enpòtan ki te ka deklare nan istwa imanite: ke nou ka eksplike evidans pi byen anvan nou si Jezi te vrèman leve kòporèlman soti nan tonm. Donk menm sis a Mwen swete ke ou va li rès liv la, e Mwen swete tou ke ou va kapte plis e va fasine pandan wap panse sou konklizyon an ak enplikasyon li yo. Kisa sa vle di pou si Jezi, vrèman te resisite? Kisa ou ta bezwen pou reponn a reyalite sa a?

Men kòm tit liv la se *Poukisa ou kwè Bib la?* E non *Pouki-sa ou kwè ke Jezi te leve soti nan lamò?* Nou ta dwe presyone

kesyon sa a jis nan konklizyon li. A travè liv sa a, nou tap panse e pale de dokiman biblik yo-espesyalman Nouvo Testaman an ak kat Levanjil-tankou dokiman istorik. Lè nou fè sa, nou pat presipoze ke yo divin oubyen yo soti nan Bondye nan okenn fason. Nou te presipoze ke yo se Pawòl Bondye, e nou pat presipoze ke yo pa gen erè oubyen yo tout se verite. Pou di verite, jisteman jan nou ta fè pou nenpòt lòt dokiman nou dwe kontre antere anba eskonb nan yon ansyen vilaj, nou te gen pèmisyon pou chak posibilité ke dokiman biblik yo ta ka pa konfyab tankou temwen istorik. Men nan chak détou, nou te konkli tou ak yon degre ki wo de konfidans istorik ke yo vrèman sanble konfyab-de tradiksyon nou yo, al sou transmision dokiman original yo a travè listwa ke kopyè yo te fè, pou rive sou resepsyon dokiman sa yo ki te kontré a nenpòt lòt dokiman tankou otoritativ, pou rive sou konfyabilite otè yo menm menm, pou rive sou verite de sa yo te ekri de sa. Soti nan koumansman pou rive nan la fen, nou te kreye yon chenn solid de konfidans ke Bib la kwayab tankou yon temwen pou istwa.

Men lè noumenm tankou Kretyen, nou di ke nou kwè Bib la, nou pa vle di ke nou genyen yon konfidans istorik solid de sa. Nou vle plis bagay ke sa. Nou vle di ke nou kwè ke li se pa-wòl Bondye, ke kreyatè llinivè a te enspire, donk li absoliman, enfayibleman vrè nan tout bagay li di. La a, pa egzanp, se konsa "deklarasyon lafwa" legliz mwen an mete li:

Nou kwè ke La Bib, espesifikman 39 liv Ansyen Testaman an ak 27 liv Nouvo Testaman an, se Pawòl Ekri Bondye; ke gason (moun) ke Bondye te enspire te ekri, e se yon trezò pafè ki gen enstriksyon selès; ke Bondye se otè li, finalite se lavi etènèl, e li se verite san okenn erè nan tèm li yo; ke li revele prensip yo ke Bondye va itilize pou jije nou; e anvan tout bagay, e ki va rete pou rès mond lan, se sant verite inyon Kretyen, e se sèl prensip sifizan, sèten e otoritativ de tout konesans, fwa, ak obeyisans.¹

Tout mounki se yon manm legliz nou kwè ke Bib la-Nouvo ak Ansyen Testaman-se "se Pawòl Ekri Bondye," ke se gason ki te "enspire divinman ki te ekri li," ke li se yon "trezò pafè de enstriksyon selès," ke "Bondye se otè li," e ke "li se verite ki pa gen okenn erè nan li." Evidàman, tout bagay sa yo depase konfidans istorik!

Nou pa genyen tan ni espas la a pou nou byen panse sou tout bagay Kretyen yo vle di lè yo di bagay sa yo. Topik yo tankou enspirasyon ak enfalibilité te reklame liv yo yomenm menm (wè apendis). Kisa ki enpòtan pou objektif nou se pou nou konprann poukisa Kretyen yo di tout bagay sa yo de Bib la premyeman. E pou fè li senp, se paske Jezi te leve soti vivan nan lamò. Poutèt rezireksyon Jezi a, nou kwè sa Jezi te di, e depi Jezi limenm menm

1 "What We Believe," Legliz Batis Twazyèm Ave., Louisville, KY, aksè February 25, 2015, <http://www.thirdavenue.org/What-We-Believe>.

te andose tout Ansyen Testaman an epi otorize tout Nouvo a, nou kwè ke yo fyab e se verite. Sa a se plis sa.

MESI A VA LEVE SOTI NAN LAMÒ

Pou Kretyen yo, rezireksyon vle di anpil bagay enpòtan. Sa vle di ke noumenm ki ini ak Jezi nan la fwa, nou va resisite menm jan an tou. Sa vle di ke Bondye te aksepte konplètman sakrifis pou peche ke Jezi te ofri sou kwa a epi li te plis ke sifizan enfiniman pou peye pou dèt moral nou yo. Sa vle di kounye a ke Jezi vivan pou dirije, gouvène, pwoteje, entèsede, e fè bon bagay pou pèp li a ki vivan toujou sou latè. E sa vle di tou ke Bondye te ratifye, andose, renvandike, e konfime tout deklarasyon Jezi sou ki moun li te ye ak ki klas otorite ke li te posede.

Sa a se pa yon pwen difisil pou konprann. Tankou tout lòt mি-
rak yo, rezireksyon Jezi a se pat yon adisyon sipèfli ke yo te mete
nan istwa a, jis yon nesesite fleri pou asire yon bon final. Lè Jezi
te pale de sa, Li te toujou konekte sa byen sere ak deklarasyon li
yo sou idantite li. Matye, nan yon enstan, di nou ke Jezi te predi
lamò li ak rezireksyon li twa fwa nan final ministè li, e nan chak
fwa yo, Li te prezante sa tankou kilminasyon konfirmasyon nesesè
de idantite li tankou Kris la.

Ann gade twa prediksyon sa yo.

Premyeman, depi Jezi te fin mande disip li yo kimoun yo te
panse ke Li te ye, e Pyè te reponn, "Ou se Kris la, Ptit Gason

Bondye vivan an" (Mat. 16:16). Kounye a fraz sa a genyen yon mond de sinifikasyon, men esansyèlman Pyè tap afime ke Jezi se te Mesi (sa vle di "sila a ki wen an" e avan tou, Wa) a yo te pwomèt lontan sa, ke yo te pwofetize lontan sa, ke yo tap tan lontan sa, ki se Wa izrayèl e ki se Petit gason Bondye a tou (sa ki te vle di ke Li se te Bondye). Lè Jezi te tandé sa, Li te rejwi e Li te di Pyè ke li te beni paske li te gen konesans sa a ke Bondye Papa a te revele li. E apre sa Jezi te koumanse aji tankou Wa ke Pyè te di li ye a. Li te etabli legliz li-anbasad wayal li nan mond lan- e li te pwomèt ke li va pwoteje li e ba li pouvwa nan misyon li. Li te bay anbasab la otorite pou pale nan non li, e apre sa, Li te koumanse ansenye disip yo kisa li te vle di lè li te ke Li se Wa a, Mesi a, Kris la. Donk Matye (Sonje byen ke li te la!) di nou le swivan:

Depi lè sa a Jezi te koumanse moutre disip li yo ke li te dwe ale Jerizalèm e soufri anpil bagay de ansyen yo ak chèf prêt yo ak eskrib yo, epi mouri, e sou twazyèm jou a pou resisite.
(Mat. 16:21)

Gade an premye nan fason ke Matye mete li: "Depi lè sa a Jezi te koumanse moutre disip li yo." Aparàman sa pat yon tan, konvèsasyon senk minit, men yon etap ki te nan ansèyman Jezi souti nan pwen sa a. Gade mo "dwe" a tou. Li "dwe" ale Jerizalèm pou soufri e mouri, e Li "dwe" resisite nan lamò sou twazyèm jou a. kounye a gade mo

“moutre”. Kisa sa vle di ke Li te koumanse “moutre” yo ke tout bagay sa yo te dwe pase? Nan kisa Li ta moutre yo a? Nan lojik? Rezon? Non, Sa vle di ke Li moutre yo nan Ekriti a, nan Ansyen Testaman an. Ok, èske ou wè pwen an? Wol, misyon, e avan tou destine Mesi a se pat yon bagay “pou detèmine”; li te byen defini nan Ansyen Testaman an, Jezi te eksplike, e youn nan bagay yo ke vrè Mesi a va fè se resisite. “Mesi a va leve soti nan lamò,” se Jezi ki tap di sa “Enben si Mwen pa leve soti nan lamò, mwen pa Mesi a. Men Mwen va leve soti nan lamò. E avan tou...”-ou konprann pwen an.

Jezi te predi lamò li yon dezyèm fwa kèk jou apre, e fwa sa a Li te konekte li ak Yon lòt Pwofesi nan Ansyen Testaman an sou Mesi a. Men kouman Matye di sa:

Pandan yo te Galile, Jezi te di yo, “Ptit nonm nan preske livre nan men moun yo, e yo va touye li, e li va resisite sou twazyèm jou a.” E yo te trè tris. (Mat. 17:22)

Ptit Nonm nan aparàman se fason Jezi te pi renmen pale de idantite li, men sa pa sèlman vle di “pitit yon nonm.” Sa ta ka dekri anpil nan nou. Men pito, li te pran tit pwofet Danyèl la ki nan Ansyen Testaman an, ki te fè yon vizyon de sa li te rele “youn tankou pitit nonm nan.” Kounye a sa vle di, senpleman, ke sila a ke Danyèl te wè ki te sanble ak moun nan. Men gade sa Danyèl di ke “youn tankou yon pitit nonm an:”

Mwen te wè nan vizyon nannwit la,
E avèk nyaj nan syèl yo
Youn ki tap vini ki te sanble ak yon pitit moun,
E lit e vini kote ansyen jou yo
E yo te fè li pwoche devan li.
E yo te ba li dominasyon
Ak glwa ak wayòm,
Pou ke tout pèp yo, nasyon, ak lang yo ka sèvi li;
Dominasyon li se dominasyon etènèl,
Ki pa va janm pase,
E sèl wayòm li a pa va janm detwi. (Dan. 7:13-14)

Se de sa a ke Jezi te fè referans lè li tap rele tèt li Pitit nonm nan. Sinifikan tit sa a pa sèlman pwente sou otorite wayal li men tou sou divinite li menm menm. Pi enpòtan pou objektif nou yo, sepandan, gade ankò kouman jezi te konekte tout alizyon sa yo espesifikman a rezireksyon an nan Matye 17:22 anlè a. Non, Li pa itilize mo *dwe* a la a, men efè a se menm. Li vle di, "Jan Ansyen Testaman an te pwofetize, yo prèske touye pitit nonm nan e leve ankò sou twazyèm jou a. Si sa pa pase, enben mwen pa pitit nonm nan. Men Mwen se pitit nonm nan, donk tout sa prèske pase."

Twazyèm fwa a ke Jezi te predi rezireksyon li nan Levanjil Matye a se jis anvan li te rive Jerizalèm, kèk jou anvan krisifiksyon li. Men kouman Matye te anjiste sa Li te di a:

Kiyès Jezi Ye?

E pandan Jezi tap moute Jerizalèm, li te pran douz disip yo apa, e sou chemen an Li te di yo, "Gade, nap moute Jerizalèm. E ptit nonm nan va livre nan men chèf prêt yo ak eskrib yo, e yo va kondane li amò e yo va lage li nan men janti yo pou moke li pou fwete li epi krisifye li, e li va leve sou twazyèm jou a." (Mat. 20:17-19)

Pa gen anye tou nèf la a. Jezi fè menm pwen an ke li te fè nan prediksyon pase yo: "Paske mwen se ptit nonm nan, sa prèske pase."

Èske ou wè? Jezi te toujou konekte rezireksyon li ak idantite li. Si sa te pase, enben Se te Mesi a, Kris la, Wa a, ptit nonm nan. Si non-bon, enben, pan panse sou sa. Aprè rezireksyon an, apòt yo te fè menm bagay la tou. Sèmon Pyè a nan Ak 2 se yon kristal ki klè. Men sa li te di:

Gason Izrayèl, tandem pawòl sa yo: Jezi moun Nazarèt la, yon nonm ke Bondye te ateste ban nou ak mirak ak mèvèy, ak sinal ke Bondye te fè a travè limenm nan mitan nou, tankou noumenm konnen-Jezi sa, te livre selon plan define ak konesans Bondye de deside davans, nou te krisifye e touye ak men mecha yo. Bondye te leve li, pandan li te kite doulè lamò yo, paske li pat posib pou li te kenbe li. Se pou sa David ki konsènan li,

"Mwen te wè Senyè devan fas mwen,
Paske li sou men dwat mwen ke mwen pa dwe brannen;
Se poutèt sa kè mwen te rejwi e lang mwen te kontan;
Chè mwen va repoze nan espwa.
Paske ou pa va abandone nanm mwen nan lamò,
Oubyen pou ta kite Sen ou a wè pouriti.
Ou te fèm konnen chemen lavi;
Ou va fè mwen plen jwa ak prezans ou."

Frè yo Mwen dwe di nou ak konfidans de patriak David ke li te mouri e antere, e tonm li ak nou jis Jodi a. avan tou li se pwo-fèt, e Bondye te pwomèt li ak sèman ke fwi zantray li va chita sou twòn li, paske li te wè sa anvan li te pale de rezireksyon Kris la, ke li pat abandone nan lamò, e nonplis chè li pa wè pouriti. Jezi sa a ke Bondye te leve, e ke noutout temwen. Avan tou te vin egzalte sou men dwat Bondye, e te resevwa pwomès Sentespri a pa mwayen Papa a, Li te fè sa gaye, sa nap gade ak tandé kounye a. Paske David pat ko moute nan syèl, men limenm menm di,

"Senyè a te di Senyè mwen,
Chita sou bò men dwat mwen,
Jouktan mwen fè enmi ou yo tounen mach pye ou."

Pou ka fè tout kay Izrayèl konnen sètènman ke Bondye te fè li Senyè e Kris, Jezi sa a ke nou te krisifye a. (Ak 2:22-36)

Èske ou wè sa lap di a? Men esans lan: "Noumenm nou te touye Jezi, men Bondye te leve li vivan ankò paske li te enposib pou lamò kenbe li. Poukisa? Paske tankou David te di, Bondye pa tap kite Mesi a wè dekonpozisyon lamò. Kounye a David pa tap ka pale de limenm menm tankou Mesi a, paske li te mouri e yo te antere li e nou konnen kote tonm li ye Jodi a. Donk li dwe tap pale de yon Mesi ki tap vini. Bon, adivini? Bondye te leve Jezi sa a-nou tout se temwen verite sa a. Avan tou, paske Mesi a ta va dwe resisite, *kite tout kay Izrayèl konnen sètènman ke Bondye te fè Jezi sa a-sila a ke nou te krisifye a-Senyè e Kris.*"

Pyè pa ta ka pi klè pase sa. Jezi te krisifye, e avan tou Jezi se te Kris la, jan li te di a.

KISA REZIREKSYON AN SINIFI POU ANSYEN TESTAMAN AN?

Sepandan, èske rezireksyon Jezi a ak idantifikasyon tèt li tankou Kris la gen kèk bagay pou wè ak Bib la? Tout bagay. Ansyen Testaman an te ansenye ke otorite Mesi a ta va anbake tout bagay, miltifas, inivèsèl e absoli. Li ta kenbe balans nan chak kote nan lavi ak egzistans. Men youn nan kote patikilyè ke li ta va gen otorite se te *pale pou Bondye Papa a*. Nan lòt mo, Li ta va yon ekselan pwofèt. Bondye te di ke Li ta pral voye yon pwofèt tankou

Moyiz, "Mwen va mete pawòl mwen nan bouch li, e li va pale ak yo tout sa mwen kòmande li" (Det. 18:18). Se poutèt sa ke Jezi te ka di yon bagay ak jan de odas sa a tankou, "an verite, an verite, Mwen di nou, Pitit gason an pa ka fè anyen pou tèt pa li, men sèlman sa li wè Papa a ap fè. Nenpòt bagay Papa a fè, Pitit gason an fè li tou " (Jan 5:19). E se pou sa Jan te di sou Jezi, "paske sila a ke Bondye pale pawòl Bondye yo" (Jan 3:34). Kris la te pwofèt tou, sèl moun ki revele pafètman kilès Bondye ye ak kisa Bondye di.

Konprann ke, sa remakab pou wè kouman Jezi-Kris la, Pwofèt la, Sèl moun ki ta genyen otorite pou pale pou Bondye-te trete Ansyen Testaman an a travè ministè li. Pran pou enstans, Istwa Lik la sou sa Jezi te di disip li yo apre rezireksyon li:

E li te di yo, "Sa yo se pawòl mwen yo ke Mwen te pale ak nou pandan mwen te ak nou toujou, ke tout sa ki ekri sou mwen nan la lwa Moyiz la ak pwofèt yo an sòm yo dwe akonpli." (Lik 24:44)

Kounye a Jwif yo te toujou itilize yon mo senp pou fè referans a liv yo nan Ansyen Testaman an, "la lwa, pwofèt yo, e Ekriti yo" oubyen, pi senp, "la lwa ak pwofèt yo." Donk lè Jezi te di ke "la lwa Moyiz ak pwofèt yo ak sòm yo" (liv sòm yo reprezante Ekriti yo tankou liv ki pi long nan koleksyon sa a) dwe akonpli, li tap andose epi ratifye otorite tout Ansyen Tes-

taman depi koumansman jis nan final. (Ensidàman, klèman li te opòtinite tou ki defini kanon Ansyen Testaman an pou te ka trantnèf liv tradisyonalman ke Jwif yo te rekonèt.)

Men temwanyaj Jezi sou Ansyen Testaman an kouri pi fon. Li pa sèlman te panse ke li te otoritativ; Li te di li se te Pawòl Bondye. Gade pasaj sa a nan Matye 19:

E farizyen yo te vini kote li pou tante li e yo te di li, "Èske la lwa pèmèt yon moun divòse ak madanm li pou nenpòt bagay?" Li te reponn, "Èske nou pat li ke sila a ki te kreye yo nan koumansman an te fè yo mal ak femèl, e li te di, 'Se poutèt sa yon nonm va kite papa li ak manman li e va atache ak madanm li, e yo de va yon sèl chè?' Donk yo pa de ankò men yon sèl chè. Sa Bondye te mete ansanm, pa kite lòm separe." (vv. 3-6)

Istwa a la a se ke kèk lidè Izrayèl tap kesyonen Jezi sou konprann li genyen de Ekriti a. klèman, yo te pi entérese nan tante li e diskriminen li ke sa li te gen pou di. Kouman konvèrsasyon an te bese se yon bagay fasinan, men sa mwen vle ou wè se ke Jezi te idantifye moun ki te di, "Se poutèt sa yon nonm va kite papa li ak manman li," tankou "Moun ki te kreye yo (mari ak madanm)." Bagay ki entèresan an, se ke si ou fè yon gade nan Jenèz, ou va wè ke santans sa a pat atribye sèlman a Bondye

poukont li. Pito, se te yon kòmantè sou sitiyasyon pa otè Jenèz la. Men nan sans sa a pwen an rete: Jezi te konprann ke menm pati nan Ansyen Testaman an kote Bondye patap pale tankou pawòl Bondye yo.

Ou ka wè menm bagay la tou nan Mak 12:36 kote Jezi pale de yon sòm ke David te ekri, men li te entwodwi li konsa, "David limenm menm, nan Lespri Sen an, te deklare..." Èske ou wè? Depi nan koumansman jis lafen, Jezi Mesi a te andose e konfime ke chak mo nan Ansyen Testaman an se te Pawòl Bondye poutèt sa verite depi koumansman jis lafen. Sa a se te ka sou ansèyman li yo de Bondye, e selon Jezi, se ka nan deklarasyon istorik yo tou. Sou sèten pwen nan kat Levanjil yo, Jezi pale e trete tankou sèten e istorik tout kalite moun ak istwa yo nan Ansyen Testaman an-Adan ak Èv, Kayen ak Abèl, Noye, Abraam, Sodòm ak Gomò, Izaak, Jakòb, Moyiz, la mòn ki tonbe nan dezè a, sèpan an bwonz la, David ak Salomon, Rèn Saba, Eli ak Elize, vèv Sarepta a, Naman, Ezayi, Jeremi, Zakari, e menm Jonas ke yon gwo pwason te vale. Li te kwè tout nan tout detay yo. E sa te enpòtan paske li se te Kris la.

Kounye a pafwa moun va ale sou pwen sa a pou di, "Men èske Jezi pat korije kèk bagay nan Ansyen Testaman an? Èske li pat panse ke kèk bagay ladan li te gen erè oubyen inadékwa epi pou voye moun ki tap swiv li yo pou kwè nan yon bagay diferan?" Bon, non. Sètènman pafwa lè Jezi te di bagay konsa,

"Ou te tande ke yo te di... men Mwen di nou..." Nou pa gen tan pou nou konsidere okazyon sa yo an detay (ou ka jwenn a travè deklarasyon sa yo nan nenpòt kòmantè bob Bib), men sa ki dwe reyalize la a, se ke nan chak pwen sa yo, Jezi pa tap korije Ansyen Testaman an. Li tap korije move panse, ak tantativ malisyé farizyen yo ki tap evite vrè sa Ansyen Testaman an te vle di oudimwens fabrike eksepsyon ridikil pou yo menm menm. Sa vle di k esa lwen de korije Ansyen Testaman an, jezi tap egzèse wayote, otorite pwofetik pou di sa Ansyen Testaman an te vle di nan premye plas-sa a se, replase pouvwa li, otorite, ak verite nan lavi izrayelit yo. Se pou sa li te eksplike anvan li te jis koumanse pale nan sèmon sou mòn li a, "Piga nou panse ke mwen te vini pou aboli la lwa ak pwofèt yo; Mwen pat vini pou aboli yo men pou akonpli yo" (Mat. 5:17).

Èske ou wè pwen an? Byen si ke genyen kesyon toujou sou èmeletik ak entèpretasyon, kouman nou ta dwe konprann sa e kouman sa ka plase nan lavi Kretyen an, konvenan yo ak dispansasyon yo ak tout rès yo. Anplis de sa, Ansyen Testaman an prezante pwòp tèm pa li, selon transmisyon, kanonizasyon, ak zafè otè yo, e ou ka li liv long ke saj Kretyen yo te ekri sou tout sijè sa yo (wè apendis). Men bagay enpòtan an. Men poukisa tou liv long sa yo va koumanse ak kwayans ke Ansyen Testaman an se Pawòl Bondye: Paske Jezi, Mesi resisite a, te di ke se sa li te ye. E avan tou nou kwè li.

KISA REZIREKSYON AN SINIFI POU NOUVO TESTAMAN AN?

Donk kounye a, se Nouvo Testaman an menm? Franchman, bagay yo pa tèlman dwat lè yo vle pale de Nouvo Testaman an. Aprè tou, lè Jezi te sou latè e te kapab konfime vèbalman otorite Nouvo Testaman an tankou li te fè li ak Ansyen an, Nouvo Testaman an pot ko ekri.

Menm si, kwayans Kretyen ke Nouvo Testaman an se Pawòl Bondye baze tou sou otorite Jezi tankou Mesi resisite a, jis ak yon ti kras diferans. Èske ou sonje nan chapit 4 liv sa a, nou te di ke Kretyen ki te la anvan yo te toujou ap pale de otoritatif, liv kanonik yo, yo te resevwa yo e prensipal kritè ke yo te itilize pou defann liv sa yo se ke yo te genyen otorite apostolik? Sou pwen sa a, nou senpleman note rezonnman asèsyon sa a tankou yon sijè istorik; byen si sa gen sans pou genyen plis konfidans nan liv sa yo ki vini ak yon etanp apwouvman ki soti de temwen okilè yo.

Men sa a se pa sa sèlman-oubyen primè-rezon ke apostolisite se te prensipal kritè legliz la pou konfimen sèl otorite de liv sa yo ke yo resevwa a. Rezon primè a tounen ankò, sou otorite Jezi. Ou wè nan Jan 16, lè Jezi tap bay apòt li yo enstriksyon final, li te pwomèt ke apre rezireksyon li ak asansyon li nan syèl la, Li ta va voye Lespri Sen an pou revele yo pi devan pandan li ta ansenye yo ke Li tevle yo genyen. Se yon pasaj ekstraòdinè:

Kiyès Jezi Ye?

(Jezi te di,) "Mwen gen anpil bagay pou di nou toujou, men nou pa ka sipòte yo kounye a. Lè Lespri Verite a vini, Li va gide nou nan tout verite, paske Li pa va pale pou pwòp otorite pa li, men nenpòt sa li tandem li va pale, e li va deklare nou bagay yo ki gen pou vini. Li va glorifye mwen, paske li va pran sa ki pou mwen pou deklare nou. Tout sa Papa a genyen se pou mwen; avan tou mwen te di ke li va pran sa ki pou mwen pou deklare ban nou." (vv. 12-15)

Sa a se yon chenn mèvèy otorite ke Jezi konstwi, se pa sa? Tout bagay ke li gen pou di soti nan Papa a (genyen otorite pwofetik sa a ankò), e li va bay Lespri sen an tout sa ki soti nan Papa a, e ki va deklare yo bay apòt yo. Èske ou wè? La a Jezi ap di apòt li yo ke gen plis ansèyman kap vini e ke yo va jwenn yo an patikilye. Li entèresan pou wè kouman apòt yo yomenm menm, nan ekriti yo, sanble te reyalize ke yo tap ekri ak yon jan de Lespri enspire, otorite Ekriti. Yon pasaj esansyèlman enpòtan. Nan 2 Pyè 3, apòt Pyè ap ankouraje lektè li yo pou kenbe fèm jiska la fen. Apre sa li di:

E konprann ke pasyans Senyè a se pou lavi, menm jan frè nou Pòl ke nou renmen, selon sajès ke li te resevwa, jan li te ekri noun an preske tout lèt li yo, lè li tap pale de bagay sa yo. Ki te genyen bagay difisil nan yo pou konprann, ke inyoran ak mal konprann yo ap kwochi pou pwòp destrikson yo, tankou nan lòt ekriti yo. (vv. 15-16)

Li amizan pou note ke Pyè te panse ke ekriti Pòl yo te "difisil pou konprann." Se yon ti kras lòt Kretyen ki te genyen menm santiman pafwa! Men Pyè di tou ke Pòl te ekri "selon sajès ke li te resevwa, menm jan li fè nan tout lèt li yo." Sa a se pat jis yon sajès regilye ke lap di la a; se yon retou sou pwomè Jezi te fè apòt yo ke li ta va voye Lespri Sen an pou dirije yo nan tout verite. Epi nan final, Pyè di ke moun "inyoran ak san konprann" pafwa pral tòde mo Pòl yo pou pwòp final yo menm jan yo fè nan lòt Ekriti yo! Klèman, Pyè tap mete ekriti Pòl yo nan menm nivel otorite ke Ekriti Ansyen Testaman yo. Yo te yon kompliman egzat de sa Jezi te pwomèt ke li tap fè a travè Lespri Sen an.

Chenn otorite sa a eksplike poukisa Kretyen ki te la anvan yo te enfatize tèlman pou trase yon dokiman kanonik sou apòt yo. Se pat sèlman ke nonm sa yo se te temwen okilè; se ke Wa a te otorize yo espesifikman e patikilyèman pou ansenye legliz la rès bagay ke li te vle ansenye.

Kounye a nan chapit 4 nou te konkli ke nou ka genyen gran konfidans ke liv yo nan Nouvo Testaman nou an se liv yo ki genyen jan de otorite sa a. Si ou bezwen tounen al li chapit la ankò, fè sa. Genyen anpil evidans istorik ki moutre ke nou genyen liv kòrèk yo. Men li merite pou sinyale ke, tankou Kretyen, konfidans nou de ke Nouvo Testaman an prezante ak presizyon sa Jezi te vle di pou nou pou genyen pa baze lajman sou evidans istorik; li baze sou travay ke Lespri Sen an fè nan konprann pandan lap

“gide noun an tout verite” (Jan 16:13), ta mete tou gide pwosè kanonizasyon an tou. Se vle di, lè ou rive sou konklizyon ke Jezi te resisite soti nan lamò e avan tou li se Wa inivè, se vrèman yon ti kras pou rive sou konklizyon ke li vrèman kapab asire li ke “tout verite” ke li te pwomèt la te rive ansanm kòrèkteman.

Donk ou genyen li la. Si Jezi te resisite, enben li se Mesi ke yo tap tan lontan an, Kris, Wa, Pitit Bondye, e Pwofèt pa ekselans. E si sa se vre, nou ta dwe fè li ka, ak andosman li a tou sou tout Ansyen Testaman an tankou Pawòl Bondye. Se pa sa sèlman, nou gen tout rezon pou kwè ke li te fè presizeman sa li te pwomèt ke ta pral fè-voye Lespri Sen an pou gide apòt li yo nan tout verite ke li te vle revele yo pou byennèt legliz la-epi tou pou kwè travay Lespri a pandan lap gide legliz la pou rekonèt verite sa a.

An fen, avan tou, repons ke yon Kretyen va bay pou kesyon, “Poukisa ou kwè Bib la?” se, “Paske Wa Jezi resisite a te andose Ansyen Testaman an e li te otorize Nouvo a.” Sa a se pa yon prezonpsyon. Se pa yon panse, fèmen je ou epi fè yo pa de fwa. Se yon konklizyon konsidere ki bati de agiman pridan ke

1. Bib la istorikman konfyab;
2. Jezi te resisite nan lamò; e
3. Ke avan tou, tout Bib la repoze sou otorite Jezi.
Se poutèt sa nou kwè li.
Se poutèt sa nou konfye nan li.

APENDIS

Resous yo pou Eksplorasyon pi avanse yo

Nan liv sa a, Mwen te konfye espesyalman sou de liv Craig Blomberg yo, *Konfyabilite Istorik Levanjil yo ak Èske nou ka kwè nan Bib la toujou? Yon angajman Evanjelik ak Kesyon kontanporè*. Tou de se bon resous pou angaje sijè sa pi fon. Adisyonèlman, si ou ta vle eksplore pi lwen, tèm ki diskite nan liv sa a, mwen rekòmande pou pou ta koumanse ak resous swivan yo:

Tradiksyon Bib

Blomberg, Craig L. *Èske nou ka kwè nan Bib la toujou? Yon angajman Evanjelik ak Kesyon kontanporè*. Grand Rapids, MI: Brazos, 2014.

Fee, Gordon D. and Mark L. Strauss. *Kouman pou chwazi yon*

tradiksyon Bib la pou tout valè li: Yon gid pou konprann ak itilizasyon vèsyon Bib yo. Grand Rapids, MI: Zondervan, 2007.

Wegner, Paul D. *Trajè soti nan tèks pou rive sou tradiksyon yo: Orijin ak devlopman Bib la.* Grand Rapids, MI: Baker Akademik, 1999.

Transmisyon Maniskri Biblik yo

Blomberg, Craig L. *Èske nou ka kwè nan Bib la toujou? Yon angajman Evanjelik ak Keson kontanporè.* Grand Rapids, MI: Brazos, 2014.

Metzger, Bruce M.A. *Kòmantè tekstyèl sou Nouvo Testaman Grèk la.* Dezyèm edisyon Stuttgart: Sosyete Biblik Ini, 2012.

Wallace, Daniel B. *Revizite koripsyon Nouvo Testaman an: Maniskri, Patristik, ak evidans apokrifik.* Grand Rapids, MI: Kregel, 2011.

Wegner, Paul D. *Trajè soti nan tèks pou rive sou tradiksyon yo: Orijin ak devlopman Bib la.* Grand Rapids, MI: Baker Akademik, 1999.

Kanonizasyon

Blomberg, Craig L. *Èske nou ka kwè nan Bib la toujou? Yon angajman Evanjelik ak Keson kontanporè.* Grand Rapids, MI: Brazos, 2014.

Bruce, F. F. *Kanon Ekriti a.* Downers Grove, IL: IVP Akademik, 1988.

Hill, C. E. *Kilès kit e chwazi Levanjil yo? Epwouve gran Konspirasyon Levanjil la. La près Inivèsite Öksföd*, 2010.

Wegner, Paul D. *Trajè soti nan tèks pou rive sou tradiksyon yo: Orientjin ak devlopman Bib la*. Grand Rapids, MI: Baker Akademik, 1999.

Otantisite Otè Biblik yo

Blomberg, Craig L. *Èske nou ka kwè nan Bib la toujou? Yon angajman Evanjelik ak Keson kontanporè*. Grand Rapids, MI: Brazos, 2014.

Otantisite Istorik Levanjil yo. Dezyèm edisyon Downers Grove, IL: Akademik, 2007.

Bruce, F. F. *Dokiman Nouvo Testaman yo: Èske yo otantik?* Sizyèm edisyon Grand Rapids, MI: Eerdmans/Downers Grove, IL: Près Intervarsity, 2003.

Edisyon Hoffmeier, James K., ak Dennis R. Magary. *Èske tèm Istorik enpòtan nan la fwa? Yon Evalyasyon Kritik de apwòch modèn ak pòsmodèn Ekriti a*. Wheaton, IL: Crossway, 2012.

Mirak Jezi yo

Blomberg, Craig L. *Èske nou ka kwè nan Bib la toujou? Yon angajman Evanjelik ak Keson kontanporè*. Grand Rapids, MI: Brazos, 2014.

Keener, Craig S. *Mirak yo: Kredibilite Istwa Nouvo Testaman yo*. Grand Rapids, MI: Akademi Baker, 2011.

Rezireksyon Jezi a

Habermas, Gary R., ak Michael R. Licona. *Ka pou Rezireksyon Jezi a.* Grand Rapids, MI: Kregel, 2004.

Strobe, Lee. *Ka pou Rezireksyon an: Yon Repòtè Premye Syèk la Envestige Istwa la Kwa a.* Grand Rapids, MI: Zondervan, 2009.

Wright, N.T. *Rezireksyon Pitit Gason Bondye a. Vol. 3 Orijin Kretyen y oak Kesyon Bondye a.* Minneapolis: Fortrees, 2003.

Tèm Ansyen Testaman yo

Edisyon Hoffmeier, James K., ak Dennis R. Magary. *Èske tèm Istorik enpòtan nan la fwa? Yon Evalyasyon Kritik de apwòch modèn ak pòsmodèn Ekriti a.* Wheaton, IL: Crossway, 2012.

Longman, Temper, III, ak Raymond B. Dillard. *Yon entwodiksyon nan Ansyen testaman an.* Dezyèm edisyon Grand Rapids, MI: Zondervan, 2006.

Wegner, Paul D. *Trajè soti nan tèks pou rive sou tradiksyon yo: Orijin ak devlopman Bib la.* Grand Rapids, MI: Baker Akademik, 1999.

Enspirasyon ak Entimite

Deyoung, Kevin. *Konprann Bondye nan Pawòl li: Poukisa Bib la Rekonèt, Nesesè, e Sifizan, e kisa Sa Vle Di Pou Ou Ak Mwen.* Wheaton, IL: Crossway, 2014.

Kaiser, Walter C., Jr., Peter H. Davids, F. F. Bruce, ak Manfred T. Brauch. *Bagay difisil yon an Bib la.* Downers Grove, IL: Près Intervarsity, 2010.

Edisyon MacArtur, John. *Ekriti a pa ka kraze: Ekriti Ventyèm Syèk la sou Doktrin ak Entimite.* Wheaton, IL: Crossway, 2015.

Packer, J.I. "Fondamantalism" ak Pawòl Bondye a: Kek Pensi Evanjelik. Gran Rapids, MI: Eerdmans, 1958.

Sproul, R. C. *Èske mwen ka kwè Bib la?* Seri Kesyon Enpòtan yo 2. Lake Mary, FL: Reformation Trust, 2009.

De seri yo

Seri 9Mak liv yo baze sou de lide bazik. Premyeman, legliz lokal la plis enpòtan nan lavi Kretyen yo ke petèt jan anpil Kretyen jodi a reyalize. Nou menm nan 9Mak nou kwè ke yon Kretyen ki an sante se manm yon legliz ki an santé.

Dezyèman, legliz local yo grandi nan lavi ak vitalite selon jan yo òganize lavi yo alantou Pawòl Bondye a. Bondye pale. Legliz yo ta dwe koute e swiv. Li senp. Lè yon legliz koute epi swiv, li vin sanble ak sila a ke lap swiv la. Li reflete lanmou li ak sentete li. Li moutre glwa li. Yon legliz va sanble ak li selon jan li koute li.

Pou menm rezon sa a, lektè a dwe rann kont ke tout "9 mak," ki chwazi nan liv Mak Denver yo, *Nef Mak pou yon Legliz an Sante* (Crossway, twazyèm edisyon, 2013), koumanse ak Bib la:

- predikasyon ekspozitiv;
- teoloji biblik;
- yon konprann biblik de levanjil la;
- yon konprann biblik de konvèsyon ;
- yon konprann biblik de levanelizasyon;
- yon konprann biblik de manm legliz;
- yon konprann biblik de disiplin legliz;
- yon konprann biblik de disip ak kwasans; epi
- yon konprann biblik de lidè legliz.

Yo ka di plis sou sa legliz ta dwe fè pou ka an sante, tankou priye. Men nèf pratik sa yo se sa ke nou kwè ki plis souvan rekonèt jodi a (pa tankou lapriyè). Donk mesaj bazik nou pou legliz yo se, pa gade pratik biznis ki pi bon oubyen dènye estil yo; gade Bondye. Koumanse koute Pawòl Bondye ankò.

Deyò tout pwojè sa yo, seri 9Mak liv yo rive. Volim sa a pretann egzamine nèf mak yo pi pre e nan diferan direksyon. Gen kèk ki pou pastè yo. Gen kèk ki pou manm legliz yo. Espere ke tout va konbine egzaminasyon biblik pridan, refleksyon teolojik, konsiderasyon kiltirèl, aplikasyon kolektiv, e menm yon ti kras egzòtasyon endividyèl. Pi bon liv Kretyen yo toujou teolojik e pratik.

Nou priye pou ke Bondye ka sèvi ak volim sa a ak lòt yo tou pou ede prepare fiyanse li, legliz la ak radyans ak esplandè pou jou ke lap vini an.